BAEKESH QÁLIMBETOV, JÍǴAGÚL USPANOVA,
XÚRLIXAN ABDIJABBAROVA

# OQÍW KITABÍ

3-KLASS USHÍN SABAQLÍQ

Tolıqtırılǵan hám qayta islengen basılımı

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

NÓKIS
«QARAQALPAQSTAN»
2016

UDK: 372.41.(075)
BBK: 83.2 Qar
Q-67

**B. Qálimbetov, J. Uspanova, X. Abdijabbarova «Oqıw kitabı».** 3-klass ushın sabaqlıq. Nókis: «Qaraqalpaqstan» 2016-jıl, 216 bet.

**Respublikalıq maqsetli kitap qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

**Pikir bildiriwshiler:**

**Q. Qudaynazarova** — Nókis qalası, 27-sanlı mektep oqıtıwshısı.

**G. Tájimuratova** — Nókis qalalıq 4-sanlı mekteptiń 1-kategoriyalı baslawısh klass muǵallimi, QRXB aǵlası.

**D. Najimova** — Nókis qalalıq 28-sanlı mekteptiń 1-kategoriyalı baslawısh klass muǵallimi, QRXB aǵlası.

## *Shártli belgiler:*

 Sorawlar

 Tapsırma

 Soraw hám tapsırma

ISBN 978-9943-4624-8-9

© «O'zbekiston» BPDÚ, 2014-j.
© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.
© B. Qálimbetov hám b., 2016-j.

# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

**A. Aripov** sózi
**M. Burxanov** naması

Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to obod ilmu-fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

**Naqıratı:**

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar ona yurt, mangu bo‘l obod!

**Naqıratı:**

Oltin bu vodiylar — jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

«Gimn» sóziniń mánisin muǵallimniń járdeminde túsinip alıń.

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

**I. Yusupov** sózi
**N. Muhammeddinov** naması

Jáyhun jaǵasında ósken bayterek,
Túbi bir shaqası mıń bolar demek,
Sen sonday sayalı, quyashlı yelseń,
Tınıshlıq hám ıǵbal sendegi tilek.

**Naqıratı:**

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde,
Qaraqalpaqstan degen atıńdı,
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

Aydın keleshekke shaqırar zaman,
Mártlik miynet, bilim jetkizer oǵan,
Xalqıń bar azamat, dos hám miyirban,
Erkin jaynap-jasnap, máńgi bol aman!

**Naqıratı:**

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde,
Qaraqalpaqstan degen atıńdı,
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

Gimndi óz betińizshe yadlap alıń.

# 1-SENTYABR — ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ ǴÁREZSIZLIGI KÚNI



1991-jıl 31-avgust... Bul sáne tariyx betlerinde altın háripler menen jazıldı.

Sebebi bul kúni Ózbekstan Respublikasınıń ǵárezsizligi járiyalandı. 1991-jıl 1-sentyabr Ózbekstan Respublikasınıń Ǵárezsizlik alǵan kúni dep belgilendi.

Pútkil xalqımız bul kúndi saltanatlı túrde bayramlaydı.

## ULLÍ HÁM MUQADESSEŃ, ǴÁREZSIZ WATAN!

### Watan táriypi

Giya bolıp kógerip,
Giya bolıp tolaman,
Topıraǵı teberik,
Qaraqalpaqtan bolaman.

Boy kóterdi bir shınar,
Xalqı abat bostannan.
Ata-baba ruwxı yar,
Tashkent Ózbekstanman.

Janım ishinde janım,
Jasaǵay bul el aman.
Ózbekstan Watanım
Qaraqalpaqtan bolaman.

*Xalila Dáwletnazarov*

1. Shayır qosıqta watanǵa qanday táriyip bergen?
2. Bul qosıqtı naması menen kim atqarǵan?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Ózbekstan haqqında qosıq

Ata jurtı — Túrkistanı bar,
Tilde dástan ul-qızları bar,
Ulıǵbektiń juldızları bar,
Ózbekstan — Watanım meniń.

Duwtardaǵı tillá tar qusap,
Kúnshıǵısta kúndey jarqırap,
Nawayıdan nusqa — «Shar kitap»,
Ózbekstan — Watanım meniń.

Bir dáryanıń eki jaǵısı,
Bir arbanıń eki arısı,
Biri — tulpar, biri —qamshı,
Ózbekstan — Watanım meniń.

Táriyiplewge hasla til jetpes,
Dańqı dástan, xalqı miynetkesh,
Ullılıqtan basqa úyretpes,
Ózbekstan — Watanım meniń.

*Tolıbay Qabulov*

1. Ózbekstan haqqında nelerdi bilesiz?
2. Tashkent qanday qala?
3. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Mektebim meniń

Aqıldıń esigi ashılǵan jerim,
Bilimniń bulaǵı shashılǵan jerim,
Baxıt qushaǵına shaqırǵan jerim,
Aqılǵa jol ashqan mektebim meniń.

Bilim jolın álipbeden baslatıp,
Hár jıl sayın túrli kitap uslatıp,
Keleshek ómirge qádem taslatıp,
Bilimge jol ashqan mektebim meniń.

Bilimdi iyelew ómirdiń sáni,
Bilimnen tabılar aqıldıń káni,
Mektepten alınar bulardıń bári,
Ómirdiń sáwlesi mektebim meniń.

Qalıy Jumaniyazov

**1.** Qosıqtı kórkemlep oqıń hám mazmunın sóylep beriń.
**2.** Shayır óz ana mektebin qalay táriyiplegen?
**3.** Óz mektebińiz haqqında aytıp beriń.

# JAYNA, JASNA, ÁZIZ WATANÍM!



## Qaraqalpaqtıń

Azatlıqta qayta tuwılıp jasarǵan,
Qarıwlansa taw bolsa da qoparǵan,
Miynet dese ulı-qızı qaharman,
Qarapayım xalqı qaraqalpaqtıń.

Qızıl-jasıl gúller shoǵı kórgennen,
Qıyabanda álwan gúller terbelgen,

Júregińdi qıtıqlaydı jel menen,
Xosh iyisli bağı qaraqalpaqtıń.

Erkinlikten nár alğan soń hár demi,
Búgingidey aydın tağı erteńi,
Kókireginde kúndey kúlgen ordeni,
Xalqımızdıń baxıtı qaraqalpaqtıń.

*Tolıbay Qabulov*

1. Qosıqtı kórkemlep oqıń.
2. Mazmunın óz sózińiz benen sóylep beriń.
3. Siz qay jerde jasaysız?
4. «Qarapayım xalqı qaraqalpaqtıń» degen qatardıń mánisin muğallimniń járdemi menen túsinip alıń.

## Gúlistan elim

Meniń Watanım,
Bağı-bostanım,
Ana — mákanım,
Áy, Qaraqalpaqstanım!

Kúnnen-kúnge gúllen, Sen,
Bağı-bostanım,
Mağan yosh bağıshla,
Áy, Gúlistanım!

Ilim-bilim menen,
Ósip-órkenle,
Ómirge ne kerek,
Bári bar sende!

*Keńesbay Elmuratov*

1. «Watan» sózin qalay túsinesiz?
2. Watanıńdı sen qalay táriyiplegen bolar ediń?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Watanım, seni jırlayman

Búlbúl túnep baǵlarıńa,
Juldız qonar tawlarıńa,
Júzim jaynap tańlarıńa,
Watanım, seni jırlayman.
Watanım, máńgi jırlayman!

Dáryalarıń shalqıp aǵar,
Shóllerińdi tinter báhár,
Shuǵla shashqan hárbir sáhár,
Watanım, seni jırlayman.
Watanım, máńgi jırlayman!

Shadlıq tolı qushaǵıńda,
Lázzetińe tusadıń ba?

Qanatımsań usharımda,
Watanım, seni jırlayman.
Watanım, máńgi jırlayman!

Alıstaǵı ármanlarım,
Búgin ıǵbal dáwranlarım,
Tartqan baxıt kárwanların,
Watanım, seni jırlayman.
Watanım, máńgi jırlayman!

*Keńesbay Raxmanov*

1. Shayır óz watanın qalay jırlaydı?
2. Qosıqtıń qálegen bir tobın yadlap alıń.

## Watanım

Bawırman dos xalqıń bar,
Dáwirim gúllep barq urar,
Kewlim alǵa talpınar,
Qushaǵıńda Watanım.

Júregimde jalın bar,
Ana sútiń, palıń bar.
Tamǵan kindik qanım bar,
Topıraǵıńda Watanım.

Sóyleytuǵın til berdiń,
Solımaytuǵın gúl berdiń.

Meniń barlıq kúnlerim,
Sende óter Watanım.

Álemge dańqıń jayılǵan,
Ayǵa jumsa qayılman.
Xızmetińe tayınman,
Hámme waqıt Watanım.

*Xalmurat Saparov*

1. Qosıqtı túsinip oqıń.
2. «Watan» sóziniń mánisin túsinip alıń.
3. Shayır óz Watanın qalay súwretleydi?

## Meniń xalqım

Girttay xalıq kókiregi óskin,
Sonsha ójet, sonshama ǵaybar,
Shıǵarıptı sahranıń sestin,
Ullarına qoyıptı aydar.

Qosuwıstay bolsa da xalqım,
Keń álemnen kewli keńirek,
Shıǵarıptı Jayhunnan dańqın,
Miynetinen sıbanıp bilek.

Qonaq ushın tóri, biymillet,
Qálegenshe jatqıl, haqıń bar.

Bolsadağı azğantay millet,
Kókiregi úlken xalqım bar.

*Ótebay Sársenbaev*

1. Qosıqtı yadlap alıń.
2. Shayır óz xalqın qalay súwretlegen?
3. Qaraqalpaq xalqınıń dástúrleri haqqında bilip alıń.

## Sen degende...

Juldızlardıń eń jaqtısın,
Terip-terip alağoyğan,
Adamlardıń eń jaqsısı,
Sol jaqtığa barağoyğan.

Asqar tawday adamlıqtı,
Ağın suwday hadallıqtı,
Ullılıqtı, danalıqtı,
Kókiregine quyağoyğan.

Sen tuwarsań aqıldı da,
Sulıwdı da, batırdı da...
«Xalıq» dep seniń atıńdı da,
Kim qoysa da, dana qoyğan...

Bazda ózim danadayman,
Bazda isim shaladayman,

Seni kórsem óz atama,
Erkelegen baladayman.

Qosıq — teńiz, bolsam balıq,
Is buyırsa, sizdey xalıq,
Ayaǵımdı qolǵa alıp,
Basım menen jumalayman.

*Ibrayım Yusupov*

1. Qosıqtı kórkemlep oqıń.
2. Mazmunın óz sózińiz benen sóylep beriń.
3. Muǵallimniń járdeminde «adamlıq, hadallıq, ullılıq, edenlik» sózleriniń mánisin bilip alıń.
4. Shayır óz xalqı aldındaǵı perzentlik xızmetin qalay súwretleydi?

## Nókisim

Kózlerime taslanasań alıstan,
Tariyxıńa áwel bastan tanıspan,
Hár kún sayın gózzallanıp tolıssań,
Saǵan qarap shadlanaman, Nókisim.

Onıń qıdırıwǵa maydanı tayın,
Qızketkeniń qalaq oynawǵa qayım,
Doslar menen ushırasqanda hárdayım,
Seni aytıp maqtanaman, Nókisim.

Ámiw boyındaǵı gózzal úlkemseń,
Kóz salaman tań azannan túrgelsem,
Ele úlkeyip, oqıw pitkerip kelsem,
Qurılısıńa atlanaman, Nókisim.

*Ábdirazaq Seyitjanov*

1. Qosıqtı tásirli etip oqıp, mazmunın túsinip alıń.
2. Nókis qaysı respublikanıń paytaxtı?
3. Oqıwshı tilinen Nókis qalasın qalay maqtanısh yetedi?
4. Nókis qalası haqqında óz sózińiz benen sóylep beriń.

## GÚZ KELSE TÁBIYAT ALTÍN NUR SHASHAR



## Gúz

O, úlkemniń gúzi! Altın gúz!
Kózdi tartqan gózzallıǵıń bar,
Sende jemis terer xalqımız,
Hár pasıldan abzallıǵıń bar.

Ízıń qaǵıp eser samalıń,
Tal japıraǵın julqılap birden,
Sarı sınlı qızday jamalıń,
Sarı altınǵa tolǵanday irgeń.

Sarı gilem jamılar kókli,
Úlkemizdiń jazıq dalası,
Bir tolqıtıp keter júrekti,
Qaytıp ushqan quslar naması.

*Tájetdiyin Seytjanov*

1. Gúz máwsimine qaysı aylar kiredi?
2. Shayır gúz paslın qalay táriyiplegen?
3. Gúzde tábiyatta qanday ózgerisler bolatuǵının aytıp beriń.
4. Qosıqtı yadlap alıń.

## Shaqmaqlanǵan ǵarbızlar
*(gúrriń)*

Dem alıs kúni bolǵanlıqtan turıwǵa erinip shala uyqılap jatırsam birew túrtedi:

— Túrgel, Polatjan.

— Í — ı — ı, — dep ıńırsıp bılay awdarılıp jattım. Odeyalımdı basıma búrkep aldım. — Oqıw emes, búgin. Endi dem alısta da tınısh uyqılatpayjaq.

— Polatjan, atańnıń awılına barsań tura ǵoy. Men házir shay iship bolıp ketemen, — degen aǵamnıń sózin esitiwden uyqım shayday ashılıp ketti. Sebebi kópten beri Sársenbay joramdı kórmegen edim. Ol awılda turadı. Aǵamnıń inisiniń balası. Atamnıń atızındaǵı piseyin dep turǵan qawın, ǵarbızlardı aralap qálegenimdi úzip alıp jep, rás-s bir toyǵım kelgen edi. Írasında da, qıp-qızıl ǵarbızlardı aytsesh! Pisip ketkenin bilip júrmen, paydası ne? Kúnde órli-ǵurlı jep tawısıp taslamasań, tura berse ishi túsip ketedi. Ilaj qansha, biziń tek usınday dem alıs kúni qolımız tiymese, basqa waqıtları oqıw menen bántpiz.

Ishi túsip ketpegen bolǵay-dá dep uwayımlap júrip bet-qollarımdı shala-sharpı juwdım da shayǵa otırmastan aldın kishkene tilli shaqqım menen ana birde biziń «urlıqqa» qatnasqan, sabınıń qaptalında jolbarıstıń ba, arıslannıń ba súwreti bar atamnıń shaqqısın da qaltama salıp aldım. Onı taslap kete berer edim, ózimniń kishkene shaqqım úlken, qalıń qabıqlı ǵarbızlardı kesiwge jarasa. Shınında da atamdikindey uzın shaqqı bolmasa úp-úlken, qattı ǵarbızdı kesiw ańsat emes. Kórgenbiz.

Atam, aǵam, ájaǵam izimizde kiyatır. Al bizler, Sársenbay ekewmiz, aldılarına túsip, qawın atızǵa qaray shapqılasıp kettik. Meniń ózim map-mazalı, júzi qant, shiyrin qawınnan góre, shala pisse de ǵarbızdı jaqsı kóretuǵın ádetim. Pay-pay, qıp-qızıl, óz-ózinen awzıńa tiyse úgitilip kete beretuǵının aytpaysań ba? Ol da óz aldına qızıq náshe-aw. Bilseńler, eń mazalısı pıshaq penen qırǵanda shıǵatuǵın qızıl suwı ǵoy. Ol suwdıń qasında qalanıń limonadı, gazlı suwı mına jerde qaladı. Ishken sayın ishsem deyseń.

Men ǵarbız qarıqlardıń ishine túsip alıp aralay basladım. Páleklerdiń arasın qolım menen tintip kórip atırman. Bári «kip-kishkene», ...

Men ne qılarımdı bilmey qarıqtıń shetine otıra kettim. Janıma atamlar menen qawın aralap júrgen Sársenbay juwırıp keldi. Qolında sırtı órmekshiniń torınday ala gúrbegi bar.

— Jora, nege almadıń? Jemey, kórip-aq toydıń ba? Kel, ǵarbız jemeseń, mınanı jeyik. Atam berip jiberdi, — Polat penen je, — dep.

Bul sózine ashıwım kelip, jinim tırısıp ketti. Óytkeni ózleri bizlerdiń keletuǵınımızdı bilip, úlken-úlken ǵarbızlardı úzip alıp, jasırıp taslaǵan...

Nesin alasań, bári iyt túynektey. Onnan ne suw shıǵıp jarıydı.

— Awa, toydım! Raxmet! — Joramnan júdá kewlim qalıp, bultıyıp otırman...

Usı gezde janımızǵa atamlar keldi.

— Haw, Polat, ne qılıp otırsań? Túrgel, ızǵar jerde otırma... Sársen, jorańa ǵarbız alıp bermediń be? Piskenin bilmey atırǵan shıǵar.

1. Oqıp mazmunın túsinip alıń.
2. Polat aǵası menen qayda barajaq edi?
3. Polattıń tiykarǵı maqseti ne?
4. Ol atasınıń shaqqısın ne ushın alıp júrdi?
5. Páleklerdiń arasınan nelerdi izledi?
6. Bala nege ókpeledi?

* * *

Atam ózi aralap ǵarbızdı qulaǵına ákelip, eki qolınıń alaqanı menen qısıp piskenlerin úzip aldı da, bizlerdi úy betke basladı. Usı waqıtta meniń oyıma bir pikir sap ete qaldı. Múmkin, atam jasırıp qoyǵan ǵarbızlarınan úyge barǵanda berer. Bále kórinip pe, tuw qaladan kelgen aqlıǵına bermey. Bermese sorarman, ya ıras turıp jońıshqa gúdilerin shashaman. Usı qıyal meniń ashıwımdı tarqatayın dedi. Bir jaǵınan ózimniń ashıwlanǵanıma uyalaman da...

— Ǵarbızlar bıyıl mayda ǵoy, aǵa. Ya jer arıqlaǵannan ba eken? — dedi aǵam qawın kesiwge ıńǵaylasıp atırıp atama.

Men quwanıp kettim. Aǵam da ǵarbızlardıń jasırılǵanlıǵın sezgendey boldı maǵan.

— Jerde kemis joq, qunarlı ǵoy. Bári ózimizden boldı. Birewler, kishkene balalar bolsa kerek, eki-úsh hápte burın ılǵıy irilerin saylap, shaqmaq urıp ketipti. Shaması ǵarbızdıń piskenin almaqshı bolǵan. Onı jaqında bildik. Sársen «ata, ǵarbızlar shirip baratır» dep ayttı. Sonnan bárin jıynap, zaya bolmasın dep sıyır, atlarǵa berdik. Sonsha miynetimdi aytsesh, zaya ketti.

Meniń qolımdaǵı tiligim jerge túsip ketti. Awzımdaǵı map-mazalı ǵarbızım tasqa aylanǵanday, tamaǵımda tirelip qaldı. Ózimniń qılmısımdı bilip ókirip jılap jiberdim. Awzımdaǵı ǵarbız shashırap ketti.

Men jılawdıń ornına hámmeden keshirim sorawım kerek edi. Negedur tilim aylanbadı. Kópke shekem júzlerine tik qaray almadım. Olardıń «nege jılaysańları da» juwapsız qaldı. Állen waqıtta esimdi jıynap, qaltamdaǵı atamnıń shaqqısın jerge qoydım da:

— Ata, ata, men...n ayıp isledim. Keshirińler, — oǵan boyımdı atıp, óksip, zorǵa sóylep atırman. Sol jatqanımda ekinshi ret bunday jaman ádetti islemewge ishimnen ant ettim.

?

1. Polat ashıw menen ne islemekshi edi?
2. Polat nege quwandı?

3. Atası nege qıynaldı?
4. Polattı kim jılattı?
5. Ol ne ushın shaqqını jerge qoydı?

* * *

Waqıya bılay bolǵan edi: Avgust ayınıń sońǵı kúnleri edi. Dem alıs ta pitip shamalastı. Sóytip erteń ketemen degen kúni atamnıń jasırıp qoyǵan shaqqısın alıp, shańqay túste atızǵa bardım. Kún shıjǵırıp tur. Íssını pisent etetuǵın men be? Ǵarbızǵa bir toyıp alsam boldı. Niyetim — shala qızarǵan bolsa da jey jaqpan. Usınnan ketip qalsam, ǵarbız tez arada awzıma tiymeydi.

Atızǵa bardım. Úlken — usı pisken-aw degenin úzip alıp, jerge urıp jemekshi boldım da jáne shopaqların atam kórse urısar dep oyladım. Eger pispegen bolıp shıqsa ne qılaman? Sóytip kishkene shaqmaq urıp teksermekshi boldım. Birewi úp-úlken bolǵanı menen ishi appaq eken. Ekinshisin kóreyin, bálkim pisken shıǵar... Úshinshisi de aman qalmay betine tırtıq tústi. «Múmkin emes» — dep oyladım, mańlayımnıń terin sıpırıp, — usınsha ǵarbızlardıń ishinen birewi pispegen bolıwı. «Taǵı... taǵı... taǵı...» Endigisi pisken shıǵar-aw, degen úmitlerim pushqa shıǵa berdi. Qunıǵıp ketkenligim

sonshelli, keyin bul isim ushın atam urısadı degen oy yadıma kirip te shıqpadı.

Bir waqta «wah» dep gárbızdı uslap turǵan qolımnıń bas barmaǵın uslaǵanımdı bilmey qaldım. Qan ketti aǵıp, barmaǵım uwday ashıp baratır. «Is pitti». Atańnıń aqılın almap ediń. Ǵarbızdı jey ǵoy endi, Polat, — dedim ózime.

Tez shaqqını alıp úyge kelsem, atamlar sıpada shay isheyin dep atır eken.

— Kel, Polat balam, shay ish. Usı tal túste qayda ketip ediń?

— Hesh, ıssılap ayaǵımdı suwǵa salıp otırdım, — dedim ótirik sóylep.

Usı waqıtta atamnıń Sársenbaydan pıshaǵın sorap atırǵanın esittim.

— Sársen, biziń shaqqını kórmediń be? Qoyǵan jerimde joq ǵoy.

«Is tamam». Endi pıshaqtı ornına aparıp qoyıwǵa bolmaydı. Óytsem mennen qáwipsinedi.

*Allanazar Ábdiev*

1. Ǵarbızlardı kim shaqmaqlaǵan?
2. Polat nege atasınıń shaqqısın ornına qoymadı?
3. Úzindini oqıp mazmunın aytıp beriń.
4. Gúrriń boyınsha bir-birińizge sorawlar beriń.

## Paxta

Aq mamıǵı aq quw qustay dizilgen,
Kúnge qarap sulıwlarday súzilgen,
Qanday kórkem ǵumshasınday aq paxta,
Kózge ısıq, júrekke yosh engizgen.

Bezep turǵan sawlatı keń qalanı,
Túrlendirer, gúllendirer dalanı,
Jerdiń kórki, Watan dańqı aq altın,
Bulttan asqan biyik tawday qırmanı.

Maqtanıshım, quwanıshım sen paxta,
Atızlarǵa altın nurın shasha ber,
Jerdiń kórki, meniń dańqım aq paxta,
Hasılıńnan biyik qırman sala ber.

*Ámet Shamuratov*

1. Paxta qashan terip alınadı?
2. Onnan neler islenetuǵını haqqında muǵaliminizden sorap bilip alıń.
3. Elimizde qanday eginler kóbirek egiledi?
4. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Tuqımlar

— Anaw da dánli tuqım,
Mınaw da dánli tuqım.

Qaysısı biyday,
Qaysısı salı tuqım?

— Biyday bóteke formalı,
Tiliklenip sızılǵan.
Salı sáwle shuǵlalı,
Gúl quyrıǵı sozılǵan.

Watandaǵı zor daqıl,
Ekewi de awqat, nan,
Aq shóreklep shaylasıp,
Sarı palaw jep awqatlan.

*Ubayxan Sadıqov*

1. Qanday dánli daqıllardıń túrlerin bilesiz?
2. Biyday menen salını qalay bir-birinen ajıratıwǵa boladı?
3. Qosıqtı túsinip hám kórkemlep oqıń.

## Nan shiyrin, nan mazalı

Ómirdiń gilti, ózegi,
Nan shiyrin, nan mazalı,
Nan bolsa kewil ósedi,
Jadırap keshi, azanı.

Hár iste piter nan menen,
Bolsań da qansha aybatlı,

Sol ushın hám tań menen,
Jumsaysań nan dep ǵayrattı.

Nan mazalı bárinen,
Jeseń jasnap keteseń,
Turmıs gózzal bári keń,
Nan dep miynet eteseń.

Sol ushın sen hárqashan,
Qádirle nannıń usaǵın,
Insandaǵı bir nıshan,
Keń bolsın dosqa qushaǵıń!

*Bazarbay Qazaqbaev*

1. Nan neden islenedi?
2. Qansha waqıtqa shekem adam nansız jasay aladı?
3. «Nannıń usaǵı da nan» degende neni túsinesiz?
4. Qosıqtın aqırǵı eki tobın yadlap alıń.

## 1-OKTYABR — USTAZLAR KÚNI



### Ustazıma

Birinshi ret qolǵa qálem alǵanda,
Jas júregim quwanıshqa tolǵanda,
Mektebime tuńǵısh qádem qoyǵanda,
Bilim gúzarına basladıńız siz.

Ata-anaday mehrińizdi berdińiz,
Erteńgi kún jer nanıńız dedińiz,
Bilim bulaǵınıń káni ózińiz,
Keleshekti bizge nusqadıńız siz.

Qanat qomlap siz ushırar uyamız,
Ustazlarǵa minnetdarmız mudam biz,
Baxtımızǵa tilekles bop turasız,
Nur shashqan shuǵlalı aspanımız siz!

*Gúlistan Pirnazarova*

1. Qosıqta ustaz qalay táriyiplenedi?
2. Siz ustazıńızdı qalay táriyipleysiz?
3. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Naqıl

Bir hárip úyretken ustazǵa qırq jıl sálem.

## Bilimniń saǵa bulaǵı

Ashqan kewil sarayın,
Mektebim bilim bulaǵı,
Jas áwladtıń janadı,
Onda ómir shıraǵı.

Mektepte oqıǵanlardıń —
Ómiri — báhár, kewli — jaz,
Muǵallim bárhá balaǵa,
Tárbiyashı hám ustaz.

Bilimniń ashqan saǵasın,
Eń qádirli ullı adam,
Kim? degende irkilmey,
Muǵallim deymen, men mudam.

Óytkeni onıń mehrinen,
Suwsınlandı júregim,
Tálim alıp ustazdıń,
Tuǵırında túledim.

*Xojabek Seytov*

1. Eń qádirli, ullı adam kim?
2. Sizlerdiń arańızda sabaqtan úlgermewshiler bar ma?
3. Olarǵa muǵallimińiz qanday járdem kórsetip atır?
4. Óz ustazıńızdı táriyipleń.

## Gúzdiń káramatı

Bizler Quwat ekewimiz awıl baqshasında jumıs isledik, qawın-ǵarbız úzip jıynaymız. Mashinaǵa kartoshka, ayǵabaǵar, júweri, qawın, ǵarbız, asqabaq tiyesemiz. Geyde bizge baqshanıń qarawılı Bekan ata da járdemlesedi.

Sárshembi kúni edi. Bekan ata Quwat penen maǵan:

— Búgin miymanlar keletuǵın edi. Men awqat pisireyin, sizler de solar menen jersiz, — dedi.

Biraz waqıttan keyin Bekan atanıń qara úyine kirdik. Juwınıp atırǵanımızda úyge eki bala kirip keldi. Olar Bekan atanıń aqlıqları Polat, Timur eken. Ǵarrı balalardıń sálemin aldı da jıllı júz benen:

— Bárekellá! Kelgenleriń jaqsı boldı! — yekewiniń de betinen súydi. Balalardıń kishiregi Timur atasın qawsıra qushaqlap:

— Ata, bizler saǵan kómeklesiwge hám gúzdiń káramatın kóriwge keldik, — dedi.

— Durıs aytasań! Úyde qurı júrgennen ne shıǵadı. Dem alıs kúni kelip turǵanıńız jaqsı. Bizge járdemlesiń, qawın-ǵarbız jep, gúzdiń káramatın kóriń, — dedi ǵarrı.

Bekan ata dásturxan jayıp Polatqa qawın jarǵızdı. Men bolsam qorabaǵa pisken kartoshka, duzlanǵan qıyar menen pomidordı olardıń aldına qoydım. Aqlıqları da atasına máyek, tandırǵa japqan nan alıp kelgen eken. Jaqsılap awqatlandıq.

Men balalarǵa qosıq aytıp beriń, — dep ótinish etken edim. Polat maǵan burıldı da:

— Maqset aǵa, atam bizlerge gúzdiń káramatın kórsetpekshi edi, sonı kórgim kelip otır, — dedi.

— Boladı kórseteyin! — dep Bekan ata úlken bir aǵash qutını balalardıń qasına ákelip qoydı. Onıń ishinen kóp zatlardı shıǵardı. Olar: shiyshe, sarqum sıyaqlı ıdıslarǵa usaǵan asqabaqlar. Uzayıp

ketken yamasa bujırlasıp ketken qıyarlar, bir-birine jabısıp qalǵan egiz pomidorlar, torları gónerip uwıljıp piskeni bilinip turǵan qawınlar menen ǵarbızlar. Bekan ata olardıń barlıǵın da kórsetti. Hárqaysısınan jegizip, olardıń kórinisi nege usaytuǵının aytıp berdi. Oǵan balalar ǵana emes, Quwat ekewimiz de tańlandıq. Tańlanǵanımızdı sezgen Bekan ata:

— Bunday káramatlardı gúzde, barlıq daqıl jetilisip ábden piskende ǵana kóriwge boladı, — dedi. Ol áńgimesin dawam etti:

— Gúz degen birinshiden, baylıq, molshılıq, qap-qap dán, kartoshka, júweri, ayǵabaǵar, qawın, ǵarbız, alma, júzim... Bulardıń bári de gúzde jetilisedi. Mine qarań, dala da, egin de, toǵay da bári sarǵısh túske engen. Sonıń ushın xalıq gúzdi «Altın gúz» deydi. Ekinshiden gúz — gósh penen may, mal da, qus ta gúzge shekem semirip boladı. Úshinshiden, gúz — qaynaǵan jumıs gezi. Qılıshın súyrep kiyatırǵan qısqa tayarlanıw waqtı. Gúzdiń bir kúni qıstıń bir ayın asıraydı. Gúzde ayanbay miynet etseń, qısta qısıwmet kórmeyseń.

Qısqa adamlar ǵana emes, al quslar da, haywanlar da tayarlıq kóredi. Quslardıń kópshiligi jıllı jaqlarǵa qaytıp, qıstan aman shıǵıwdıń jolın izleydi.

Gúzde kún qısqarıp, tún uzayadı, jawınshashın kóbeyedi. Sonıń ushın gúzdiń usınday ashıq kúninen tolıq paydalanıp zúráátti jıynap alıw kerek.

Balalar atasınıń qızıqlı áńgimesi ushın oǵan kóp raxmet ayttı. Sol kúni tústen keyin, erteńine bolsa túske deyin qawın-ǵarbız úzip, bizlerge járdemlesti.

*«Jetkinshek» gazetasınan*

1. Gúrrińniń «Gúzdiń káramatı» dep atalıwınıń sebebi ne?
2. Gúzdiń káramatların ózlerińiz kórdińiz be?
3. Bekan ata neler tuwralı aytıp berdi?.
4. Gúz tuwralı kórgen-bilgenińizdi aytıń.

## Meniń ákem diyxan edi

Ákem meniń diyxan edi,
Atız betten qaytar edi,
Bir nárseni pitiriwge,
Jaqsı niyet baslar edi,

Isleri kóp islep ketken,
Anaw baǵı egip ketken,
Atızı tur gúl kógerip,
Ómir boyı miynet etken.

Istiń kózin biler edi,
Isleyik dep keler edi,
Polat belin qolǵa alıp,
Jer awdarıp júrer edi.

Ómir boyı diyxan boldı,
Miynetinen qabı toldı,
Tábiyattı nurǵa bólep,
Gúl kógergen baǵı boldı.

Miynetinen kámal taptı,
Atız ishin gúl jaynattı,
Duyım jurttı tań qaldırıp,
Diyxan degen attı aldı.

*Qalıy Jumaniyazov*

1. Qosıqta diyxannıń miyneti qalay súwretlengen?
2. «Miynet túbi ráhát» degen naqıldı qalay túsinesiz?
3. Sizlerdiń úy átirapıńızǵa neler egilgen?
4. Qosıqtıń úsh tobın yadlap alıń.

## Naqıl

Miynettiń kózin tapqan,
Baxıttıń ózin tabadı.

# BALALÍĞÍM — PATSHALÍĞÍM

## Baxıtlı balalıq



Erkin azat zamannıń,
Bizler ul hám qızları,
Jańa dáwir adamı,
Jaqtılı juldızları.

Biz baxıtlı balalar,
Oynaymız hám jaynaymız,
Shámenzar gúl bağında,
Búlbúl bolıp sayraymız.

Shığısta dańqlı bostan,
Shad Qaraqalpaqstan,
Qızılqum shólin áylep,
Qushağı keń gúlistan.

Suwı, qır hám dalası,
Zeyinińdi ashadı,
Ana jerdiń baylığı,
Kúshińe kúsh qosadı.

Qup ashılğan báhármiz,
Ana jurt qushağında,
Biz bárhá minnetdarmız,
Sayraymız gúl bağında.

*Nurman Muwsaev*

1. Qosıqta ne haqqında aytıladı?
2. Qosıqtı oqıǵanıńızda neler kóz aldıńızǵa keldi?
3. Qosıqtı naması menen yadlap alıń.

## Namıs

Úy-ishi keshki shayǵa otırıp, jańa iship bola bergende atası besinshi klasta oqıytuǵın Batırǵa:

— Batır-aw umıtıp ketippen ǵoy, qoradaǵı qozılardı bólek qamap, jem salınǵan ıdıstı úyge ala kel? — dedi. Atasınıń bul sózi Batırǵa onsha jaqsı tiymedi. Onıń júzleri qızarıp tómen qaradı.

— Qoyshı ata, erteń azanda-aq ákelemen dá, — dedi.

— Haw, balam, túni menen jemdi jewge qolaylastırıp bórttirip qoyamız. Azanda aldılarına erte qoyıw kerek. Sen de azanda shay isheseń ǵoy. Mal da adamday boladı. Bar da alıp qayt, — dedi. Batırdıń taǵı da barǵısı kelmey tómen qarap:

— Qoranıń ishi qarańǵı, qorqaman, — dedi. Sebebi dalanı qoyıw qarańǵılıq tolıq qaplap ketken edi.

— Qorqaman! Batır birden gúńk etti, Atası iship atırǵan shayın dasturxanǵa qoya berip balası Batırǵa tiklenip qaradı.

— Qorqamanı nesi, kúndegi kórip júrgen qorań emes pe? Ya ishinde bóri bar ma?

Usı payıttan paydalanıp ekinshi klasta oqıytuǵın aqlıq balası Jumabay tap klasta otırǵanday oń qolın kóterip:

— Men barıp qaytaman, ata, — dep juwap soradı.

— Qorqpaysań ba? — dep atası bir zaman balasına sın kóz benen sınap qaradı.

— Neden qorqaman, ózimizdiń qoy qora ǵoy, — dedi Jumabay julıp alǵanday shaqqanlıq penen. «Bara ǵoy» degendey, Jumabayǵa atası basın iyzedi.

— Áyyy... balam-ay, men seni batır bala — dep júrsem sen meniń isenimimdi aqlamadıń, — dep basın shayqap balasına irenjidi.

Esik ashılıp sırttan Jumabay kirip keldi. Qolında jem ıdıs.

— Barıp keldim, ata.

— Aynalayın kele ǵoy, shayıńdı ish. Balasın qushaqlap súydi. Meniń usı balam naǵız batır ma deymen?! — dedi atası más bolıp selkildep kúlip. Oǵan maqtanǵanday Jumabay da mardıyıp otırdı. Hámmesine kóz astınan qarap otırǵan Batır shıday almay júzleri burıshtay qızardı. Múmkin ishinen qorqqanlıǵına namıslanıp otırǵan shıǵar. Kim biledi?

*Árepbay Xalmuratov*

1. Batır nege atasınıń jumsaǵan jerine barmadı?
2. Batırǵa qaraǵanda Jumabaydıń qanday ózgesheligi bar?
3. Batırdıń nege namısı keliwi múmkin?

Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## Qıńırlıq

Qıńırlıq etti balası,
Úziwge kók qawındı,
Ayttı oǵan aǵası,
— «Qoyshı jónsiz dawıńdı».

Qılmadı ol biraq ta,
Áperdi úzip jambılsha,
— Jılama, ulım, má usla,
Tawısıp je toyǵansha.

Balası jey almadı,
Jambılshanı pispegen,
Bul saparı ol uyaldı,
Dep aytıwǵa «ashshı eken».

*K. Aymanov*

1. Qosıqtı túsinip oqıń.
2. Balanıń qıńırlıǵı durıs pa edi?

3. Úkelerińde usınday qıńırlıq boldı ma? Sol tuwralı aytıp beriń.

## Qulp nege buzıldı?

Ótebay úyinde jalǵız ózi qaldı. Ata-anası aǵayinleriniń úyine qıdırıp ketken edi.

— Balam, má, úydiń giltine bekkem bol. Jáne joytıp qoyıp, úyge kire almay turmayıq. Bizler keshke shekem aylanıp kelemiz. Ana, buzawlarıń menen ılaqlarıńa ot ákelip sal. Oqıwıńnan da qalma, — dedi oǵan anası keterinde.

— Yaqshı, apa, qáterjam bola beriń. Bárin de isleymen, — dedi Ótebay.

Túski waqıt. Ótebay úyiniń aldındaǵı úlken bir túp gújimniń sayasına tósek saldı da, uyqıǵa jattı. Qasına kishkene «Murka» atlı pıshıǵın da alıp jattı. Dáslep pıshıǵı menen oynap, onıń moynına qolındaǵı jip taǵılǵan giltin ildirip qoydı. Soń tım-tırıs pırıldap uyqıǵa ketti.

Birazdan soń iyttiń úrgen sestinen setem alǵan pıshıq birden úrkip tura qashtı. Onı kórgen iyt te izinen quwa jóneldi. Pıshıq juwırısı menen barıp aq terektiń usha basına órmelep ketti. Jerde onı iyt túsirer emes. Bul shawqımnan oyanǵan Ótebay iyttiń qasına juwırıp kelse, iyti terektiń usha basına qarap úrip turǵan eken. Qarasa, terektiń basında pıshıǵı,

moynında úydiń gilti. Endi ne islew kerek? Áriberi terekke tırmasıp kórip edi. Órmeley almadı. Iyti de qırsıqlanıp terektiń túbinde jatıp aldı.

Keshte ata-anası da qaytıp keldi.

— Haw, balam, buzawlarıńa ot salmapsań-ǵoy. Oqıwıńa da barmaǵan qusaysań. Úydiń gilti qayda, ákel berman, — dedi apası.

— Apa... Gilt... Gilt anaw pıshıqtıń moynında, — dedi, ol terektiń usha basın kórsetip.

Sol otırıstan pıshıq ta túse qoymadı. Iyt te terektiń túbinen ketpey, onı ańlıp jatıp aldı.

— Qáne, juwır, Ótebay, záńgi menen bir úlken sırıq ákel. Basqa ilajı joq. Bul turıstan tań atqansha tura beretuǵın túrimiz bar, — dedi ákesi oǵan.

Sırıqtı sozǵan sayın pıshıq ta joqarılay berdi. Qáne endi túsire alsa?

Qullası, sol kúni Ótebaydıń kesirinen jaydıń qulpı buzıldı. Óytkeni, basqa ilajı da joq edi...

*Yaqıpbay Ájimov*

1. Ótebayǵa apası qanday tapsırma berdi?
2. Úydiń qulpı ne sebepten buzıldı?
3. Ótebayǵa uqsas balalardı tanıysız ba?
4. Siz Ótebaydıń ornında bolǵanıńızda ne islegen bolar edińiz?
5. Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## Qus balası «Q»

Toplanıstı kóp bala,
Sawalǵa juwap tappaǵa.
Ortaǵa shıqtı Doshımbay,
Uyalmay hám qısınbay.
— Házir jumbaq aytaman,
Sheshseńiz dárhal qaytaman.
Qaysı bala sheshpese,
Arqalaydı dedi ol, —
Sheshilmese bul oyın,
Tarqamaydı dedi ol,
Tezirek ayt — dedi Marat,
Tezirek ayt — dedi Polat,
Qus balası «Q» dedi.
— «Qoyan» dedi Mádiyar.
Qus balası «J» dedi,
«Jılan» — dedi Mádiyar.
Aytpaǵan soń durıstı,
Balalar duw kúlisti,
Mádiyar burıshtay qızardı,
Ashıwlandı bozardı.
Hár balaǵa táp berdi,
Kúliskenin jek kórdi.
«Arqalaysań» — dedi Marat.
«Arqalaysań» — dedi Polat.

«Yaq men arqalamayman!»
Dep ol saldı shatqayaq.
— Sen oyınnıń shártin buzdıń,
Ashıwlanıp nege qızdıń?
Minezi bar usınday, —
Dedi oǵan Doshımbay.
«Q» degeniń qarshıǵa,
«J» degeniń jılqıshı,
Qarshıǵanı qoyan deseń,
Kimniń kelmes kúlkisi,
Esi dártiń — tamaǵıń,
Ashılmaydı qabaǵıń.

*Tólepbergen Mátmuratov*

1. Jumbaq oyını balalar arasında qalay pitti?
2. Qosıqtı tásirli etip oqıń. Mazmunın túsinip alıń.

## Hújdan

*(gúrriń)*

Polat berilgen úy jumısın tayarlamaǵan soń mektepke barmawǵa qarar etti.

Qalada kitap kóterip júrgeninde tosattan tanıslarına duslasıp qalıwdan qorqıp, ol áste-aqırın qalıń tereklikke qaray burıldı. Soń jermen dep alıp shıqqan awqatlıq zatları salınǵan shekiyneni hám

kitapların putanıń arasına jasırdı. Arman-berman ushıp júrgen sulıw gúbeleklerdi kóre sala, olardıń izinen juwırdı. Tosattan ol bir kishkene bala menen dúgisip qaldı. Balanıń kózleri jawdırap oǵan tigilip qaldı. Ishine dápter salınǵan «Álipbe» ni qoltıǵına qattı qısıp alǵan.

Polat óziniń jaramas ádetin sezdirmew ushın ol bala menen házillespekshi boldı.

— Áy, jalqaw, qansha sabaq qaldırdıń, bileseń be? — dedi ol dawıslap. — Mushtay bola turıp, ata-anańdı, mektebińdi aldawǵa uyalmaysań ba?

— Olay emes, — dedi bala tańlanıp — men sabaqqa asıǵıp ketip baratırǵan edim. Usı waqıtta toǵaydan bir iyt shıǵa keldi. Meni kórip úre basladı. Qorıqqanımnan qashtım. Bir waqıtları qarasam adasıp ketippen.

Polattıń qabaǵı úyildi. Biraq, bala sonday ábiger, adamnıń rehimi keletuǵın dárejede qapa edi, onı qalayınsha qolınan uslap kóshege jeteklep ketkenin Polattıń ózi de bilmey qaldı.

Polattıń kitapları hám shekiynedegi awqatlıq zatları putalardıń arasında qaldı. Sebebi balanıń kózinshe olardı alıwǵa uyaldı. Usı waqıtları putalardıń arasınan bir iyt shıǵa keldi de, Polattıń shekiynesine bas saldı. Biraq kitaplarına tiymedi. Polat balanı shıǵarıp salıp qaytıp keldi hám birden

jılap jiberdi. Joq! Onıń awqatlarına hesh janı ashımadı.

Onı tek húјdan azabı qattı qıynar edi... .

*«Jetkinshek» gazetasınan*

1. Polat ne ushın mektepke barmay qaldı?
2. Polat tosattan kimdi kórdi?
3. Polat nege ókindi?
4. «Durıslıq» degen temada kishkene gúrriń jazıń.

## Ádepsiz bolǵım kelmeydi

Aytqanda tildi almaǵan,
Ya gápke qulaq salmaǵan,
Jumsaǵan jerge barmaǵan,
Gejir bolǵım kelmeydi.

Júrmeymen buǵıp tasadan,
Mártlikke qushaq ashaman,
«Bolsın, dep mázi bas aman»,
Ótirik aytqım kelmeydi.

Jónsiz dawıl kibi esip,
Ya aytalmay gápti kesip,
Ruqsatsız ashıp esik,
Ádepsiz bolǵım kelmeydi.

Orpańdı tawıp oynaǵan,
Ádeti jaqsı bolmaǵan,

Jawın jawmay jawrağan,
Salaq bolğım kelmeydi.

*Xalmurat Saparov*

1. Qanday háreket islegende balalar ádepli boladı?
2. Óziń qanday bala bolğıń keledi?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Umıtshaq

Dosları Taxirdı «umıtshaq» dep ataydı. Bunıń sebebi, onnan bir nárseni sorasań dárriw «umıtıp qalıppan», «yadımda joq, umıtıp kettim» dep juwap beredi de qutıladı. Shınında Taxir heshnárseni umıtpaydı. Bul óziniń oylap tapqan sumlığı.

Birinshi sabaq tariyx sabağı edi. Muğallim klasqa kirip, klass tazalığın kózden ótkere basladı.

— Klass taza emes ğoy. Búgin kim náwbetshi edi? — dedi muğallim oqıwshılarğa qarap.

Heshkim «men» dep ornınan tura qoymadı. Klass sárdarı ornınan turıp:

— Bayramov Taxir, — dedi de ornına otırdı.

Taxir súmireyip túrgeldi. Muğallim onıń qasına barıp:

— Sen náwbetshi ekenligińdi bilmeyseń be? — dedi oğan.

— Umıtıp qalıppan, — dep mıńǵırlap juwap berdi Taxir.

Bunnan soń muǵallim Taxirge oqıwshılar qádesin, náwbetshiniń wazıypasın túsindirip bolıp sabaq basladı.

Muǵallim bir-yeki oqıwshıdan sorap bolıp, Taxirdı taxtaǵa shıǵardı. Ol taxtaǵa shıǵıp úndemey tura berdi.

— Oqıdıń ba?

— Awa.

— Onda nege aytpay tursań?

— Umıtıp qalıppan.

— Haw, oqıǵan temasın adam umıta ma eken? Qoy oqımaǵan shıǵarsań, solay ma? Muǵallim hayran bolǵan pishinde oǵan qaradı.

— Awa. Taxir tómen qaradı.

— Nege oqımadıń?

Taxir jılap jiberetuǵınday bolıp, úndemey tura berdi. Onıń bul túrin kórgen muǵallim:

— Úyińde jumıs kóp boldı ma? Barıp kómeklesermiz. Ayt, qanday jumıs? — dedi miyrimli dawısı menen.

— Umıtıp qalıppan? Yadımda joq.

Hámme duw kúlip jiberdi.

— Yaqshı, — dedi muǵallim oǵan sın kózlerin qadap. Endigi sabaqta saǵan «bes» qoyaman. Ornıńa otır.

Taxir quwanıshlı túrde ornına otırdı.

— Erteńine tariyx sabaǵı waqtında muǵallim birinshi bolıp, Taxirdı taxtaǵa shıǵardı. Bul ret te ol «oqıǵanımdı umıtıp qaldım» degen juwap penen qutıldı.

— Kúndeligińdi alıp kel.

Kúndeligine muǵallimniń úlken etip «eki» qoyıp atırǵanın kórgen Taxir shıdamay:

— Haw, muǵallim, keshe «bes» qoyaman dep edińiz ǵoy? — dedi kúndeliktegi úlken «eki»ge qarap turıp.

— Umıtıp kettim, yadımda joq, — dedi muǵallim oǵan ótkir kózlerin qadap. Buǵan túsingen oqıwshılar bári shaqalaqlap kúlisti.

Óziniń ústinen kúlip atırǵanın sezgen Taxir ishinen endi heshkimdi aldamawǵa, ótirik umıtshaqlıq ádetin joyıwǵa ant etti.

*Altıngúl Óteniyazova*

1. Taxir qanday bala?
2. Muǵallim Taxirdı qalay uyaldırdı?
3. Sizlerde de usınday waqıyalar bolıp tura ma?
4. Muǵallim menen birlikte Taxirge minezleme beriń.
5. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

# INSANÍYLÍQ PAZÍYLETLER

## Atası menen aqlıǵı

Shiyshelerdiń sınıǵın ǵarrı,
Joldan bılay alıp tasladı.
Qasındaǵı kishkene aqlıǵı,
Sebebin soray basladı.

Balam, jolda ayaǵıńızǵa,
Ańlamasań kirip qaladı.
Bunıń azmaz qıyaqları da,
Bir úp-úlken jara qıladı.

Jollar azada bolǵanı jaqsı,
Kóp adamlar júredi bunnan.
Oǵan heshkim bola almas qarsı,
Tazalıqqa ne jetsin, balam.

Sonnan berli aqlıǵı onıń,
Isler atasınan kórgenin.
Jata qoysa shiysheniń qıyaǵı,
Joldan alıp taslap júrgeni.

*Ábdirazaq Seyitjanov*

1. Bala kim menen kiyatır edi?
2. Ǵarrı jolda ne isledi?

3. Ǵarrı balaǵa ne dedi?
4. Ózlerińiz bul iske qalay qaraysız?
5. Qosıqtı ata-anańızǵa oqıp beriń.

## Altın balıq

Burınǵı ótken zamanda bir awılda Quwat degen jarlı bala bolıptı. Onıń xojalıǵı birde tapsa, birde tappay otırǵan gedey eken. Bala jas bolsa da xojalıq jumıslarına járdem berip, oynawǵa qolı tiymepti. Sol ushın da ol qasharman top oynawdı da, durıslap asıq taslawdı da bilmeydi eken. Kerek dese júziwdi de bilmepti. Usınday boslıǵına awıldaǵı bay balaları masqaralap qoymaptı. Quwat olarǵa qarsılasıwǵa ilajı bolmay, qanshama masqaralamasın, úndemey jeńedi eken.

Kúnlerdiń kúninde bay balalarınıń ishleri pisip, qayıq penen kólge qıdırıp, balıq uslawǵa barıwǵa wádelesipti. Ishinen birewi:



— Quwattı da alıp keteyik. Eskek eser, júdá bolmasa mantıqtırıp «qızıq» kóremiz, — dep usınıs etedi. Usınıs barlıǵına maqul túsip, ózleri menen birge onı da sayaxatqa alıp ketedi. Kólge kelgen soń onı suwǵa mantıqtırıp «qızıq» kóripti. Ol da azday «qızıqların» taǵı da dawam etpek maqsetinde Quwattı kóldiń ortasındaǵı qasqırı bar atawǵa qaldırıp ketedi.

Biraq balalardıń qayıǵı atawdan uzaqlamay-aq, qayırǵa dus kelip júrmey qaladı. Ózleri shıǵayın degen menen nátiyje bermeydi. Kem-kem ólim qáwipi tuwadı. Sebebi, átirapın qaplaǵan suwda jayın bar eken. Sonlıqtan kúshleri eki kózine jetip jılap, járdem sorawdan basqa ilajı qalmaydı. Sol máháli suwdan úlken altın balıq shıǵıp bılay depti.

— Men járdem bereyin. Biraq shártim bar. Jaqsı deseńiz qutqaraman, bolmasa ózleriń bilesiz, — depti.

Bay balaları:

— Shártińdi ayt? Bizler qayılmız, — dep baqırısıptı.

— Onda esitiń. Men jılına eń qapıldı degende bir jalqaw, doslarına qıyanet isleytuǵın bala jer edim. Bıyıl onday balanı gezlestire almadım. Tap házir bolsa sizlerden solardı kórgendeymen. Sol ushın házir qayıqtı shıǵarıp, jolǵa salıp beremen. Esesine sizlerdiń birewińizdi jeymen, — depti.

— Jan altın balıq, bizlerdiń aramızda jaman bala joq. Bárimiz baydıń balalarımız. Eger qáleseńiz jaman bala tawıp bereyik. Atawda jaman bala bar, sonı jep, bizlerdi azat etiń, — dep jalınadı.

— Yaq, — depti altın balıq, — ol járdem soramadı. Shártime kónseńiz sol. Gápimdi jáne qaytalayman! Birewińiz qayıl bolsańız basqalarıńız aman qalasız. Bolmasa hámmeńizdi qosa jutaman depti aybat shegip.

Kimniń ólgisi kelsin. Bay balaları bir-birine «sen bar, sen bar» dep urısıptı. Hesh birewi mártlik islep, dosların qutqarıw ushın basın tigiwge jaramaptı. Aqırı altın balıq:

— Onda bárińizdi jeymen! — dep umtıla bergeni, kúni menen baqlap turǵan atawdaǵı Quwat:

— Altın balıq, jan altın balıq! Olarǵa tiyme! Jaqsısı meni jep, olardı qutqaragór. Birewiniń sebebinen hámmesi ólip ketpesin, — dep dawıslap baqırıp jalınıptı.

Altın balıq, negedur, oǵan qayıl bolıp, bay balalarınıń qayıǵın suwǵa túsirip jiberipti. Keyninen Quwattı ústine mindirip, suw túbindegi óziniń patshalıǵına áketedi. Altın balıq, balıqlar patshası eken. Sarayǵa barǵannan keyin:

— Men barlıǵın kórip turdım. Olar saǵan jamanlıq islep atawǵa taslap ketti. Al sen bolsań olarǵa rehimiń kelip, jeme-jemege kelgende jaqsılıq

islediń. Qutqarıw ushın basıńdı tiktiń. Naǵız márt, adamgershilikli bala ekenseń. Seni jemeymen, mártligiń, adamgershiligiń ushın qayta sawǵa beremen dep, kóp altın berip, suwdan shıǵarıp, xoshlasıp qalıptı.

Quwat úyine aman-saw kelip, altınlardı ashlarǵa bólistirip berip, sońǵılıǵında qurǵın jasap, murat-maqsetine jetken eken.

*Allanazar Ábdiev*

?

1. Quwat qanday bala?
2. Bay balaları qayda bardı?
3. Altın balıqtıń shárti qanday edi?
4. Kim dosları ushın mártlik etti?

## Ómir gózzallıǵı

Vokzal aynalasında adamlar az. Tayaq tayanǵan shoq saqallı ǵarrı bes-altı jasar aqlıǵınıń qolınan uslap, asıqpastan sóylesip júrip kele berdi.

Qápelimde kózi ilgir náreste atasınıń qolınan tartıp baqırıp jiberdi: — Ata basıp alma. Qońız... Ayaǵıńnıń astında...

— Ne deyseń, balam? Qaydaǵı qońız?

— Mında ata ... Mında ... Ushıp kete almay atır ...

Biyshara shalqasına túsipti.

Qońız qattı dızıldaydı. Dız-z-z!

— Bay-boy, balam, mınaw ıras qońız ǵoy ... Bay-ǵus ne kúnlerge tap bolǵansań... Ne qılıp júr

eken? — Ǵarrı eńkeydi, qońızdı aldı da, jalpaq alaqanına saldı.

— Al endi ushıp kete ǵoy. Ol balasına da qaradı. — Shıraǵım, bul dúnyada tirishilikten tatlı zat joq. Mına bayǵus ta ushıp ketemen dep qanshama háleklengen... Ólimge qarsı gúresken. Ele de birew basıp ketpegenin ayta ber. Bálkim, adamlar da ayaǵan shıǵar. Bolmasa poezd kelgende mına kárada adam qarashor bolıp ketedi. Qońız adamnıń jumsaq alaqanında bir maydan jatıp dem aldı. Sonnan keyin dızıldap, qozǵalań taptı da, ushıp ketti. — Áne, balam, ol bizden ǵamxorlıq kútip jatırǵan eken. Adamgershilik parızımızdı ótedik. Ásirese, saǵan kóp-kóp raxmet aytqan shıǵar, jańaǵı qońız.

Qońız vokzaldıń qaptalınan aylanıp ótti de, tuwısqanları tún uyqısınan oyanıp gúwildep jatırǵan jerge — jalǵız túp qara talǵa qaray baǵıt aldı. Ol sol ushıp baratırǵanında quyash kúlimlegen aspanǵa bir, tómende azanǵı ǵalmaǵal jeteginde hár jaqqa ketip baratırǵan adamlarǵa kókiregi quwanıshqa tolıp qaradı. Adamlar, bul dúnya sizlerdiń jaqsılıǵıńızdıń arqasında ele de gózzal, ele de jarqın boladı, — dep oy keshirer edi kishkene qońız...

Ol terektiń quwısındaǵı tuwısqanları arasına tústi. Sonda barıp, bul dúnyada jasap tirishilik et-pektiń

sonshama gózzallıǵına onıń hárbir maqluq ushın baxıt ekenligine kózi jetip túsingendey boldı.

*Ábdimurat Atajanov*

1. Qońız ne qılıp atır edi?
2. Qońızǵa kim ǵamxorlıq etti?
3. Ómirden usınday azap kórgen jánliklerge qalay járdem bergenligińizdi aytıp beriń.

## Jumbaq qosıq

Buzawlarım mańırap,
Ketti bári jamırap,
Qozılarım móńirep,
Shuwlap ketti dógerek.

Qorazlarım sayradı,
Baǵdıń ishi jaynadı,
Miyawladı kúshigim.
Úrip shıqtı pıshıǵım.

Kettim be men aljasıp,
Ózleriń-aq túsiniń.

*Árepbay Xalmuratov*

1. «Buzawlarım mańırap, ketti bári jamırap» degen qatarlardı qaysı qatarlar menen almastırıwǵa boladı?
2. Qosıqtı yadlap alıń.

## Úmiydanıń tawıqları



Kishkene Úmiyda,
Kórip bazarda,
Túr-túr tawıqtı,
Kózi qızıqtı.

Satıp alıp ber! —
Dep saldı dawın.
Baǵaman usı dep,
Barlıq altawın.

Aǵası ilajsız,
Satıp áperdi.
Heshkimnen sorawsız,
Sharbaqqa jiberdi.

Úmiyda qızıq,
Ketti de qızıp,
Qamayjaq tawıqlardı,
Qoraǵa kirgizip.

Tawıqları úrker,
Qashadı onnan,
Aǵası: jem ber,
Úyreniser sonnan.

Dep oǵan úyretti,
Suw berip te kórdi,

Úmiydaǵa tawıqlar,
Kem-kem úyrendi.

Kúnde bir mezgil,
Jem berer ózi,
Tawıqları juwırar,
Túskennen kózi.

Ortada turar ol,
Birewin uslap,
Geyde kóterer,
Hátte qushaqlap.

At qoyǵan jáne,
Hárbirine arnap,
Úy soǵıptı áne,
Tuwatuǵın qolaylap.

Tawıqları kúnde,
Máyek tuwadı,
Pisirip jegende,
Qanday mazalı.

Kópshilik oǵan,
Háwes etedi.
Oǵada miyirman,
Bolıp ósedi.

*Zubayda Ishmanova*

1. Úmiydanıń aǵası qaladan ne satıp aldı?
2. Tawıqlar qalay úyrendi?
3. Ne ushın tawıqlar Úmiydanı jaqsı kóredi?
4. Úy quslarınıń atların dápterlerińizge jazıp keliń.

## Suq qollı balalar

Elmurat atanıń húrmetli dem alısqa shıqqanına eki-úsh aydıń júzi bolıp qaldı. Ol húrmetli dem alısqa shıqqanǵa shekem qaladaǵı qurılıs shólkemleriniń birinde gerbish óriwshi bolıp islegen edi. Jasınan miynetke shınıǵıp óskenlikten be, ele tándar. Qarıw-kúshi anaw-mınaw jigitten kem emes. Qıbır-sıbır úydiń xojalıq jumıslarına aralasadı. Ol arbakesh bolıwdı qáledi. Bazardan bir eshek hám arba satıp aldı. Bul oǵan úlken «ermek» boldı. Arbaǵa mashinanıń dóńgelegi ornatılǵan. Asfalt jolda jeńil aylanadı.

Elmurat ata eshegin arbaǵa jegip, altaqtasına minip otırsa tuǵırǵa qonǵan búrkitke megzeydi. Qolındaǵı qamshısın sál kóterse boldı, eshegi jol menen arbanı tartıp alǵa talpınadı.

Elmurat atanıń úyinde bala-shaǵası qatıǵın, sútin iship otırǵan buzawlı qońır sıyırı bar. Olarǵa ot-shóp kerek. Arba Elmurat ataǵa júdá qolay boldı. Bazardan úyine kerek-jaraǵın, ot-shóbin usı arba menen ákeledi.

Ol búgin de bazardan bir talay qawın-ǵarbız satıp aldı hám olardı arbasına júkledi. Kóshe menen úyine qayttı. Bul ret júgi awırlaw bolǵanlıqtan arbaǵa minbedi. Eshektiń júwenin qolına uslap jetelep kete berdi. Esheyinde úyinde qalatuǵın Bóribasar da usı saparı arbaǵa erip shıqqan edi.

Miyzan ayınıń bası. Sabaǵı pitip mektepten kiyatırǵan eki bala jol shetinde tap boldı. Olar tap-taza mektep formasında edi. Jawırnına sumkasın tańıp alǵan. Shaması tórtinshi ya besinshi klasta oqısa kerek.

Olardıń kózi Elmurat atanıń arbasındaǵı qawınǵarbızǵa tústi. Balalardıń óz nápsine kúshi jetpedi. Ǵarbızdı jegisi kelip, awzınıń suwı qurıdı.

Balalar arbaǵa jaqınlawǵa izinde erip kiyatırǵan Bóribasardan qorqtı. Birewi jol shetinen asıqtıń qaramınday jıltır kók tas alıp iytke ılaqtırdı. Tas tiygen soń iyt qańsılawı menen iyesine kelip tıǵıldı. Dúzdiń atı dúz ǵoy. Úydiń qası bolǵanda ma, iyt bulardı qaptalına da jolatpas edi. Sonıń arasında balalardıń birewi arbanıń artına jaqınlap bardı da, ǵarbızdıń birewin ala qashtı. Ekinshisi de domalaq ala ǵarbızdı ala bergende Elmurat ata izine jalt qaradı. Ol ashıwı menen:

— Ha, bala! Tasla ǵarbızdı! — dep qattıraq ayttı da, júwendi tartıp, eshekti irkti. Elmurat atanıń ashıwlı dawısınan albırap qaldı ma, ǵarbız sońǵı balanıń qolınan asfaltqa túsip qaq bólindi.

Elmurat ata eshektiń júwenin jıynap, altaqtaǵa ildirdi de arbanıń artına burıldı. Bul bala da dáslepki balanıń izinen qashtı. Demniń arasında balalar kósheniń kesispesindegi biyik jaydan aynalıp kózden ǵayıp boldı. Elmurat ata bul suq qollı balalardıń sońınan ashıwlı bir zaman qarap turdı.

Jol ústinde qaq bólinip atırǵan ala ǵarbızdı jıynap, arbasına saldı. Qaq bólingen ala ǵarbızdıń túri jańa soyılǵan mal góshindey qıp-qızıl eken.

— Shúw! — dep eshektiń júwenin qozǵadı. Ol «kórgensizler!» — dep gúbirlendi ishinen.

*Xalmurat Saparov*

1. Elmurat ata bazardan ne alıp kiyatır edi?
2. Balalar ǵarbızlardı qalay urladı?
3. Olardıń bul isi durıs pa?
4. Sizińshe, Elmurat ata ózin qalay sezdi?
5. «Kórgensizler» degen sózdiń mánisin muǵallimnen sorap alıń.
6. Gúrrińdi tásirli etip oqıń.

## Ağalarım

Iyninde tur dáwir júgi,
Kórgenlidur ata tegi,
Hárbiri bir úydiń begi.
Inabatlı ağalarım.

Jaqsılıqtıń pármanısız,
El-jurtımnıń qorğanısız.
Xalqımızdıń tarlanısız,
Arıslanday ağalarım.

Kimi qosıq, saz dóretip,
Xalqıń ushın xızmet etip.
Ernazarday esi ketip,
Elin súygen ağalarım.

Sizler barda tınısh elim,
Tolqıp turar dárya, kólim,
Xalqıńdaği zor isenim,
Quwat bolğan ağalarım.

Baxtımızğa saw bolğaysız,
Hárbiriń bir nar bolğaysız.
Máńgilikke bar bolğaysız,
Aman bolıń ağalarım!

*Gúlnara Nurlepesova*

1. Qosıqta kimler maqtanısh etiledi?
2. Ağalardıń isin kimler dawam etiwi múmkin?

3. Qosıqtıń qálegen 3 tobın yadlań.
4. Qosıqtı aǵalarıńızǵa oqıp beriń.

## Hadallıq

— Apa, maǵan bir jolawshı hayal súyinshige bir bólek peshenye hám mıń som aqsha berdi, — dep Quwat daladan ishke quwanıp haplıǵıp kirdi. — Ol hayal maǵan: — Uzaq jasa, balam! Seni hadallıqqa tárbiyalaǵan ata-anańa raxmet! — dep ayttı.

Úyinde kóylekke sádep taǵıp otırǵan Uljan apa balası Quwattıń mına aytqan sózine hayran qaldı.

— Ol hayal saǵan súyinshini ne ushın berdi? Bul qalay boldı? Aytıp ber, balam? — dedi Uljan apa perzentiniń quwanıshına ortaq bolıp.

Quwat anasına bolǵan waqıyanı bayanladı:

— Bándirgige jaqınlay bergenimde avtobus kelip toqtadı. Avtobusta jolawshılar tolı eken. Bándirginiń otırǵıshında otırǵan úsh-tórt jolawshı hayal ǵabır-ǵubır asıǵıp avtobusqa mindi de ketti. Otırǵıshta olardıń «semiz» sumkası umıt qalıp qoydı. Men bul sumkanıń jańaǵı jolawshı hayallardiki ekenin bildim. Umıt qalǵan sumkası yadına túsip, olar qaytıp aylanıp keler degen oy menen sumkanı qarawıllap otıra berdim.

Meniń oylaǵanımday bolıp, aradan yarım saat-tay waqıt otkende meniń qasıma sol sumkasın umıt qaldırǵan hayal keldi.

— Kóptiń nesiybesi, hadal zattıń iyesine buyırǵanına qara, mınaw meniń sumkam edi, — dedi. — Birden avtobus kelip soǵan hámmemiz mindik te kettik.

— Men dasturxandı qasımdaǵı Gúlxan alıp mingen shıǵar dep oylasam, ol meni alǵan shıǵar dep oylaptı. Bir-birimizge isenip qalıppız.

— Men úyge ketpey sumkanı baǵıp otırman, — dedim oǵan. Sonda jolawshı hayal sumkanıń awzın ashtı. Ishinen maǵan bir bólek peshenye hám qaltasınan mıń som aqshanı shıǵarıp uzattı.

— Bul mennen saǵan súyinshim bolsın dep, jolawshı hayal qayta-qayta alǵıs aytıp ketti, — dedi sózin juwmaqlap Quwat.

Uljan apa balasınıń bul isine júdá ırza boldı.

*Xalmurat Saparov*

1. Quwat úyine ne ushın quwanıp keldi?
2. Jolawshı hayal súyinshini ne ushın berdi?
3. «Jaqsı bala súyinish» degen naqıldıń mánisin muǵalliminizden sorap bilip alıń.
4. Hadallıq haqqında óz pikirleriñizdi bildiriń.
5. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

# XALÍQ AWÍZEKI DÓRETPELERI

## Jaqsılıqqa — jaqsılıq

*(Qaraqalpaq xalıq ertegi)*

Ótken zamanlardıń birinde, zulımlıq penen dańqı shıqqan bir patshanıń elinde Barzıw degen ataqlı mergen bolıptı. Usı mergendi xan óz sarayına xızmet etiwge birneshe mártebe shaqırıptı. Talabı orınlanbaǵannan keyin xan Barzıwdı quwdalay baslaptı. Qısqıǵa shıdamaǵan mergen bir túnde bala-shaǵası menen basın alıp dus kelgen jaǵına qaray kóship ketipti. Kóp júristen keyin Barzıw bir bayterektiń janına kelip, ózleriniń sharshaǵanın shıǵarıw ushın dem alıwdı oylap júklerin túsiripti.

Barzıw bala-shaǵasına quslardıń, qoyan, kiyiklerdiń góshlerin jegiziw maqsetinde ańǵa shıǵıp ketipti. Oq jayınıń tek ǵana eki oǵı bar eken. Kesh bolıp qas qarayǵanǵa shekem onıń aldınan bir de ań shıqpaptı. Bir terekke jaqınlaǵanda, shúykildegen qustıń palapanlarınıń dawısın esitip, juwırıp barıp, terektiń basında uyaǵa jaqınlap qalǵan jılandı kóripti. Uyada kepterdiń úsh balası menen anası shırıldap turǵan eken. Kóp irkilip turmay bir oǵı menen jılandı atıp túsirip kepterdiń palapanların ólimnen qutqarıp, óz jayına ketipti.

Kóp júristen júdá sharshaǵan hám ańlardı taba almaǵan Barzıw bir patshanıń diywaldan qorshalǵan qorǵanınıń janına kelip, hayran bolıp turǵanda, bir dáw kelip, onı uslap alıp, óltirmekshi ekenin aytıptı. Barzıw oǵan ólimge ılayıq heshqanday gúná islemegenin aytıp, óltirmewge ótinish etken menen dáw kelisim bermepti.

— Jaqsı adamzat! Seniń menen keliseyik, biraq shárt sol, anaw biyik minaranıń basında turǵan qońırawdı kórdińbe? Sonı bir atqanda tiygizseń óltirmeymen. Eger de tiygize almasań óletuǵınıńdı umıtpa! — depti dáw.

Kúnniń qarańǵı túsip baratırǵanı, qońırawdıń alısta biyik turǵanı Barzıwdı qansha oylan-dırǵanı menen ilajsızdan kónipti. Oq jaydı qolına alıp, gózlep turıp atıp jiberipti. Oq dál tiyse, qońırawdan ses shıǵıwı kerek. Kóp waqıtqa shekem ses shıqpaptı. Azdan keyin qońırawǵa bir nárseniń tiygen sesti esitilipti. Dáw jigitti ólimnen qutqarıp, mergenligine tańlanıp jónine ketipti.

Barzıw hayran bolıp, qorǵandı jaǵalap ketip baratırsa, bası mılja-mılja bolıp qanǵa boyalıp jatqan kepterdi kóripti. Sonda ǵana Barzıw bayaǵı oq jay atılǵannan keyin kóp waqıtqa shekem qońırawdıń sestiniń esitilmey turǵanınıń sebebin túsinipti. Óytkeni, tiykarında oq qońırawǵa tiymegen eken.

Kepter palapanların ólimnen aman alıp qalǵan jigittiń basına ólim qáwpi dóngende, oǵan járdem beriw — jaqsılıqqa jaqsılıq etiw ushın, jigittiń oq jay atıwın kútip turıp, oǵan oǵı tiymegen soń, qońırawǵa barıp ózin-ózi bası menen urǵan eken.

«Jaqsılıqtı bilmeytuǵın jan bolmaydı» degen xalıq sózi usınnan qalıptı.

1. Barzıw ne ushın kóship ketti?
2. Ol ne maqset penen ań awlawǵa shıqtı?
3. Kepter Barzıwǵa ne ushın jaqsılıq etti?
4. Tekstten Barzıw kepterge etken jaqsılıqtı tawıp oqıń.

## Hiyleker qoraz
*(ertek)*

Burıńǵı ótken zamanda bir qoraz aǵashtıń ba-sında tań ala gewgimde shaqırıp turǵan eken, bunıń dawısın esitken bir saǵal qorazdıń qasına kelipti.

— Haw, qoraz jora, siz tań atpay atırıp kimlerdi qıyquwlap shaqırıp turıpsız? — depti saǵal. Sonda Qoraz:

— Doslarımdı awqamlasıp jumıs islewge shaqırıp atırman, — depti.

— Olay bolsa qoraz jora tómenge tús, ekewimiz birge joldas bolıp barayıq, — depti saǵal qorazǵa.

— Házir meniń jerge túsiwge qolım tiymeydi. Usı shaqırıwım menen uyqıda jatırǵan joldaslarımdı



oyatıwım kerek. Eger de seniń awqamǵa qosılıp jumıs islegiń kelse, anaw aldıńda kóringen jaydıń qasında basshımız tawıqlardı kútip otır, sen de sol káraǵa bara ber. Men de seniń izińnen baraman, — depti.

Saǵal qorazdıń siltewine quwanıp, «kóp tawıqtıń ústinen shıǵatuǵın boldım» degen úmit penen qorazdıń siltegen jerine baradı. Saǵal tawıqlardıń qorasında shońqayıp otırǵan bir tazını kórip, birden tapıraqlap qashıptı. Saǵaldıń qashıp baratırǵanın kórgen tazı bas salıp quwıp saǵaldı tutıp alıptı. Sonda saǵal tazıǵa:

— Bir awız sizge aytatuǵın arzım bar, — dep jalınıptı.

— Arzıń bolsa tez ayt? — dep tazı saǵaldı jazdırıptı.

— Meni mına qońsıńızdıń qorazı keshe awqamlasıp jumıs islewge shaqırıp edi. Qorazǵa xabarlassam, «sen kóp keshigip qalıpsań, basshımızǵa tezirek jet» dedi. Sonıń menen asıǵıp kiyatırǵanım edi, iymanlı bolǵaysız, meni jibериńiz, — dep jalınıptı. Sonda tazı saǵalǵa:

— Sizdi jibergen qorazǵa raxmet, meniń tósegimniń tozıp júrgenin bilip, sizdi bizge

jibergen eken. Sol tawıqlardı bárhá qorǵap júriwshi basshısı biz bolamız, — dep saǵaldıń bel omırtqasın úzip, onı óltirip, terisin tósek etip alǵan eken. Hiyleker qorazǵa hám tazıǵa tawıqlardıń bári de raxmet aytıptı.

1. Qoraz saǵalǵa ne dedi?
2. Saǵal nege quwandı?
3. Saǵaldıń tazı menen ushırasıwı.
4. Sizler úy qusları hám úy haywanlarınıń atların dápterińizge jazıp alıń.

## Maqtanshaq qasqır

*(ertek)*

Bir topar qasqırlardıń ishinde basqalarına qaraǵanda kúshlirek bir ash qasqır bar eken. Ol janındaǵı qasqırlardı, nesiybesinen ayırıp, olarǵa kún bermeytuǵın bolıptı. Onnan keyin ash qasqır joq waqıtta qasqırlar bir jerge jıynalıp oylasıptı. «Qay jerde kórsekte ash qasqırdı «jolbarıs» dep atayıq» degen pikirge kelipti.

Ash qasqır kelgen waqıtta wáde boyınsha qasqırlar onı «jolbarıs» dep ataptı. Bul sóz ash qasqırǵa oǵada unaptı. Endi burınǵıdan beter gárdiyip, «dúniyada mennen zor, mennen kúshli haywan joq» degen qıyalǵa ketipti.



Kúnlerden bir kúni qasqırlar toparlasıp ketip baratırsa, dalańlıqta jayılıp júrgen esap-sansız qoylardıń ústinen shıǵıptı.

— Hey jolbarıs, sen kúshliseń, sen batırsań, — dep maqtaptı qasqırlar ash qasqırdı. — Bizlerge bir neshe qoydı óltirip berseń, toyıp alar edik. Bul oljanı kórip, kózlerińiz jaynap ketti ǵoy.

Ol qayılshılıq bildiripti de qoylardıń jayılıp júrgen jerine barıp, eki qoydıń qarnın jarıp taslaptı. Qasqırlarǵa oń túsip hárqaysısına bir bir sannan tiyip toyıptı da alıptı.

Bular jolın dawam ete beripti. Sol júristen júrip, bir seyisxanaǵa ushırasıptı. Ishke úńilip qarasa, bir árebi at tur eken. Qasqırlar jáne de ózleriniń «jolbarısına» qarap: «Áy palwanımız, kórip turmız, siziń kózińiz jaynap ketti. Bul nadan attıń da qarnın jarıp taslasań bir toyıp alar edik», — depti.

Ash qasqır ózinshe mardıyıp baylawlı attıń qa-sına jetip barıptı da onıń sanına jabısa beripti. Árebi at qasına kelgen qasqırdıń qolayın alıptı da tap qaq mańlayına kelistirip bir tewipti. Ash qasqır attıń tuyaǵınıń páti menen úsh adımday jerge barıp domalap túsipti. Onı kórip turǵan qasqırlar júregi jarıla jazlap basınıń awǵan jaǵına qaray qashıptı.

Bir neshe saattan keyin bayaǵı qasqır ózine kelipti. Biraq ta endi onı heshkim «jolbarıs» dep

shaqırmaptı. Ornınan súyretilip turıp úyine zordan jetipti.

— Háy qudayım, bunday kóz tiygennen óziń saqlaygór, — dep úyinen shıqpastan jatatuǵın bolıptı.

1. Ash qasqırdı ne ushın «jolbarıs» dep atadı?
2. «Jolbarıs» qanday «mártlik» kórsetti?
3. Ertekti oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## Bódene hám túlki

Bir bar eken, bir joq eken. Burınǵı ótken zamanda bódene hám túlki bolǵan eken. Jolı dus kelip ekewi joldas bolıptı. Jol qısqarsın dep ańgi-mege kirisipti.

Túlki quyrıǵın tawlap taslap:

— Bódene, ash boldıq ǵoy, bir ilajın kórseń qáytedi? — depti.

— Maqul, jol-jónekey birneme islermiz, — deydi bódene.

Túlki menen bódene jol boyı bir nárse gezlespes pe eken degendey, jan-jaǵına qaranıp kiyatırsa, bas-larına dasturxan kóterip bir jaqqa ketip baratırǵan hayallardı kóredi. Bódene búlk etipti, túlki dárriw kózin qısıptı. Bódene ushıp-ushıp barıp hayallardıń aldına túsipti. Jol menen jorǵalap otırıptı. Hayallar

bódeneni uslamaqshı bolıptı. Dasturxanların jerge qoyıp, bódeneni quwalay baslaptı. Bódene áste jorǵalaptı da otırıptı. Hayallar bódeneni quwa baslawdan túlki dasturxandaǵı bar tamaqlardı jey beripti, jey beripti.

Hayallar bódeneni uslay almay dasturxanına qaytıp kelse, ishinde heshnárse joq, barlıǵın túlki jep qoyıptı.

Bódene túlkini izlep taba almay júrse, joldıń shetindegi bir torańǵıldıń túbinde túlkiniń shalqasına túsip jatırǵanın kórip:

— Háy, qalaysań, toydıń ba? — deydi bódene. Sonda túlki:

— Haw, bódenesi bar bolǵır, toydır degende usınshama toydır dep pe edim, qarnım ǵoy jarılıp kete jazladı, — depti.

Túlki menen bódene jolǵa túsip kete beredi. Bir jerge kelgende túlki: «Bódenejan, tamaq bolsa toydı. Waqtımız bolsa xosh, endi bir kúldireseń», — deydi.

— Boladı, seni bir kúldireyin, — deydi bódene.

1. Bódene túlkiniń qarnın qalay toydıradı?
2. Hayallar bódeneni ne qılmaqshı edi?
3. Sizińshe túlkiniń minezi qanday?
4. Ertekti oqıp, mazmunın aytıp beriń.

* * *

Ekewi júrip otırıp bir awılǵa kelipti, awıldıń shetindegi bir úydiń qasında kempirdiń sıyır sawıp otırǵanın kóripti.

— Túlkijan, sen usı putanıń túbinde buǵıp jat, — depti bódene. Túlki buǵıp jatıp kózin bódeneden ayırmadı. Bódene ushıp barıp kempirdiń basına qonıptı, kempir uslayın degende, bódene «pır» etip ushıp ketipti. Taǵı kelip qonadı. Kempir uslayın degende taǵı «pır» etedi. Eń aqırında kempir «bódene, bódene» dep baqıradı. Úyden ǵarrı juwırıp shıǵadı. Kempir sıyırın sawa baslaǵanda, bódene taǵı kempirdiń basına barıp qonadı. Kempirdiń basına bódeneniń qonǵanın kóre salıp, ǵarrısı:

— Kempir, kempir, qozǵalma, — dep baqıradı. Ózi úyge súyewli turǵan beldi alıp, ayaǵın ǵaz-ǵaz basıp kempirge jaqınlaydı.

«Seni urıp ǵana alayın» dep beldiń sabınan uslap kerilip turıp salıp qaladı. Bódene «pır» etip ushıp ketedi. Kempir sılq etip ólip qaladı. Ǵarrı bódeneniń izine túsedi.

Bódene buǵıp jatırǵan túlkiniń qasına kelse, túlkiniń ishek-silesi qatıp, jer tırmalap kúlip otırǵanın kóredi.

— Haw, saǵan ne boldı?

— Ne bolsın, kúldir degende usınsha kúldir dep pe edim, — deydi túlki.

— Kelip qaldı, qash, — deydi bódene. Ǵarrı jaqınlaǵanda túlki menen bódene tura qashadı.

Jolda júrip kiyatırıp túlki:

— Bódenejan, tamaq ta toydı, qızıq ta kórdik. Endi bir meni qorqıtsań! — deydi.

— Boladı, túlkijan, júre ber jolda kórermiz, — deydi bódene.

Ekewi jolda júrip keledi, bir jerlerge kelgende bódene:

— Túlkijan, endi meniń quyrıǵımnan tisle, kózińdi jum, sóyt te meniń izime erip juwıra ber, — depti.

Túlki solay isleydi. Bódene ushıp otıradı, túlki juwırıp otıradı. Bir jerlerge kelgende, bódene awıldıń sırtındaǵı maydanda, toyǵa jıynalıp gúres tuttırıp atırǵan adamlardı kóredi. Ol tuppa-tuwrı sol toydıń ortasına baradı. Jıynalǵan jurt:

— Há ananı qara!

— Túlki!

— Bódene!

— Qızıqtı qara!

— Usla! — dep baqıradı.

Bódene túlkige:

— Kózińdi ash, — deydi.

Túlki kózin ashsa, ján-jaǵınan qaplap kiyatırǵan adamlardı kóredi. Bódene:

— Al, endi qash, — deydi. Ózi pırıldap ushadı da ketedi. Túlki óldim-taldım degende bir jerlerge

kelip otırsa, qasına bódene keledi. Túlki muńayıp otır. Bódene:

— Haw, túlki jora, ne boldı? — dep soradı.

— Ne bolsın, qorqıt degenge usınshama qorqıt dep pe edim? — dedi ashıwlanıp:

— Seni ǵana jep qoyayın, — dep bódenege táp beredi de dárhal bódenege awız saladı. Bódeneniń quyrıǵı túlkiniń awzında qaladı. Bódene pırıldap ushıp ketedi.

Mine, bódeneniń shontıq bolıwı sonnan eken deydi.

1. Bódene túlkini qalay kúldiredi?
2. Bódeneniń háreketi durıs pa?
3. Bódene túlkini qalay qorqıtadı?
4. Túlki doslıqqa sadıq boldı ma?
5. Bódene ne ushın shontıq bolıp qaladı?
6. Ertekti oqıp mazmunın aytıp beriń.

## Úsh tuwısqan

*(ertek)*

Kóp jıl burın jer ústinde úsh ulı menen ákesi jasaptı. Ulları bir-birinen artıq bolıp, jaqsı jigitler bolıp jetisipti.

Ákesi olarǵa bılay dedi:

— Balalarım, álem gezip, ellerge sayaxatqa shıǵıń. Adamlardı kórip hám qanday da bir kásipti úyreniń. Ishińizde qaysısıńız jaqsı ónerdi iyelep

qaytsańız, men soǵan óz úyimdi miyras etip qaldıraman.

Aǵayinler saparǵa atlandı. Úsh jıl jat ellerde gezip hám úsh jıldan keyin tap oylasqanday bir kúnde ákesiniń úyine qaytıp kelgen.

— Assalawma áleykum, aǵa — depti olar.

— Wáleykum ássalam, balalarım, — dep sálemin álik aldı aǵası.

— Al qalay, bir nárse úyrenip qayttıńız ba?

— Awa, — desti ulları. — Úyrendik.

— Men, — dedi kishi balası, — shash alıwdı úyrendim.

— Men, — dedi ortanshı balası, — taǵa qaǵıwdı úyrendim.

— Al men, — dedi úlken balası, — qılısh-lasıwdı úyrendim.

— Onda dım jaqsı eken, — dedi aǵası. Siz-lerdiń úyrengenlerińizdi kórgim keledi. Sizler ap-ańsat ǵana shash alıwdı, taǵa qaǵıwdı, qılısh-lasıwdı isley alarma ekensiz?!

Tap sol waqıtta atızlıqta bir qoyan zıńǵıp kiya-tırǵan edi.

— Oh, — dep qıshqırdı kishkene balası. — Maǵan keregi de usı edi.

— Ol lágen menen sabındı alıp, onı kópirtip qoyannıń izinen jetip aldı da, eki shekesi menen tumsıǵına jaǵıp tasladı. Ol áne sonday sheberlik penen qırdı. Bir jerin kesken de joq. Bir qılın qaldırǵan da joq.

— Qatqan jumıs, — dedi ağası. Qolıń jeńil eken. Ol gápin aytıp awzın jumğan da joq, jolda baratırğan bir arbağa kózi tústi.

— Al, yaqshı meniń gezegim, — dedi tağa qağıwdı úyrengen ortanshı balası. — Meniń sheberligime qara endi, ağa. Ortanshısı arbanıń izinen juwırıp ketti de, oğan jetip alıp, shawıp baratırğan attıń ayağındağı tağaların barıp aldı da, ornına tazadan tağa qaqtı.

— Pákize jumıs, — dedi ağası. Tuwısqanınıń islegeninen bir de kem emes.

Sonda úlken balası bılay dedi:

— Ağa, mağan da óz ónerimdi kórsetiwge ruqsat ber.

— Meyli, — dedi ağası, — Kórset!

Tap sol waqıtta sheleklep jamğır quyıp ketti. Úlken balası qolına qılıshın aldı da, tas tóbesinde tezlik penen aylandırdı. Kóz iliw múmkin bolmay qaldı. Onı sonshelli tez aylandırğanlıqtan ústine jamğırdıń bir tamshısı tambadı. Jamğır quyğan ústine quydı. Biraq úlken balası qılıshtı tez aylandırıp tap bastırmanıń ishinde turğanday ústi-basın qurğaq saqlap qaldı. Jamğır tamshıların qılısh jolatpadı.

Ağası bunı kórip tańlandı hám balasına bılay dedi:

— Sizlerdiń hámmeńiz de epshil usta — ónerpaz ekensizler. Men sizlerdiń qaysı birińizge úydi miy-

rasqa taslap ketiwdi bilmey turman. Hámmeńiz birge tura qoyıńlar.

Tuwısqanlar buǵan kelisim berdi. Sonnan berli bular birge jasap atır.

1. Ǵarrı balalarına qanday tapsırma berdi?
2. Balaları qanday ónerdi úyrendi?
3. Ǵarrınıń aytqan sóziniń durıs ekenligin oylanıp kóriń.
4. Ertektiń mazmunın aytıp beriń.

## Naqıl-maqallar

1. Baqa kólinde,
   Hárkim tuwılǵan elinde.

2. Jaramas ádet kóp bolar,
   Eń jamanı kúnshillik.
   Bir zaman ráhát kóre almay,
   Ómiri óter jenshilip.

3. Hadal kásip az emes,
   Íqtıyat bol haramnan.
   Jaqsılıqtı úmit qıl,
   Kúler júzli adamnan.

4. Birlik bar jerde tirilik bar.

5. Altaw ala bolsa,
   Awzındaǵını aldıradı.

Tórtew túwel bolsa,
Tóbedegini túsiredi.

6. Ananıń kewli balada,
Balanıń kewli dalada.

7. Birlikli el ozadı.
Birliksiz el tozadı.

8. Tentek tórin bermes.

9. Dos jılatıp, dushpan kúldirip aytadı.

10. Aqıl kópke jetkerer,
Óner kókke jetkerer.

11. Ádeplilik ar-uyat,
Adamlıqtıń belgisi.

12. Bilimnen aqıl shıǵar,
Aqıldan naqıl shıǵar.

13. Ilim — bulaq,
Aqıl — shıraq.

14. Qolı qıymıldaǵannıń awzı
qıymıldaydı.

15. Miynetsiz is pitpeydi,
Erinshektiń qolı jetpeydi.

Naqıl-maqallardıń mánilerin túsinip oqıń.

## Jumbaqlar

1. Qara atım qaltıraydı,
   Qabırǵası jaltıraydı.

2. Baltasız usta aǵashsız kópir saladı.

3. Eki anadan on bala,
   Óz isine márdana.

4. Áste-áste, boyı páste,
   Ot otlaydı, suw ishpeydi,
   Ózi sonday hasıl nárse.

5. Bir ósimlik dolanǵan,
   Qurı japıraq oralǵan,
   Diyxanlar súrip egedi,
   Sorpa ushın jaralǵan.

6. Shıǵarında eki qulaq,
   Úsh aydan soń bir qushaq.

7. Ózi qıllı, satsa pullı.

8. Qabırǵası bar da, qanı joq,
   Awzı bar da, janı joq.

9. Tórt kóz ayna qarasań,
Hár kúni qolǵa alasań,
Úńilip dúnya júzine,
Bárine kóz salasań.

10. Ayaǵı joq, qolı joq,
Kóylegi kók, qarnı toq.

1. Suw 2. Suwıq 3. Barmaqlar 4. Pille 5. Kapusta 6. Ǵarbız 7. Salı 8. Sebet 9. Gazeta 10. Kópshik.

Jumbaqlardı yadlap alıń.

## Jańıltpashlar

1. Qırda qırq qırǵawıl,
Qırq qırǵawıl ishinde,
Qırq jıl qısır qalǵan
Qızıl quyrıqlı qırǵawıl.

2. Apam meniń kóylegime,
Jańa jaǵa saldı,
Jańa jaǵanı jańa saldı.

3. Aq shaynekte kók qaqpaq,
Kók shaynekte aq qaqpaq.

4. Qatara turǵan bes tabaq,
Bárinde bar asqabaq,
Bir tabaq bar bas tabaq,

Bir tabaq bar tas tabaq,
Qaysısı onıń bas tabaq?

Jańıltpashlardı tez aytıp úyreniń.

## Ana tilim

Ana tili sabaǵın,
Qádirleymen súyemen,
Tili ǵoy ol ananıń,
Oǵan bastı iyemen.

Dáslep tilim shıǵarda,
Anam ǵoy til úyretken,
Qádirleymen bárhama,
Buzbay sóylep, erjetsem.

*Árepbay Xalmuratov*

1. 1-dekabr qanday bayram?
2. Siziń ana tiliñiz qaysı til?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

# ÁPSANALAR

## Duz

Ertedegi bir zamanlarda jerde duz bar bolsa da, adamlar onıń paydasın bile almay tamaqların duzsız jep otırǵan eken. Duzdıń dáslep tabılǵanlıǵı haqqında xalıq awzında mınaday bir ápsana bar:

Bir ańshı aw qurıp sharshaǵannan soń bir jerge barıp ot jaǵıp, awdıń góshin tuwrap iske ótkerip, kábap etip jemekshi bolıptı, Awshınıń sol otırǵan ornı duzdıń káni eken. Isten tartıp alǵan bir bólek gósh jerge túsip ketkeninde onı qaytadan qolına alıp awzına salsa, góshtiń mazasınıń ózgergenin ańlaptı. Buǵan hayran qalıp taǵı bir bólek gósh alıp ózi jerge basıp awzına salsa, onnan da mazalı bolıptı.

Awshı bul jerde bir qásiyettiń bar ekenin bilip, qalǵan kábabın duzlap, mazalı etip jep aladı da, duzdıń taza jerinen topıraq, shańın artıp dorbasına salıp úyine alıp ketipti.

Dáslep sınap kórip, kem-kem qazanǵa da sala baslaptı. Duz qaysı jerge jantassa mazalı bola beripti. Sonnan xalıqqa jayılıp xalıq duzdı qollanıp, mazalı tamaq jeytuǵın bolıptı.

1. Duz qalay tabılǵan?
2. Kábaptıń mazası ne ushın ózgerdi?
3. Ańshı ne isledi?

## Pıshıqlar ne sebep tamaq jep bolıp juwınadı?

Ótken zamanda bir pıshıq kúnshuwaqta ház etip otırǵan eken, bir torǵay esik aldına kelip jayıla baslaptı. Pıshıq torǵaydı kórip, ańlıwǵa kirisipti.

Torǵay bunnan xabarsız tapqan dánine waqtı xosh bolıp, kem-kem pıshıqqa jaqınlap jayıla beripti.

Qolayǵa keltirgen pıshıq torǵaydı qaǵıptı da alıptı. Endi jewge kirisip atırǵanda torǵay pıshıqqa qarap:

— Men bir taza júretuǵın qus edim. Seniń qolıńa túsip qaldım. Sen meni sózsiz jeyseń. Sizden bir ótinishim bar. Meni bet-qolıńdı juwıp, tazalanıp jeseń qalay bolar edi? — depti.

Bul ótinish pıshıqqa maqul túsipti de torǵaydı erkine qoyıp juwına baslaptı. Tap usı waqıttı kútip turǵan torǵay ushıptı da ketipti.

Torǵaydan ayrılıp qalǵan pıshıq endigiden bılay awqatlanıp bolıp juwınaman dep shárt aytıptı. Sonnan baslap pıshıqlar awqatlanıp bolıp juwınatuǵın bolıptı.

?

1. Pıshıq neni jemekshi boldı?
2. Torǵay pıshıqqa ne dedi?
3. Pıshıqlar ne sebep tamaq jep bolıp juwınadı?

# KÚLDIRGI SÓZLER

## Sınap kórmekshimen

Kúnlerdiń birinde Ápendi ǵarǵanı qolına qondırıp kiyatırǵan eken. Adamlar buǵan hayran qalıp soraptı:

— Ápendi, adamlar qolına búrkit, lashın qondırıp sonarǵa shıǵatuǵın edi. Al, siz nege qolıńızǵa ǵarǵanı qondırıp júripsiz?

Ápendi olarǵa dárriw bılay dep juwap beripti:

— Adamlar ǵarǵanı eki júz jıl jasaydı dep aytadı ǵoy. Men sol gáptiń ıras, ótirigin sınap kóriw ushın onı baǵajaqpan.

## Ómirbek laqqınıń sózleri

Ómirbektiń balalıq dáwiri eken. Ol bir kúni óziniń júwerisin shımshıqtan qorıp tursa, bir jolawshı ótip baratırıp «yapırımay, mına júweriniń basınıń appaǵın-ay» — dep tańlanıp óte beripti.

Sonda Ómirbek jolawshıǵa qarap: — bunıń jegen dárisin jegende, seniń de kóziń appaq bolar edi, — depti. Jolawshı ne derin bilmey qalıptı.

* * *

Ómirbek kishkentay bala waqtında úyiniń aldında oynap júrse, atlı bir adam suw isheyin dep qayırılıptı. Ol Ómirbekke:

— Ha, balam, mına attı uslap tur, — depti.

— Tislemey me?

— Joq.

— Teppey me?

— Teppeydi.

— Qashıp ketpey me?
— Qashpaydı.
Sonda Ómirbek: — onda uslap turıwdıń ne keregi bar? — dep oynay beripti.

1. Nasıratdin Ápendi qaysı xalıqtıń shesheni?
2. Ol haqqında basqa qanday kúldirgi sózlerdi bilesiz?
3. Ómirbek laqqı haqqında she?
4. Kúldirgi sózlerdi oqıǵanıńızda ózińizdi qalay sezdińiz?
5. Oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## KONSTITUCIYA — ALTÍN NÍZAMÍM

### Ózbekstan Konstituciyası kúnine

Ózbekstan — eller qundızı bolar,
Xalqı — perishteniń ul-qızı bolar.
Baxıttıń nızamı — Konstituciyam,
Mańlayında jańǵan juldızı bolar.

Qádirin pir tutıń bunday bostannıń,
Quyashlı jurtı bul saqıy aspannıń.
Erkinlik nızamı — Konstituciyam,
Keń peyilin bayanlar Ózbekstannıń.

Insanıylıq pazıyletler — tiregi,
Biyǵárez gúzardan kárwan júredi,

Ádillik nızamı — Konstituciyam,
Ádalatlı eldiń doslıq júregi.

*Keńesbay Raxmanov*

1. 8-dekabr qanday bayram?
2. «Konstituciya» sóziniń mánisin túsinip alıń.
3. Qosıqtı tásirli oqıń.

## Biz dáwirdiń urpaqları

Iyeleń, — dep kásip-óner,
Zaman bizge nurın seber,
Sarı, jasıl, kók reń dóner,
Bayrağımnıń jolaqları.

Turmıstan hesh kórmey azar,
Jasawdamız ómir gózzal,
Watanımız bağ, shámenzar,
Bizler gúldiń dodaqları.

Qalıw ushın jarqın izler,
Dúnya bizdi saqlar, gizner,
Qıyalımız kókti gózler,
Biz — dáwirdiń urpaqları!

Orınlaymız shıqsa lebiz,
Balalıq shaq tiykar teńiz,

Adamıyzat shalqar teńiz,
Bizler tasqın bulaqları!

*Marat Qarabaev*

1. Qosıqta ne haqqında sóz etiledi?
2. Biz qanday elde jasaymız?
3. Qosıqtıń aqırǵı eki tobın yadlap alıń.

## QÍS KÓRINISI



## Gúz sońınan qıs keler

Gúzdiń sońǵı kúnleri bul,
Tańǵı qıraw qáhári.
Maysa menen gúlleriniń
Quwraytuǵın máháli.

Jer shiresin umıtsın dep,
Qar tınbastan boraydı.
«Sharshaǵandı, buyıqsın», — dep,
Kórpesine oraydı...

Japalaqlap tuńǵısh qar,
Oydı-qırdı ańlamay,
Japalaqlap tuńǵısh qar,
Jawa berdi tańlamay.

Suwıq tústi. Ańlardıń,
Kórinbeydi biri de,
Hátte, túlki zańǵardıń,
Kirgenime inine?!

Qanat qaǵar erinbey,
Bireń-sarań ǵarǵalar,
Awqat izlep erinbey,
Tintigeni qar bolar.

*Jiyenbay Izbasqanov*

1. Qosıqta gúz benen qıstıń ózgesheligi qalay berilgen?
2. «Jer shiresi», «Ańlar» degen sózlerdiń mánisin túsinip alıń.
3. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Jumbaq

Otta janbas, suwda batpas,
Jazda turmas, qısta kóp.

*(qar)*

## Qar jawǵanda

Gózzal azanda erte turıp sırtqa shıqsa, hámme átirap qarǵa malınıp qalǵan eken. Quwanǵanınan



qolın shappatlap, baqırıp jiberdi. Qansha waqıttan beri: kútse de qar hesh jawmaǵan edi.

Apa, qashan qar jawadı eken? — dep apasınan talay mártebe soraǵan edi.

Qızım, qar ele sonday qalıń bolıp jawadı, azǵana kún suwıtıńqırasın, — dedi anası.

Mine, sol asıǵa kútken kúni de keldi. Ol úyine qarap juwırdı. Óytkeni aǵası qaladan shana ákelip bergen edi. Shana bolǵanda da qanday! Otıratuǵın aǵashları da túr-túr boyaw menen sulıw etip boyalǵan, — arqasında súyenip otıratuǵın jeri de bar. Úkesi sonda túsinbey:

— Bul ne, kishkene mashın ba? — dep soraǵanda Gózzal: — Bul shana, — dedi — qar jawıp jer sırǵanaq bolǵanda seni mindirip aydayman.

Úyge kirdi de úkesi Zuxranı kiyindirip shanasın alıp dalaǵa ketti. Tep-tegis qardıń ústinde shanasın zıńǵıtıp olay-bulay ayday basladı.

Qanday tamasha! Ekewiniń de quwanıshında shek joq.

Aǵası dalaǵa shıqsa ekewiniń de betleri almaday qızarıp, shananı tınbay aydap júr eken. Birese, tóbege minip tómen qaray zımırasa, birese, joldı boylap zıńǵıp júr, kishkene Zuxra aǵasın kórip:

— Aǵa, dó-ó-dóót, basıp ketpesin, biziń mashındı kórdiń be? — dep baqıradı.

Al, Gózzal bolsa onnan qalmay: Aǵa, aǵa mınaǵan qara qustay ushadı. Men Zuxranı alıp ushıp

júrmen, — dep Gózzal shanasın appaq qardıń ústinde zımıratıp aydap ketti.

Aǵası olardıń quwanıshın bóliskendey, mıyıq tartıp arqasınan qarap qaldı...

*Zubayda Ishmanova*

1. Gózzal ne ushın quwandı?
2. Aǵası qaladan ne alıp keldi?
3. Sizlerde usınday quwanısh boldı ma, bolsa qısqasha aytıp beriń.

## Qızıl botinka

Men onı Ásiyanıń ayaǵında kórdim. Tap-taza qızıl bılǵarı botinka, kózińdi qızıqtırıp jalt-jult etedi.

— Apa! — dedim úyge juwırıp kelip, — Ásiyaǵa apası qanday botinka satıp ápergenin kórdiń be? Tuw, qanday sulıw!

— Keshe etik satıp áperdim ǵoy. Aldıń — qıs, botinkanıń saǵan nege keregi bar?

— Tuw apa, botinkadan ayaǵım tońbaydı. Alıp ber maǵan...

— Qoy, onnan da moynıńa oraytuǵın sharf satıp ápereyin.

— Sharftıń nege keregi bar? Men paltonıń jaǵasın kóterip júre beremen... Apa, botinka...

— Olay bolsa, etigińdi dúkanǵa qaytadan aparıp bereyin, — dedi apam meniń sózimdi bólip, biraq jıllı shıray bildirmedi.

— Qıstan botinka menen-aq shıǵatuǵın bolsań, etiktiń keregi bar ma?

— Oh, qanday jaqsı! Endi mende sulıw botinka boladı.

— Quwanǵanımnan sekirip túsip apamnıń betinen súyip aldım.

Sol kúni keshte Ásiyanikindey jap-jańa qızıl botinka kiyip, men de kóshege shıqtım...

Aradan biraz kún ótti. Qızıl botinkanıń da qızıǵı basıldı. Ekinshi sherektiń dáslepki oqıw kúni baslanǵanda, qar qırpalaqlap jawıp tur edi, al úlken tánepiske shıqqanımızda, ol japalaqlap jawıp ketipti. Sabaqtan úyge kún bata qayttıq. Qar borap tur. Uytqıp ushqan qırpaq qar betke sabalap kirpikke jabısadı. Kórinip turǵan úyime jetkenshe, botinkanıń qısqa qonıshınan quyılǵan muzday qar ayaǵımdı tońdırıp jiberdi. Qalay qıpsalasam da sharfsız jalańash moynıma paltonıń jaǵası pana bolar emes. Qoynıma samal húwlep, burqasınlaǵan qar denemdi túrshiktirip jiberdi.

— Ishsha!

— Juwırıp úyge kirsem, apam asxanada júr eken.

— He, tońdıń ba? — dedi dirdeklep turǵan meni kórip júzinde jumbaq kúlki menen.

Men juwap ornına qattı titirkenip, tońǵanımdı bildirdim.

— Qalay, qıstan qızıl botinka menen shıǵa alasańba? Men úndegen joqpan.

Erteńine kún birotala suwıttı. Túnde jawǵan qar sharbaqtıń aldın basıp qalıptı. Úyilgen qarda ılaqtay sekirip qońsı balalar menen biraz oynadıq.

Tuw, kún qanday suwıq, qaltırap kettim!

— Qaraǵım-aw, mınawıń ne? — dedi apam sırttan kirgen maǵan irenjip.

Ayaǵıma qarasam, qonıshımnan quyılǵan qar erip, suw bolǵan botinkamnıń eki urtı tap jayınnıń basınday jalpayıp ketipti. Ózi bayaǵı jıltıraǵan túrtúsinen ayrılıp qalǵan eken. Keshe mektepten qaytardaǵı qattı tońǵanım birden yadıma tústi. Búgin qar onnan da qalıń ǵoy, mınaw menen mektepke shekem de jete almaytuǵın shıǵarman. Nege ǵana etikti dúkanǵa tapsır,— dedim.

Apamnıń kóz qarasınan bul sorawdı aytpay-aq túsindim.

Mektepke baratuǵın waqıt ta boldı. Botinkanıń bawın ótkize almay gúrbeńlep atırman. Ishi ele keppepti, shılqıldaǵan suw. Ózim botinkamnıń bawınıń pútkilley ótpegenin tilep turman. Írasında

da, sonday bir káramat bolıp qalsa she? Onda álbette, apam, sózsiz etikti qaytadan satıp áperedi.

Men usılardı oylaǵanımsha bolǵan joq, birden qara bılǵarı etigim dúrs etip aldıma túsip qalsa bar ma? Qarasam, apam qasımda kúlip tur. Qolında tap-taza qızıl sharf.

«Oy, — apam-ay?!» Quwanıp ketken men barlıǵın umıtıp, suw-suw bolǵan qızıl botinkanı sheship alıp, esikten dálizge qarap bir-aq zıńǵıttım.

— Áy, kórse qızar balam-ay! — dep apam maǵan qarap gúrsinip qoydı. Usı qızıl botinka ushın meni qanshelli qıynadıń, endi hesh nársege keregi joq sıyaqlı ılaqtırıp atırsań. Asıqpasań ele jaz da keledi, qızıl botinkanı da ele izleyseń...

*Z. Shúkirov*

1. Apası balaǵa nege irenjigendey boldı?
2. Nege qızıl botinka kerek bolmay qaldı?
3. Bala ne ushın quwandı?
4. Gúrrińdi túsinip oqıń.

## Jańa jıl yolkasında

Jańa jılda toylaymız,
Ortaǵa yolka saylaymız.
Ortada tur yolkamız,
Qosıq aytıp oynaymız.



Japıraǵı jasıldan,
Lenta, monshaq asınǵan,
Bezengen sulıw yolkamız,
Gúldey sulıw ashılǵan.

Shaqaları jaltırar,
Gújimge uqsas turqı bar.
Jańa jılda yolkamız,
Tınıshlıqqa shaqırar.

Appaq shashında,
Appaq telpek basında,

Ayaz babam keledi,
Jańa jıl yolkamızǵa.

*Bayniyaz Qayıpnazarov*

1. Sizler Jańa jıldı qalay kútip alasız?
2. Yolka aǵashın qalay bezeysiz?
3. Jańa jılda ózińizdi qalay sezesiz?
4. Qosıqtı tásirli etip oqıń. Yadlap alıń.

## Jańa jıl tilekleri

Shıraqlarım, meniń mınaw,
Jańa jılǵa tileklerim,
Hár insannıń máńgi soqqay,
Tınıshlıq dep júrekleri.
Tınıshlıq dep húkim súrgey,
Bárshe adam dos bolıp júrgey,
Kórmegey urıs-qaǵıstı,
Dúnya bolǵay bir naǵıshlı.
Kegi barlar ketkey jarasıp,
Bir-birine qushaq ashıp,
Balalarım urıs kórmey,
Áy, qudayım, óse bergey!
Jańa jıldıń bosaǵasın,
Quwanısh penen atlaǵaymız,
Qushaq ashıp Ayaz babam,

Hámme birden shadlanǵaymız,
Ókpe-giyne tarap ketkey,
Jaqsılıqqa qarap ketkey,
Biyǵárez bolǵay elimiz,
Abadan bolǵay jurtımız,
Abadan bolǵay kúnimiz,
Dúnyaǵa dańqımız jayılǵay,
Pútkil jáhán qayıl qalǵay.
Shaǵla Qaraqalpaqstanım,
Baylıǵıńız asıp-tasqay,
Doslar máńgi qushaq ashqay,
Balalarım, sizler ándamlı,
«Bes»ke oqıǵaysız mudamı.
Bolǵaysız ádepli-ikramlı,
Salamatlıq jáne en jayǵay,
Júzlerińiz bolsın ayday!
Tilegimizdi quday bergey,
Kózińiz máńgi jaqsılıq kórgey!

*Ábdirazaq Seyitjanov*

1. Shayır bizge qanday tilek bildiredi?
2. Siz doslarıńızǵa Jańa jılda qanday tilek bildire alasız?
3. Qosıqtı oqıń.

## Jańa jıl

Suwlar qatıp tońlaǵan,
Terekte japıraq qalmaǵan,
Qıstıń ózi qızıq-aw,
Áynekke naǵıs torlaǵan.

Aǵashlar qarǵa malınǵan,
Appaq kórpe jamılǵan,
Qar jawǵanda quwandıq,
Kóp eken onı saǵınǵan.

Sırǵanadıq qarǵa biz,
Tolıp turdı ortamız,
Kórinbey qaldı keshegi,
Biyday atız, arpa atız.

Qutlı bolsın jańa jıl,
Bolǵay jılım dana jıl.
Qar kóp bolsa — nan kóp der,
Xalıq quwanıp baratır.

*Ziywatdin Zamatdinov*

1. Jańa jılda qanday ózgerisler júz beredi?
2. Ne ushın qar kóp bolsa, nan kóp bolatuǵının ata-anańızdan sorap biliń.
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Jumbaq

Bir pálekte on eki túynek,
Altawı ashshı, altawı dushshı.

Jumbaqtıń sheshimin tabıń.

## Sportshı

Asqar inim azanda,
Shınıǵıwlar oynaydı,
Úkesi bar, oǵan da,
Úyretiwdi oylaydı.

Kúnde erte umıtpay,
Shınıǵıwǵa qunıqqan,
Som deneli polattay,
Deneleri shınıqqan.

Sportshı bop eliniń,
Qorǵamaqta namısın,
Tuwıp ósken jeriniń,
Alıp talay alǵısın.

*Árepbay Xalmuratov*

1. Asqar qanday bala?
2. Siz sport penen shuǵıllanasız ba? Qaysı túri menen?

3. «Saw denede sap aqıl» degen naqıldıń mánisin túsinip alıń.
4. Qosıqtı yadlap alıń.

## Shana



... Bıyıl qısta onshelli suwıq bolmadı. Qar da jawmadı. Qaytama qıstıń kún-leri jawın jawmas edi. Ǵarrı hayran qaldı. Sonsha jıl jasap qısta jawın jawǵanın kórgen emes... Búgin bolmasa erteń kún suwıtar, onnan keyin qar jawatuǵın shıǵar dese, azanda appaq qıraw túskenin kóredi. Kún jáne ısıp ketedi. Shanaǵa bir, hawaǵa bir kóz salǵan tınımsız aqlıqları atasına tınıshlıq bermedi.

— Ata, qashan qar jawadı?
— Nege jawmaydı?
— Shananı qashan aydaymız?
— Dekabr, Yanvar, Fevral ayları qısqa jatpayma?

Ǵarrı ne derin bilmedi. Erteń qar jawadı deyin dese jawmay qalsa... Ol da bolmaydı. Aspandı bult qaplasa ózi de qar jawar dep dáme etedi. Biraq ol dámesi pushqa shıǵadı.

— Ata qashan qar jawadı?

— Jawar shıraǵım.

Aradan jáne bir kún ótedi.

— Aspanda qalıń bult bar ǵoy, qar jawama ata?

— Bilmedim, shıraǵım. Jawsa jawar. Men qayaqtan bileyin.

— Ǵarrı endi shana satıp alǵanına qıylandı. Sorawlar kún sayın miyin teser edi.

Usı búgin aspandı tegis bult qapladı. Keshke qaray átirap túnerip turdı. Kóktegi bultlarǵa qarasa qar bultlarına uqsaydı. Jáne qar iyisi shıǵıp turǵan yańlı...

Biraq, kún qıstıń kúni degendey emes, jıllı... Sonnan qáwiplense de boladı.

— Ata búgin qar jawama? — dedi oqıwdan kesh qaytqan aqlıǵı.

— Kúndi bult bastı.

— Jawıp qalar, balam.

Úydegi eki aqlıǵı da sırtqa juwırdı. Azdan keyin úyge qaytıp kirdi.

— Ata, juldız kórinbeydi. Ay da joq. Dala qap-qarańǵı. Qar jawadı ǵoy, ya?

— Kóp kúnnen beri balalardıń gápin esitpegenge salıp shıdaǵan kempir, bul saparı belinen shorta qayrılǵan qamıs kibi shırt etip ashıwlandı.

— Otırıń-á túwe... Atańız qardıń baslıǵı ma? Jawsa jawar, jawmasa jawmas. Shana aydamaǵanda ólip baratırsızlar ma?

Kishkene balalar tım-tırıs qaldı. Jatarda jawın jawıp turǵanın kórgen balalar qıynalıp tońqıldadı.

— Áy, kerek emes bolsa da jawın jawıp atır. Shananı aydarsań endi!

Ǵarrı tań aldında sırtqa shıqtı. Samal turıp, úy aldındaǵı tereklerdiń quwraq shaqaları shır-tıldap sınıp ses berip tur edi. Qapını sırtqa qaray ashqanda, aspannan bir túyirden appaq nárse túsip turǵanın ańladı. Sonda da ele jer beti aǵarmaǵan edi. Ol alaqanın jaydı hám oǵan qar túyirleri tústi. Qar. Sonsha kúnnen berli kútken qar. Qıstıń kelbetin qubıltatuǵın qar! Shıdamsız aqlıqları taqatsızlanıp kútken qar!

— Jarıqlıq-á, quyıń! Quyıń! — dedi alaqanına erigen qarǵa sıǵalap qarap. — Jerdi appaq kórpe menen jabıń. Aqlıqlarım shana aydaǵanday bolıp qalıń jabıń. Men de, aqlıqlarım da, seni kúttik. Qádemińe gúl pitsin seniń, jarıqlıq appaq qar.

Ǵarrı erte turdı. Aqlıqlarınıń pısıldaǵan murınlarınan qısıp kishkene qulaqlarınan tartıp oyattı.

— Qar jawdı, balalarım. Túrgeliń. Shanańızdı jerge túsirip qoydım. Ádep dalaǵa shıǵıp qardı kórip qaytıń, onnan soń qalıń kiyinip alıń da shana aydań. Shanańızdı zırlatıń.

Ǵarrı sol kúni aqlıqlarınıń shanaǵa eki-úshten minip biyikten tómen quldırap júrgenlerine dalaǵa

shıǵıp ta, úyde tereze aldında turıp ta qaradı. Qıstan berli aqlıqları birinshi ret búgin kewilli oynap, kúndi qızıqlı ótkerip atırǵanday edi oǵan.

— Biraq eki kúnnen keyin jáne jılıttı, qar erip ketti. Endi tek kún nurı túspeytuǵın jerlerde ǵana qarlar erimesten jatır edi.

— Way-buw mına qar demde erip ketti. Shananı bunnan jáne tóbege baylap qoyasań ba? — dedi oǵan aqlıqları.

— Olay etpeymen, shıraqlarım, — dedi ǵarrı olarǵa túsindirip.

— Ana, erimey jatırǵan qarlar jáne qar kútip atır...

— Qar kútkeni qalay, ata?

— Barlıq jerdegi qar birden erip ketpese, onda jáne qar jawadı degen belgi... qar qardı kútedi. «Qardıń basın qar alar» degen.

— Onda qar jáne jawadı dese...

— He-e, tap sonday. Qar jawadı.

Bári bir ǵarrınıń aytqanı bolmay atır. Aqlıqları onnan:

— Qar qashan jawadı? Mına qardıń basın qashan qar aladı? — dep kúnige júz ret soraydı. Ǵarrı hár saparı:

— Jawadı, — dep qısqa juwap beredi.

Biraq ishinen bıyılǵı qıstıń sonshama qarsız bolǵanına qıynaladı. Shana bolsa ele tóbege qoyılǵan joq.

Qısta qar jawmaydı dep aytıwdıń ózi de bir túrli. Hár máwsimniń ózine ılayıq belgisi, sáni, saltanatı bar emes pe? Qıstıń sáni qar ǵoy.

Solay etip, bıyılǵı qıs qısqa hárgiz usamastan ótá ketti.

*Ábdimurat Atajanov*

1. Ǵarrı aqlıǵına shananı ne ushın alıp keldi?
2. Ǵarrı menen aqlıǵınıń mazasın alǵan ne yedi?
3. Sizler qısta ne isleytuǵınıńızdı aytıp beriń.

## Muzdaǵı oyın

### I

Awıldıń sırtındaǵı aydında gileń balalar bolıp xokkey oynar edik. Aydın awıldan biraz qashıq.



Búgin de gezektegi oyın ushın kúnniń suwıǵına qaramastan aydınǵa qaray jol tarttıq. Aydın shiyshedey, kók-kóńbek bolıp tınıp turadı.

Bul jer bizlerdiń eń bir súyikli ornımız. Sebebi, jazdıń ıssısında suwına shomılıp, ıssı qumına awnap, tınıq suwına qarmaq qurıp, ház etip dem alamız. Bizlerden basqa da úlken adamlardıń da súyikli ornı. Qısta bolsa shiyshedey tegis muzında konki tewip jarısamız. Bul aydındı kópshilik adamlar «bulaq» — dep te ataydı. Sebebi, aydınnıń suwı hesh waqıtta qurtılǵan emes. Báhár, jaz aylarında oǵan taza ılay suw jiberiledi. Biraq ishiwge suwı ashshı. Sonlıqtan da qısta ortaǵa barıw qáwiplirek. Qaymaqlasıp qatpay turadı. Ásirese onıń jazdaǵı sulıwlıǵın aytpaysań ba? Aydınnıń dógeregindegi japıraqları suwǵa malınıp turǵan nuw qaraǵay qamıslar. Qamıslıqqa uya salıp palapanların ushırıp júrgen alma bas úyrekler hám taǵı basqa quslardıń aydın ústinde sayrasıp ushıp júrgeni adamǵa lázzet baǵıshlaydı. Búgin de kúndegishe oyın eki tárepke bólinip qızıp ketti. Birinshi komandanı Azat basqaradı. Ekinshi komandanı Maqset. Ortada júretuǵın sudya ádettegidey Narbay.

Narbay bizlerge ne aytsa soǵan baǵınamız. Sebebi, ol bizler bilmeytuǵın xokkey haqqında túrli tártipti sol sheship beredi. Hátteki televizordan

xokkey bola qalsa awqat jemewine qayıl. Qaysı komanda menen qaysı komanda oynaǵanın, qaysı komandanıń utqanın, kimniń shtrafnoy bolǵanı ushın shıǵarıp jiberilgenin túsigin qaldırmastan aytıp beredi. Sonlıqtan da onıń aytqanların durıs shıǵar, — dep tártibine «lábbay» dep baǵınamız. Al sál nárseniń ústinde eregise qoysań:

— Háy, sen bileseń be ya men bilemen be? Qoysań-á olay bolmaydı, bolmasa oyınnan shıǵarıp jibereyinbe? Sudyanıń erki ózinde dep maqtanıńqırap ta qoyarı bar. Keshe de biziń komanda utıwı kerek edi. Azattıń komandasın jaqsı oynadıǵa shıǵarıp utıstı solarǵa berdi. Biraq ta oǵan Maqsettiń komandasınıń balaları kelisim bermey ókpelesip qaldı. Bul waqları teńbe-teń bolsın kimniń utatuǵının erteń kóremiz, bári bir Azattıń komandası utadı, — dedi nıǵızlap mardıyıp.

— Yaqshı kóremiz, — desti biziń komandanıń balaları ǵawırlasıp.

1. Balalar aydında qanday oyın oynadı?
2. Komandalardı kim basqardı?
3. Xokkey oyınına kim sudyalıq etti?
4. Balalar nege ókpelesip qaldı?
5. Qısta oynaytuǵın oyınlarıńız haqqında aytıp beriń.

## II

Mine búgin taǵı aydınǵa jıynalıstıq. Maqset bizlerge: — Balalar! Búgin sonday ıqlas penen oynayıq. Keshegi Narbaydıń gápine taba bolmayıq. Jan-tánimiz benen ayanbay tártipli túrde bir-birińe qarap oynań — dedi hámmemizge isenimli túrde. — Kóremiz búgin kimniń utarın — destik hámmemiz birden. Oyın baslanıp ketti. Maqset aytqanday bir-birimizge shaybanı sonday sheberlik penen ótkerip turmız. Birinshi «gol» dı Maqsettiń ózi basladı. Balalar onnan sayın shaqqanlıq penen oynay basladı.

— Áne qalas, ekinshi «gol», úshinshi «gol», shayba ótkergen sayın Narbay ashıwlanıp úshpelegin sál nársege qayta-qayta shertip tur. Bári bir haq haqlıǵına shıǵadı. Narbaydıń inisi de tártipti buzıńqırap shaybanı aydınnıń ortasına qattı qaǵıp jiberip tur. Onı balalar Jiyenbay «jalaq» der edi. Olar bizlerge qarsılas komandadan. Mine taǵı shaybanı aydınnıń ortasına qaray qaǵıp jiberdi.

Biziń komandanıń hújim jasawshısı Ǵániy shaybanı quwıp ketti.

— Toqta! Qayt keynińe, oyılasań. Aldıńda jılıw bar, — dep dawısımnıń barınsha baqırdım. Dawısımdı Ǵániy esite almadı. Aytqanımday-aq jılıwǵa oyıldıda ketti. Hámmemiz solay qaray shıbınday ushtıq. Endi ne islew kerek? Ǵániy bolsa muzǵa tırmasıp shıǵa

almay atır. Janına jaqınlaw hámmemizge de qáwipli. Men balalarǵa:

Hámme muzǵa etbetińizden jatıp, birińizdiń qolıńızdan birińiz qattı etip uslań, — dedim. Tap solay etip qolımızdıń ushın Ǵániyge sozdıq. Ǵániy bolsa jan-tánı menen tırmasıp sırtqa shıǵa almay batıp-shúmip atır. Zorǵa degende shıǵarıp aldıq. Ǵániy bolsa mayǵa túsken tıshqanday bolıp úskini qashıp dır-dır etedi. Narbayda shırpı bar eken. Jaǵadaǵı qamıslardan jıynastırıp ot jaqtıq. Ǵániydi otqa ákelip sheshindirdik. Men paltonımdı berdim. Azat shalbarın, Maqset jempirin berdi. Qalǵan balalar bolsa jıńǵıldı ákelip ottı gúrletti.

Ǵániyge:

— Qalaysań Ǵániy, tońbadıń ba? — desem:

— Joq, tońbadım. Raxmet, doslarım, sizlerdiń bunday ǵamxorlıǵıńızǵa, — dep kúldi.

Solay etip, ot basında ısınıp, Ǵániydiń kiyim-lerin de keptirip aldıq. Sol kúngi oyınnıń utısı biziń komandaǵa sheshildi. Kún qansha suwıq bolsa da, bizlerdiń bekkem awızbirshiligimizge tásirin tiygize almadı. Ǵániydi awırıp qalarma dep edik. Erteńine azanda oqıwǵa kúlip-oynap birge bardıq. Men dúnyada awızbirshilikten, doslıqtan kúshli zat joq ekenligin túsindim.

*Árepbay Xalmuratov*

1. Maqset óz komandasına qanday tapsırma berdi?
2. Birinshi goldı kim ótkerdi?
3. Narbay nege ashıwlandı?
4. Jiyenbay jalaq kim edi?
5. Ǵániy suwǵa qalay barıp qaldı?
6. Dosları onı qalay qutqardı?
7. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## 14-YANVAR — WATAN QORǴAWSHÍLARÍ KÚNI



## Qorǵayman

Tuwıldım ba, ana jerimde,
Erjettim be onıń kóksinde,
Demek, Ana-Watandı qorǵaw,
Perzentlik parızım meniń de.

Bastırmayman jattıń tabanın,
Shań tiydirmey ayday jamalın.
Ana-Watanımdı qorǵayman,
Tilegindey hárbir ananıń.

Watan ushın buwıp belimdi,
Mańlayımnan tógip terimdi,
Ana-Watanımdı qorǵayman,
Qásterleymen tuwǵan elimdi.

Xalqım súyer ashıq aspandı,
Tınıshlıqta atqan hár tańdı,
Heshkimge heshqashan bermeymen,
Aziz anam — Ózbekstandı!

*Ziywatdin Zamatdinov*

1. 14-yanvar qanday bayram?
2. Biz Ana-Watandı qalay qorǵaymız?
3. Sizler Watanıńızǵa qanday úles qosa alasız?
4. Qosıqtı túsinip oqıń.

## Degeley*

Kúnde azanda quraq sumkanı iynimizge asınıp alıp, ishine bir zaǵaranı tıǵıp mektepke bara-barǵansha juwırısamız. Ayaǵımızda qonıshı dizemizden asqan sherim etik. Ol da júrsek tirsegimizdi ǵayzaydı. Bir kúni Baymurat maǵan:

— Ha, Elmurat jora, etik eki bastan ayaǵımızdı qısqanı menen turmay ǵayzaydı. Onnan da mektepke barǵansha jalań ayaqlanıp ekewimizde etigimizdi qoltıǵımızǵa qısıp juwırısa bereyik. Áne, sonda hámme balalardan burın oqıwǵa baramız, — dedi. Onıń bul aytqanı shep bolmadı. Úyden kiyip shıǵamız da, bılay shıǵıp etigimizdi sheship «mektep qaydasań» dep, góne sheldi jaǵalap shapqılasıp otıramız.

Kún de bara-bara ayaz tartıp ketti. Ayaqtaǵı etiktiń ısıwı az, bas kiyimimiz de joqtıń qasında. Malaqay da qáhát.

Meniń qulaǵımnıń tońǵanına apam:

— Elmuratjan, aǵań malaqay ákelgenshe aǵań-

---

***degeley** — bas kiyimniń bir túri.

nıń góne degeleyin kiyip oqıwǵa bara tur. Oqıwıńnan qalsań bolmas, shıraǵım, — dedi basımnan sıypap.

Erteńine azanda aǵamnıń degeleyin kiyip oqıwǵa bardım.

Barıwdan balalar degeleydi hárqaysısı bir kiyip kórip, biraz kúlisip aldı. Kúni menen ermegi men boldım. Ábden qoymaǵan soń muǵallimge aytıp berdim. Keyin barıp balalar mazaqlaǵandı qoydı.

Erteńine mektepte mendey degeley, jataq malaqay kiygen balalar biraz kóbeye basladı.

Qıs ótip, kún jılıǵannan soń degeleyin ózine qaytarıp berdim. Bilmeymen aǵamnıń bası ıssılamay ma, úyde chay iship otırsa da, bir jerge barsa da, jumıs islese de degeleyin basınan sirá taslamaydı.

Sóytip júrgende bir kúni aǵamdı armiyaǵa shaqırttı. Úyde kewilsizlik payda boldı. Men de ózimdi úlken adamlarday sezip, salmaqlı bola basladım.

Gúzdiń keliwi menen eginlerdiń aldı jıynala basladı. Bir kúni apam júweriniń ortasınan qırshılǵan tarı qırmanǵa góne kamzoldı tayaqqa ildirip, ushına aǵamnıń bayaǵı men kiygen degeleyin qaraqshı etip ildirip qoyǵanın kórip qaldım. Degeleydi kórip aǵam yadıma túsip biraz muńayıp qaldım. Meni aǵam janınday jaqsı kóretuǵın edi. Degeley gónetozlaw bolsa da dárriw aldım da,

qaǵıp-qaǵıp jiberip, úyge kelip diywaldaǵı jıńǵıl qazıqqa ildirip qoydım.

Bir kúni úkem men joqta ildiriwli turǵan degeleydi kesew menen túrtip túsirip, oynap basına kiyipti. Keyin onı taslap, dalaǵa oynap ketipti. Jollı degen iytimiz bar edi, ózi oyınshıl, soǵan tap bolar ma! Degeleydiń góne astarın tislep, jırtıp taslaǵan eken. Juwırıp barıp iytti quwıp jiberdim de, degeleydiń astarınıń astınan puldıń ushı shıǵıp turǵanın kórip qaldım. Ádewir aqsha eken. Men onıń neshe som ekenin sanay almadım. Keshte apama berdim. Apam puldı kórip biraz quwanıp qaldı.

— «Elmuratjanǵa usı kiyatırǵan bazarda bir malaqay satıp áperemen», — dep júr edi, ákeń. Sonıń arasınsha, ózi armiyaǵa ketip qaldı. Al, pulın qayda qoyǵanınan biyxabar edim, — dep qamsıqtı ol.

Puldı apam aldı da, men degeleydi taza bir tartımday bóz oramalǵa túyip, puxtalap joqarılaw qaǵılǵan jıńǵıl qazıqqa ildirip qoydım.

*T. Tóremuratov*

1. Urıs waqtında balalar qalay kún keshirdi?
2. Bala ákesiniń degeleyin ne ushın qádirledi?
3. «Sherim» degen sózdiń mánisin muǵallim arqalı túsinip alıń.
4. Gúrrińdi oqıp mazmunın sóylep beriń.

## Hasla urıs bolmaydı

Áskerlikte ájaǵam,
Shegaranı qorǵaydı,
Sálem xatın ol maǵan,
Saǵınıshlı jollaydı.

Súwretin ol jaqında,
Maǵan arnap jibergen,
Avtomatı qolında,
Shegarada tur eken.

Tınıshlıqta hárdayım,
Qorqınıshtı bilmeymiz,
Oynap, kúlip arqayın,
Jaynap ósken gúldeymiz.

Hámme ásker dushpannan,
Tuwǵan jerin qorǵaydı,
Isenimli aytaman,
Hasla urıs bolmaydı!

*Árepbay Xalmuratov*

1. Qosıqta ne haqqında jazılǵan?
2. Sizlerdiń de ájaǵalarıńız áskeriy xızmetke barǵan ba?
3. Ájaǵalarıńızdan áskeriy xızmet haqqında sorap bilip alıń.

4. Olar qaysı bólimde xızmet etkenin sorap, doslarıńızǵa aytıp beriń.

## ULLÍLARDAN ÚYRENEMIZ

### Dosnazarov kelgende



1924-jılı gúz aylarınıń bir kúni edi. Sabaqlar qızıp júrip atır. Tánepis waqtı bolmay-aq mektep qońırawınıń shıńǵırlaǵan dawısı shıqtı. Muǵallimler óz klasınıń oqıwshıların qatarlastırıp dizip qoydı. Muǵallimlerdiń birewi ortaǵa shıǵıp:

— Qaraqalpaq xalqına erkinlik alıp kiyatırǵan Allayar Dosnazarov degen jası úlken keshe Tórtkúlden faeton arba menen shıǵıp, búgin Shımbayǵa kiyatır eken. Dosnazarovtıń aldına shıǵıp kútip alamız! — dedi. Muǵallimler balalardı qatarlastırıp dizip, kóshe boylap baslap alıp keldi.

Bir waqıtları: Dosnazarov kiyatır! Dosnazarov kiyatır! — dep bir torı atlı shawıp keldi. Sonıń arasında faeton arbanıń qońırawınıń shıńǵırlaǵan dawısı esitildi. Há demey-aq qos at jekken faeton arba qos ayaqlap jetip kelip topqa aralastı.

Faetonnıń ishinen arıqtan kelgen sarı tatar jigit shıqtı. Bul Dosnazarovtıń járdemshisi Paxratdiyin Shunshaliev degen adam eken. Onnan keyin páskeltekten kelgen sarı sınlı kisi shıqtı. Ol Allayar Dosnazarov eken.

Dosnazarov faetonnan shıǵıwdan-aq, bir nársege qattı quwanǵan adamlarday bolıp «Aǵayinler!» dep baqırıp jiberdi.

Miting baslandı. Sheshenler sóz sóyledi. Ondaǵı meniń esimde eles-yeles qalǵanı: «Jasasın, erkin qaraqalpaq! Qaraqalpaqqa erkinlik alıp bergen Dosnazarov jasasın!» — degen sózler boldı.

Sol kúni keshte Shımbaydıń qaq ortasınan aǵıp turǵan Kegeyli arnasına salınǵan bálent payapıldıń qasındaǵı «Qala aqsaqallarınıń jayı» dep atalatuǵın jayda úlken jıynaq bolıp, onda Allayar Dosnazarov sóz sóyledi. Terezeden basımızdı tıǵıp tıńlap turdıq. Dosnazarovtıń «jas balalardı oqıtıw kerek» — degen sózleri dalaǵa jańǵırıp esitilip turdı.

*Qallı Ayımbetov*

1. Allayar Dosnazarovtı xalıq qalay kútip aldı?
2. Allayar Dosnazarov xalıq ushın qanday xızmetler islegen?
3. Gúrrińniń mazmunın sóylep beriń.

## Sizge tájim, Ana-jer!

*(qısqartıp alındı)*

Ar-namısın bermey jawǵa,
Miyras etken babalarım,
Bunda batır Ernazarǵa,
Háyyiw aytqan analarım.

Kóp kórse de ǵam-azaplar,
Zer topıraqlı jerlerim bar,
Shayır Berdaq, Ájiniyazlar,
Táriyplegen ellerim bar.

Elim meniń el bolsın dep,
At salısqan Allayarı,
Zor ellerge teń bolsın dep,
Xızmet eter márt ulları.

Keńpeyillik kelbetine,
Qas qoyǵanday jarasadı,
Allaniyazday perzentińe,
Dúnya tań bop qarasadı.

*Altıngúl Óteniyazova*

1. Qosıqta kimlerdiń atları ataladı?
2. Sol insanlar haqqında muǵallimińizden sorap bilip alıń.
3. Qosıqtıń qálegen eki tobın yadlap alıń.

## Bul kim, balalar?

*(mektep saxnasında)*

I bala: — Ana Aral boyında,
Qálem tutıp qolına,
Túsken bárha pidayı,
Shayırlıqtıń jolına,
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Ol Ájiniyaz babam,
Shayır oyshıl adam,

II bala: — Bolıp bilim jıynaǵı,
Tań qaldırǵan Xiywanı,
Medresede-aq atanǵan,
Aralımnıń Ziywarı,
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Xalqıma mıń qayırı,
Ol — Ájiniyaz shayırı,

III bala: — Ayralıq janın xor etken,
Tuwǵan jerge zar etken,
Sonda da eldiń gimni,
Bozatawdı dóretken!
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Ol Ájiniyaz babamdur,
Ziya shashqan danamdur.

IV bala: — Elim dep qosıq órgen ol,
Sóz hinjisin tergen ol,
Tuwısqan qazaq shayırı,
Qız Meńeshti de jeńgen ol,
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Ájiniyaz — shayır sultanı,
Máńgi jańǵan sholpanı.

V bala: — Yosh-ilhamǵa qunıqqan,
Qos qolda nama, jer tutqan,
Sazende menen góyende,
Máńgige ózin pir tutqan,
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Teń shapqan qosıq, namada,
Ol Ájiniyaz baba da.

VI bala: — Ólse de qayǵı dárt penen,
Elsiz hesh jırın shertpegen,
Sol ushın máńgi el menen,
Ólimdi pisent etpegen,
Bul kim, balalar?

Kópshilik bala: — Bárha ısıq maǵan, saǵan da,
Ol — Ájiniyaz babam da.

*Saǵın Ziyawov*

1. Shıǵarmada Ájiniyaz shayır qalay táriyiplengen?

2. Klasta hárbir balanıń sózlerin (muǵallimniń basshılıǵında) rollerge bólip atqarıń.
3. Shıǵarmanı rollerge bólip oqıǵanıńızda ózińizdi qalay sezdińiz?

## Atadan tálim alamız

Baxıtlı jas balamız,
Atadan tálim alamız.
Er namısın qorǵaǵan,
Sizlerdey márt bolamız.

Qıyınlıq bolsa jeńemiz
Mashaqat bolsa kónemiz.
Atalar sizdey shıdamlı
Bolıwǵa wáde beremiz.

Gúreske shıqsaq qaytpaymız,
Watannıń duzın aqlaymız.
Siz bergen múlkti atalar,
Kóz nurınday saqlaymız.

Biz ushın bárin dórettiń,
Qıranday shıńǵa úyrettiń.
Bizlerdi abat óssin dep,
Quwraǵan shóldi gúllettiń.

Dawam etip erlikti,
Ómirge ádil teńlikti,

Ant etemiz atalar,
Saqlawǵa doslıq, birlikti.

*Karamatdiyin Sultanov*

1. Bala ata aldında qanday wáde berdi?
2. «Siz bergen múlkti atalar, kóz nurınday saqlaymız» degen gápten neni túsinesiz?
3. Siz qanday insan bolıwǵa wáde beresiz?
4. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Jumbaq

Aǵayinli tuwısqan,
Birin-biri quwısqan.

*(kóz)*

## Atamnıń aytqanları

Qatıqqa ser salshı gúzede turǵan,
Uytqısı buzılar eger shayqasań,
Jaqsı emes, pútin nárseni buzǵan,
Al, ómir de sonday, balam, bayqasań.

Balam, sol uytqıǵa megzetip turman,
Dúnya pútinligin, insan doslıǵın,
Onı shayqaw ushın hasla urınbań,
Onda buzıladı waqtı-xoshlıǵıń.

Júreksiz janlar bar júdá shubhashıl,
Tınıq sezimlerge salar tútinlik,
Hátte, buza górme qustıń uyasın,
Dúnyaǵa jarasar birlik, pútinlik.

*Bazarbay Seytaev*

1. Atası balasına qanday násiyatlar bergen?
2. Doslıq degendi qalay túsinesiz?
3. Qosıqtı oqıw arqalı ózińizge qanday juwmaq shıǵardıńız?
4. Qosıqtı túsinip oqıń.
5. «Atalar sózi — aqıl» degen temada muǵallimińiz benen sáwbet ótkeriń.

## JAMANNAN QASH, JAQSÍǴA JANTAS

### Ádilbektiń ádeti

Ashıp kórseń dápterin,
Dápteriniń betlerin,
Sıya tamıp jayılǵan,
Múyeshlerin qayırǵan.

Geybir sózin sızıptı,
Jazıw sının buzıptı,

Izinen tirkep esaptı,
Bir jańalıq baslaptı.

Eki qosıw ekige,
Teń dep qoyǵan jetige,
Sońı pitpey qalıptı,
Endi súwret salıptı.

Úyip qoyıp qawındı,
Silpiletip jawındı,
Shıjbaylaptı erinbey,
Esabı bir kórinbey.

Kitapların qarasań,
Izden ketti parasat,
Talay betler jırtılǵan,
Talay betler qırılǵan.
Ádetleri dım ersi,
Ádilbektiń bul nesi?..

*A. Seytekov*

1. Ádilbek qanday bala?
2. Sizlerdiń arańızda usınday balalar bar ma?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Azıp qalǵan kúndeliktiń arızı

Men qayaqtan tap boldım, — dep salaqqa,
Kúndelikten saza shıqtı bir kúni.

— Ermek ushın ákeler tek sabaqqa,
Durıs paydalana almaydı meni.

Sumkasında jıyrıqlanıp jataman,
Tek muǵallim eskertkende shıǵaman.
Shıqqan sayın tómen ballǵa bataman,
Abırayımnıń pás ekenin uǵaman.

Geyde jalǵan sóylep óz ustazına,
Qaldırǵan boladı meni úyinde,
Sirá úyinde alsa eken-aw qolına,
Jatırman tek sumkasınıń túbinde.

Bir betimnen ayırılaman eger de —
Oqımasa. Meniń awhalım sonday.
Túsinbeymen oǵan ayıplı men be!?
Azıp óler boldım bir jılǵa tolmay.

*Gúlistan Pirnazarova*

1. Kúndelik dápterdiń iyesi qanday bala?
2. Siziń arańızda sonday balalar bar ma?
3. Qosıqtı oqıp, mazmunın túsinip alıń.

## Sawǵa

*(gúrriń)*

Tórebay sırtqa shıǵıp ketkennen-aq men taxtanıń aldına ótip, saltanatlı túrde daǵaza ettim:

— Balalar! Búgin Tórebaydıń tuwılǵan kúni! Hámme shuwlasıp, klass demde shawqımǵa toldı.

— O-ho, zor ǵo onda!

— Sen qayaqtan bileǵoydıń?

— Saǵan ózi ayttı ma?

— Ózi aytpadı, — dedim men. — Tórebay biziń qońsımız. Al, tuwılǵan kúni tuwralı men úyde apamnan esittim.

— Sonda baǵana nege qutlıqlamadıń?

— Onda ele sawǵa alǵan joq edim-dá.

— Endi aldıń ba?

— Awa, aldım. Mine, — usılay dep, mektebimizdiń qaptalındaǵı dúkannan alǵan bir bólek iyisli sabınımdı kórsettim.

— Sabınnan da sawǵa bola ma yeken? — dedi Matrasul.

— Birinshiden, bul — iyisli sabın, — dep túsindire basladım. — Ekinshiden, bul sawǵamdı muǵallimge kórsettim. «Boladı, arzan hám jaqsı. Úlken tánepiste tapsırarsań», dedi. Klaslaslarıń da sonda qutlıqlaydı, dedi. Bildiń be?

— Boladı, — dedi Matrasul. — Men de qutlıqlayman.

— Men de sawǵa alaman, — dedi Saraxan ornınan turıp.

— Men qalaman ba? — dedi Bahadır klastan sırtqa shıǵıp baratırıp. — Al, sawǵaǵa kettim.

Basqalar da qarap qalmadı.

Al, úlken tánepisimiz naǵız bayramǵa usap ketti. Búgin toǵızdı toltırıp, on jasqa qádem qoyǵan Tórebayǵa birinshi bolıp muǵallimimiz jaqsı sózler ayttı hám jıltırawıq qabı bar súwretli kitapsha sawǵa etti. Ekinshi bolıp men shıǵıp, qaǵazǵa orawlı sawǵamdı berdim. Mennen soń klaslaslarım izli-izinen qutlıqlap, sawǵaların Tórebaydıń qolına tapsırıp turdı.

Sońı ne boldı deysiz be? Aytsam isenbeysiz-aw! Sol kúni quwanıshtan awzı qulaǵına jetken Tórebay úyine bir arqa sawǵa — hárqaysısı óz aldına qaǵazǵa muqıyatlap oralǵan jigirma jeti bólek iyisli sabındı kóterip qayttı.

*Axmet Aqnazarov*

1. Bala oqıwshılarǵa neni daǵazaladı?
2. Dosları Tórebayǵa qanday sawǵa tayarladı?
3. Sizler doslarıńızǵa ne sawǵa etken bolar yedińiz?
4. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## Naqıl

Ótirik degen dushpan bar,
Otqa súyrep saladı.

Jaqsı adamnıń belgisi,
Ástelik penen sóyleydi.
Kishilikti oylaydı.

Naqıldı yadlap alıń.

## Ármanlarım

Úlken ájaǵama usap,
Kiyimimdi taza uslap,
Kiyip júrsem kir juqtırmay,
Ata-anam ashar qushaq.

Ustaz sózi tur yadımda,
— Ádep saqla jurt aldında,
Húrmetlep ózimdi sonda,
Ata-anam ashar qushaq.

Jaman isti etpey hesh te,
Tayar tursam miynet dese,
Kútsem sıylap qonaq kelse,
Ata-anam ashar qushaq.

Úlgi alıp «baǵmanımnan»,
Jaqsı oqısam sabaǵımnan,

Járdemlessem bos wağımda,
Ata-anam ashar qushaq.

*K. Aymanov*

Qosıqtı yadlap alıń.

## Gerbish

Shamurat ağa úyiniń qaptalına kishigirim asxana hám ol-bul qoyatuğın dánxana salıw ushın jaz shığıwdan dáryanıń boyına barıp, gerbish quyıp atır edi.

Túste oğan aqlığı Mırzabek awqat, chay ákeldi. Atası túslenip bolaman degenshe Mırzabektiń ishi pisti. Ne oynarın bilmedi. Qarasa, atası quyğan ger-bishlerdiń qasında uzınlığı bir metrdey tayaq jatır eken. Ol tayaqtı aldı da, onı bir barmağınıń ushına qoyıp, kóp waqıtqa deyin túsirip jibermey oynap júrdi. Qápelimde ol atası jańa ğana quy-ğan gerbishtiń birewin bilmey basıp aldı.

Mırzabek bul ayıbın bildirmew ushın dım ún-demey kelip, atasınıń qasında otırıp aldı.

— Boldım balam, ıdıslardı jıynap ákete ğoy, — dedi atası oğan azıraqtan keyin.

Mırzabek «ayıbı» bilinbey tez-tez úyge qayttı.

Shamurat ağa azıraq tınığıp alıp, náwbettegi qálipti kóterip kelip edi, jańa ğana jas gerbishtiń ústinen basılğan balanıń izin kórdi. Ol aqlığınan



sirá da gúmanlanǵan joq. Bılay-bılay qarap edi, gúbelek quwıp júrgen bir balanı kórdi.

— Berman kel! — dedi oǵan ashıwı kelip. Hesh nársege túsinbegen bala juwırıp keldi.

— Mınaw kimniń izi?

— Bilmeymen.

— Nege bilmeyseń? Usı dógerekte sennen basqa bala bar ma?

— Meniń izim emes, — dedi bala kúyip-pisip.

— Onda kimniń izi ya? Kimniń izi deymen?! Saǵan aytaman! — Shamurat aǵanıń ashıwı kelip, balanıń shekesine bir shappat uradı.

Meniń izim emes dedim ǵo, meniń izim emes! Meniń izim — Mine! Mine! Mine!

Bala ashıw menen jılap júrip tórt gerbishten uzınına tóselip jatırǵan hámme gerbishti nıqlap-nıqlap basıp ótip, arı qaray qashıp ketti.

*Muratbay Nızanov*

1. Shamurat aǵa ne maqsette gerbish quyıp atır edi?
2. Mırzabek qanday ayıp isledi?

3. Shamurat aǵa kimdi ayıpladı?
4. Ayıpsız bala qalay juwap qaytardı?
5. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## Partanı sızǵan bala

Óz partasın ózi sızıp,
Bir bala boldı qızıq,
Jala jawıp basqalarǵa,
Otırıptı kózin súzip.

Kórip edik kópti jıyıp,
Qaltasınan taptıq mıyıq,
Ózi otırǵan partasın,
Qalay sızǵan kózi qıyıp.

Oyıp jazıw eken atın,
Túsinipti soń parqın,
Hár kún sayın aytılıp júr,
Búldirmeń dep mektep zatın.

Wayranlamań mektep zatın,
Onı soqqan qollar altın,
Partaǵa sızba, jaqsı oqı,
Sonda seniń, shıǵar atıń.

*Zubayda Ishmanova*

1. Qosıqta oqıwshınıń jaman ádeti qalay kórindi?
2. «Mektep múlki — óz múlkiń» degen temada muǵallim menen pikirlesiń.

## Mektebim

Jıllar jıljıp ótpekte,
Kewlime sewip nurların,
Tuńǵısh ret mektepte,
Aldıq bilim sırların.

Dáslepki ret bilimdi,
«Álipbe»den basladıq,
Keleshekke kúlimlep,
Nıq qádemdi tasladıq.

*Keńesbay Seydanov*

1. Usı waqıtqa shekem mektepte nelerdi úyrendińiz?
2. Qanday doslar arttırdıńız?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

# ARALÍMNAN AYÍRMA

## Balam-áy!

Aral desem dártlerim,
Qoza berer balam-áy!
Kewildegi gáplerim,
Saza berer, balam-áy.

Qızıl sózden suw tolmas,
Úmitim sen, balam-áy.

Kisige qalǵan kún ońbas,
Jigit bol tez, balam-áy.

Aq siynemnen barǵan duz,
Uwlar táníń balam-áy.
Jan halatta bir teńiz,
Shuwlar janım, balam-áy.

Bul apattı joymasań,
El joyılar balam-áy.
Ájel kózin oymasań,
Jer oyılar, balam-áy.

Dárya suwın molaytıp,
Nabat etkil, balam-áy.
El-xalqıńnıń talayın,
Abat etkil, balam-áy.

Júz jıldan soń bul jırım,
Tariyx bolǵay, balam-áy.
Baǵlar ǵawlap qulpırıp,
Aral tolǵay, balam-áy.

Dártim ketip ılaǵıp,
Ertek bolǵay, balam-áy.
«Ertegimniń qulaǵı,
Kelte bolǵay, balam-áy».

*Gúlnara Nurlepesova*

1. Aral teńizi biz ushın qanday áhmiyetke iye?
2. Onıń qurıwı qanday aqıbetlerge alıp keledi?
3. Qosıqtı «Ana háyyiwi» namasına salıp atqarıń?
4. Shayır teńizge qanday tilek bildirip atır?
5. Qosıqtı yadlap alıń.
6. «Suw — tirishiligimiz tiykarı» degen temada muǵallimińiz benen sáwbetlesiń.

## Aǵam aytqan áńgime

Báhárdiń bir kúni arqadan dawıl bolıp, Ámiwdárya tolıp ketti. Aralǵa da mol suw keldi. Erteńine sol awıldıń mákeme baslıǵı Bawetdin aǵa balıqqa barıp qaytayıq dedi. Mashina jaqınlaǵan sayın kólge quyatuǵın japtıń ishinde ılaydıń ústinde qap-qara giddiman bir nárseler jatır. Ǵarǵa menen shaǵalalar bolsa ústinde gá qonıp, gá ushıp júr.

Bular suw tasqanda kólge ótip, qaytqanda qumǵa tósligi tirelip, dáryaǵa túse almay qalǵan balıqlar eken. Úlkenligi ógizdey, shala jansar jatqan altı jayındı samolyotqa salıp, ushqıshlar qalaǵa alıp ketti.

Áne balam, sol balıqlar júzgen suw da joq, shaǵalalar da ushpaydı.

Aralım búgin qanday qayǵılı awhalda, oǵan janım ashıydı. Sebebi, ol arqalı dúnya tanıdım, adam

boldım, miynet etip qataydım. Balıǵın jep tisim shıqtı, aqılıma aqıl qostım.

Saǵan aytıp atırǵanımnıń sebebi, Araldı umıtpastan, men qanday jaqsı kórgen bolsam, sen de sonday jaqsı kóriwiń kerek, dedi aǵam maǵan qarap.

Men aǵamnıń aytqanların eki etpey gazetalardan, kitaplardan Aral teńizi haqqında jazılǵan maqalalardı qızıǵıp oqıp, Aralǵa degen súyispenshiligim arta tústi.

*Qarjawbay Bayetov*
*«Jetkinshek» gazetasınan*

1. Aǵası qanday áńgime ayttı?
2. Aral teńizi haqqında qanday maǵluwmatqa iyesiz?
3. Gúrrińdi oqıw arqalı Aral haqqında qanday túsinikke iye boldıńız?
4. Gúrrińdi oqıp mazmunın sóylep beriń.

## Isenemen buǵan men

Teńizim suwǵa toladı,
Balıǵı mol boladı,
Ústinde úyrek-ǵaz ushıp,
Dáslepki qáddin aladı.
Isenemen buǵan men!

Qayıqlar júzip suwında,
Kórermiz aq quwın da,

Moldan awlap balıqtı,
Marjan súzermiz bunda,
Isenemen buǵan men!

Tábiyatı kóz tartıp,
Tabıstı taǵı molaytıp,
Appaq duzlar juwılar,
Teńiz qáddine qaytıp,
Isenemen buǵan men!

*Gúlistan Pirnazarova*

1. Shayır óz qosıǵı arqalı ne demekshi?
2. Siz benen suw ortasında qanday baylanıs bar dep oylaysız?
3. Qosıqtıń mazmunı boyınsha súwret salıń.
4. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Aralımnan ayırma

Teńiz izlep keter sayılman,
Bul jolda ne dártke qayılman,
Allam, jannan ayırsań ayır,
Ana — Aralımnan ayırma.

Suw kózleriń kelse qayımǵa,
Barıw ushın hár dem tayınman,
Usı jolda mayırsań mayır,
Táǵdir, Aralımnan ayırma.

Dúkken kemem talay jayınǵa,
Qalmasın hesh qaqsap qayırda,
Babam, áwlad bárin asıraǵan,
Táǵdir, Aralımnan ayırma.

Dástan bolǵan talay shayırǵa,
Dáwlet qonıp Úrge, Zayırǵa,
Dáwran qayta dúrlesin deseń,
Táǵdir, Aralımnan ayırma.

Duz quymaǵay atız, sayıma,
Buyırmaǵay posıw payıma,
Zúryad óssin Ana diyarda,
Allam, Aralımnan ayırma!
Ana — Aralımnan ayırma!!!

*Saǵın Ziyawov*

1. Sizińshe shayır ne ushın «Aralımnan ayırma» dep atır?
2. Siz Araldıń qayta suwǵa tolıwı ushın qanday úles qosa alasız?
3. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Qara qozı

Aldınan juwırıp shıqqan balaları bazardan qaytqan ağasınıń jetegindegi qozını kórip, ushıp-ushıp quwandı.

Qozı ishke kirgizilip, jaydıń sharbağına baylandı, aldına ot taslandı.

Nazarbaydıń eń genje balası Barlıqbay bes jasar, onnan úlkeni Dáwletbay altıda, Rústem jeti jasar edi.

— Ağa, bazardan satıp ákelgen qozıńızdı kimge niyetlep aldıńız? Meniki bolsın, ózim jaqsılap qarayman, — dedi Rústem.

Nazarbay balaları tárepke qaradı. Esik bette úsh balası da qatarlasıp turğan edi.

Dáwletbay menen Barlıqbay da ağasına qarap, shaltlıq penen sóyledi:

— Qozı meniki bolsın.

— Meniki bolsın? Nazarbay balaları arasında talas kelip shıqqanın ańladı.

— Qozını úshewińizge atap aldım, qozı úshewińizdiki. Qozığa úshewińiz gezeklesip qaraysız: ot, suw, jem beresiz, astın tazalaysız, semirtesiz. Qozı úlken qoy boladı, — dedi ağası balalarına birimlep qarap.

Sol kúnnen baslap Rústem, Dáwletbay, Barlıqbay qozığa gezeklesip qaradı. Qozı kún-kúnnen jaqsı bolıp, úlkeyip óse basladı.

Gezek boyınsha qozıǵa búgin Rústem qarawı kerek edi. Ol óziniń wazıypasın atqarıw ushın sharbaq ishine aylandı.

Qozı Rústemniń kózine túse qoymadı. Ol dógerekke anıqlap kóz jiberdi.

Qozı jaydıń múyeshinde diywalǵa taqalıp, bawırın jerge berip, basın tómen salıp jatır edi. Rústem qasına juwırıp bardı. Adam qasına jaqınlawdan oynaqlap tura qashatuǵın qozı tırp etpey jata berdi.

Aldına ot tasladı. Otlamaydı. Suw berdi. Suw ishpeydi. Qıynalıp ornınan turdı da, taǵı jer bawırlap jatıp qaldı. Usı waqıtları Dáwletbay menen Barlıqbay keldi.

— Qozı awırıp tur, — dedi Rústem úkelerine qarap.

Olardıń kewli qabarıp, qapalanıp qaldı.

— Mına qanǵa qara, — dedi qozınıń tula boyına qarap turǵan Dáwletbay, qozınıń quyrıq betin kórsetip. Qozınıń quyrıǵı bayqıl-bayqıl qan.

Rústem juwırıp ketip, úyden úlken chaynik penen suw ákeldi. Qozınıń qanların juwdı. Qozınıń may quyrıǵınan shappattay julıp alıptı, appaq bolıp mayı kórinip tur.

— Túnde qozını iyt talaptı, — dedi Rústem muńayıp. Balalar qozını dógereklep qasınan shıqpadı.

— Quyrıǵın ońbaǵanday etip julıp alıptı, endi kele bolıwı shamalı, soyıp taslay ber, — dedi qońsısı Qartjan.

— Aǵa, qozını endi soyasań ba? — dedi Barlıqbay kózinen jası aylanıp.

— Soyadı degen ne, doktorǵa kórsetemiz, emleymiz, qozı táwir bolıp ketedi, — dedi aǵası balalarına qarap. Muńayıp turǵan balaları azǵana bolsa da kewli kóterileyin dedi.

Doktor qozını kórip, ukol saldı, jarasına jaǵatuǵın dári berdi.

Qozınıń jarasına dári jaǵılıp, qoraǵa baylandı, aldına taslanǵan ottı jey basladı. Balaları quwanısıp qaldı.

Waqıt elespesiz túrde óte berdi. Qozınıń jarası pitip ketti.

Balalardıń kózine qozı tez ósip, úlken qoshqar bolıp ketkendey kórindi.

Bir kúni qozı dalada baylawı menen qalıp qoydı. Qoranıń ishine baylawǵa umıtılıp ketken edi.

Tún yarımında sharbaq ishinde timiskilenip júrgen iyttiń baylawlı turǵan qozıǵa kózi tústi. Iyt qozıǵa jaqınlap bara berdi. Qozı da iyttiń ózine jaqınlasıp kiyatırǵanın kórip, sawashqa tayarlana basladı.

Iyt qozıǵa júdá jaqınlasa bermey, qarsı aldında toqtap, tumsıǵın kóterip iyiskelenip, biraz turdı. Iyt aldıńǵı ayaqların jerge tirep, birden joqarı qaray shapshıdı. Qozı shaqı menen dúkpekshi bolıp, iytke qaray gelle tasladı. Iyt qozıdan aybınıp, bir qaptalǵa qaray qaymıǵıp ketti. Endi iyt óziniń halın bildi, aldında ózinen kúshli dushpan turǵanın sezip, hiyle islep, urıstıń keynin oyınǵa aylandırıp, quyrıǵın qıypańlatıp, qozınıń oyaq-buyaǵına shıǵıp, iyni kelse qozıǵa awız salmaqshı bolıp háreketlendi. Qozı iyttiń aldap-arbawına ermey, oǵan kóz almay qarap tur.

Bir waqıtları iyt qaptallasa berip, pát penen qozınıń quyrıq betine atıldı. Qozı shápiklik etip, aylana berip, gelle taslap, iyttiń qaq belinen bir dúkti. Iyt kúshli dúkkige shıdamay ushıp ketti, pál-pállep barıp búklenip jerge tústi. Qańsılawı menen ol jatırǵan ornınan tura almay biraz jattı da, uzınına túsip jan tapsırdı.

*J. Ábdireymov*

?

1. Atası qozını kimler ushın aldı?
2. Qozı nege ót jemey qaldı?
3. Qozı ózin qalay qorǵadı?
4. Sizler qozı ılaqlardı jaqsı kóresiz be?

## KÓKKE BÓLEP TABIYATTÍ, BÁHÁR KELDI



### Báhár keldi

Túrli jaqtan quslar keldi,
Jer jasarıp jasıl dónip,
Gúller sulıw sánge enip,
Jaynap-jasnap báhár keldi.

Elpip-yesip sáwir samal,
Ákelgendey bir xosh xabar,

Tolıp-tasıp suwlar aǵar,
Sulıw sánli báhár keldi.

Sawlat enip dalalarǵa,
Awıl menen qalalarǵa,
Qosıq, saz bop namalarǵa,
Gózzal máwsim báhár keldi.

*Seydabulla Pirjanov*

1. Qosıqta báhár kórinisi qalay súwretlengen?
2. Báhárde tábiyatta qanday ózgerisler júz beredi?
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Uya sırı

Úshinshi klasta oqıytuǵın Maratlarǵa qol miyneti sabaǵında uya soǵıw tapsırıldı. Balalar ıqlas penen uya islewge kiristi. Marat ta barlıq intasın salıp uya soqtı. Biraq, ol heshqashan bir iske berilip islep kórmegen edi. Mine, ol qol miyneti sabaǵında islegen uyasın úyine alıp kelip apasına kórsetip atır. Periyzat apa balasınıń isin kórip súysindi.

— Óziń islediń be?

— Awa.

— Íras pa?

— Awa-dá! Sizdi aldaytuǵın ba edim.

— Kútá jaqsı bolıptı, balam. Aǵań jumıstan kelgennen keyin terekke qaǵıp beredi.

Marat aǵasınıń keliwin taqatsızlıq penen kútti. Jumıstan kelgen aǵasınıń esikten kirgenin kórgen ol:

— Aǵa, aǵa, mınanı terekke qaǵıp beriń? — dedi.

— Neni?

— Quslarǵa uya soqtım, usını...

— Yaqshı, házir, balam, — dep Kómek aǵa úyge kirdi.

Olar apası menen bir nárselerdi sóylesip aldı. Keyin sharbaqqa shıqtı da terekke uyanı ildirdi.

— Al, balam, jaqsı oqı. Jaman oqıytuǵın balalardıń soqqan uyasına quslar kelmeydi, — dedi aǵası terekten túsip kiyatırıp, — yesińde bolsın.

Kúnler ótti... lekin bir de qus Marattıń uyasına kelmedi. Al, joldaslarınıń uyaların bolsa álleqashan-aq quslar iyelep alǵan edi. Bunnan qapa bolǵan Marat apasına:

— Ne ushın menikine hesh qus kelmeydi. Al, basqalardikine bolsa qashshan-aq kelip qonaqlap atır? — dedi.

— Olar jaqsı oqıytuǵın bolıwı kerek, al sen bolsań sherekten zorǵa atlap júripseń. Quslar da jaqsı oqıytuǵın balalarǵa keledi.

— Sen de jaqsı oqı, quslar senikine de keledi, — dedi.

(Marat shınında da, aǵası menen apası oy-lasıp jasaǵan uyanıń tesigine mayda sımlardı tartıp qoyǵanınan biyxabar edi. Bul sımlardan quslar kire almay ketetuǵın edi).

Olar balasın sınap kórmekshi edi. Qáne, usınıń sebebinen jaqsı oqıp ketse! Kómek aǵa menen Periyzat apa aljaspadı. Olardıń gózlegen oyları óz nátiyjesin bere basladı.

Marat kóp uzamay joldasları qatarınan orın aldı. Hár kúni «4» hám «5» bahaların alıp júrdi. Mine, endi onıń uyasına da quslar kele basladı...

Onıń quwanıshında shek joq edi...

*Zubayda Ishmanova*

1. Marat uyanı qalay soqtı?
2. Marattıń anası onıń isine qanday baha berdi?
3. Marattıń soqqan uyasına quslar nege kelmedi?
4. Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.
5. Ózińniń yamasa doslarıńnıń uya soqqanı jóninde aytıp beriń.

## Báhár quyashında

Qulpı dónip daraqlarda ırǵalıp,
Jerlerdiń saǵınǵan ármanı keldi.
Uyqılap jatqan ósimlikler oyanıp,
Janlı-janıwarlardıń dármanı keldi.

Tórt pasıldıń eń ullısı báhárdi,
Jayına qaytarǵan suwıq qáhárdi.
Arpa-jazlıqlardı burın bayıtıp,
Jerge sepken marjan tuqım gáwhardı.

Báhár kelse tolıp aǵar jap, saylar,
Xalqım miynet maydanında gúl jaynar.
Jaylawdaǵı jılqılardıń ishinde,
Qulınlar kiyiktey sekirip oynar.

Qoy-janlıqlar órislerden mańırasıp,
Kelgen waqta bir-birine qarasıp,
Jer gúńirentip dawısları mallardıń,
Jas tóller anasın emer talasıp.

Báhár quyashınan jasarǵan daraq,
Japıraqları gúmis yańlı zer baraq,
Atızda jaynaǵan ósimliklerdi,
Zeyniń ashılar kórgende qarap.

*Sadıq Nurımbetov*

1. Qosıqta qanday kórinisler súwretlengen?
2. «Pasıl», «zer baraq» degen sózlerdiń mánisin túsinip alıń.
3. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Jumbaq

Úlken tawlar dúgisti.
Jılt-jılt etip ot ushtı.

*(bult, shaqmaq)*

Jumbaqtı yadlap alıń.

## BAYRAM MÚBÁREK, ÁZIZ ANALAR!




## Ana

Jaralǵansań meni jaratıw ushın,
Dúnyaǵa tirishilik taratıw ushın,

Men dep uyqı kórmey tań atıw ushın,
Dúnyaǵa kelgenseń óziń anajan.

Aq sútińdi qarıstırıp qanıńa,
Háweletip kóterdiń alaqanıńa,
Aqsham aq besikti qoyıp janıńa,
Tún uyqıńdı tórt bólgenseń anajan.

Sen miywalı daraq, mendur jemisiń,
Boylarımdı kórseń piter kemisiń,
Hárbir alǵan ǵaniybetli dem ushın,
Máńgi minnetdarman saǵan, anajan.

*Ibrayım Yusupov*

1. Shayır ananı qalay táriyiplegen?
2. Sizler óz anańızdı qalay táriyipleysiz?
3. Qosıqtı yadlap alıń hám naması menen atqarıń.

## Apam jaqsı

Kúlimlegen kózleri bar,
Kózge ısıq júzleri bar,
Dártke dárman sózleri bar,
Apam jaqsı, apam jaqsı.

Geyde bizler aytsaq qosıq,
Otıradı hawaz qosıp,

Tap baladay ushıp, ushıp
Quwanadı apam jaqsı.

Ketemiz geyde tıńlamay,
Tártipti buzıp ańlamay,
Shappat urar, bolar «way-way»,
Sondadaǵı apam jaqsı.

Oylaǵanı perzent ǵamı,
Mudam gúzette turǵanı,
Mayday jaǵadı urǵanı,
Apam jaqsı, apam jaqsı.

Bizlerdi dep oylanadı,
Bizlerdi dep qıynaladı,
Bizden mıń-mıń aylanadı,
Apam jaqsı, apam jaqsı.

*Saǵıydulla Abbazov*

1. Qosıqta kim haqqında aytılǵan?
2. Qosıqta táriyiplengen ana menen siziń anańız ortasında uqsaslıqlar bar ma? Bar bolsa qanday?
3. Sońǵı eki tobın yadlap alıń.

# Shıńqobız*

(gúrriń)

Kempir apamnıń kóziniń qarashıǵınday etip qásterlep saqlap júrgen shıńqobızı bar edi. Hárdayım onı shertkende ájim basqan júzlerinen kúlki oynap, ráhátlenip qaladı. Qońsımızdıń balaları úyge kelip, shıńqobızdı kórset dep talay jalınǵanı bar. Onı balalarǵa kórsetiw túwe kempir apam ózime de bir ret uslatqan joq. Bir saparı men joqta qarındasım Sánemge shıńqobızdı qalay shertiwdi úyretip atırǵanın bayqap qaldım.

Azanda kempir apam menen Sánem ekewi qaladaǵı qız apamnıń úyine qıdırıp ketti. Shıń-qobızdı alıp shertiwdiń bir qolay payıtı tústi, dep quwandım. Qarasam, kempir apam onı tórgi jaydaǵı sandıqqa salıp, awzın qulplap, giltin apama berip ketipti. Endi sandıqtı ashıwdıń jolın ári oylandım, beri oylandım. Hesh ilajın taba almadım. Aqırında apamnıń kóziniń tasasın alıp, jeńsiziniń qaltasınan úlken qara qulptıń giltin urlap aldım. Apam qońsımız Aysara sheshemniń úyine elewishke ketkenine quwanıshımnıń shegi joq. Shıńqobızdıń turatuǵın ornın eki bastan bilemen. Sandıqtı ashtım da, shúberekke muqıyatlap orap qoyǵan shıńqobızdı

---

***Shıńqobız** — awızǵa salıp, tislep shertiwge arnalǵan, temirden islengen saz ásbabı.

alıp sırtqa shıǵa bergenim, apam da kelip qalǵan eken. Biraq, meniń urlıǵımdı bayqamadı.

— Aq jigit, Eshay jerden baspaqqa ot ákelip sal, — dedi. Eshekti ertlep atırsam Begimbay keldi.

— Há, Tólebay, qayda baratırsań?

— Otqa.

— Júr meniń eki baw otımdı da seniń eshegińe artıp qaytayıq, bola ma?

Men boladı dep basımdı iyzedim. Paxta atızdıń shetindegi tıǵılıp turǵan suwshiginnen bir maydanda bes-altı bawın orıp tasladıq. Bir waqıtları paxta-keshlerdiń mádeniy sherteginen magnitafonnan muzıkanıń jańlaǵan sesti qulaǵımızǵa sap ete qaldı. Ekewimiz juwırısa bardıq. Asqar aǵa eken.

— Keliń, balalar, qáne otırıńlar, — dep orınlıqtı nusqadı. Magnitafonǵa jańa lenta awmastırıp saldı. Lenta aylanıwı menen mektepte ádebiyat páninen sabaq beretuǵın Orınbay muǵallimniń dawısın tanıy qoydım. «Xalqımızdıń kórkem ónerin búgingi jaslarımızda qızıǵıwshılıq penen úyrenbekte. Solardan tórtinshi klass oqıwshısı Sánem Tórebaeva shıńqobız benen «Jetim qız» namasın shertip beredi». Men awzım ashılıp ańqayıp qalıppan. Shıńqobızdı usınday etip sherte almaǵanıma qattı ızalandım. Qarındasım Sánemniń úyrengenin qızǵandım. Men nege sherte almayman? Dárriw atızlıqtıń arǵı shetine juwırıp

bardım da, qoltığıma tığıp júrgen shıńqobızdı dıńıldata basladım. Biraq, kelistirip sherte almadım. Begimbay da bul ne ózi, dep izime erip júr. Ol shıńqobızǵa qızıqsınıp qarap:

— Maǵan sat, — dedi.

— Anaw Bazarbaydan alǵan kúshigińdi ber, soǵan almastıraman, — dedim.

Kúshikti alıp úyge kelsem, kempir apamlar da úyge kelipti. Kúshikti esiktiń aldındaǵı tawıqxanaǵa jiberdim de, esikten sıǵalap, ishim ulı-dúpildi bolıp tur. Tórgi jaydan «shıńqobızdı kim aldı?» degen pátli dawıs pútkil denemdi qaltıratıp jiberdi. Gúnasın moyınlaǵan ayıpkerdey, ishke basımdı tómen alıwım menen kirip kiyatır edim.

— Qayda júrseń? — dedi kempir apam maǵan dápinip. «Sezikli sekirer» degendey kózim qıpılıqlap, jas betimdi juwıp ketti. Sánem bolsa tórde solqıldap jılap otır. Sonıń arasında Begimbaydıń apası Gúlziyba sheshem shıńqobızdı úyge alıp kirdi. Kempir apamnıń qáhárli júzi jaynap sala berdi.

— Zattıń qádirin bilmeyseń, balam. Sánemge mennen qalatuǵın jalǵız miyras edi ǵoy... Er balaǵa shıńqobızdıń keregi joq.

Sol kúngi qılıǵıma elege shekem qısınaman. Ara-tura sırttan kiyatırıp ishten Sánemniń jaǵımtallı ırǵaq penen shertip atırǵan shıńqobızdıń sestin esitip qalaman. Erksiz kempir apamnıń «meniń Sánemge

qaldıratuǵın jalǵız miyrasım» degen sózi yadıma túsedi.

*Ótebay Sársenbaev*

1. Kempir apası Sánemge neni úyretti?
2. Shıńqobız ne maqsette urlandı?
3. Tólebaydıń nege ızası keldi?
4. Sánem nege jıladı?
5. Shıńqobızdı kim ákelip berdi?
6. Kempir apanıń Tólebayǵa aytqan sózlerin tekstten tawıp oqıń.
7. Gúrrińdi oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## Ómirimniń gúliseń — ana

Tek ózińseń ómirimniń gúli,
Áy, mehriban, ayawlı ana.
Álpeshlediń, ósirdiń meni,
Bolıp maǵan bárqulla pana.

Tek ózińseń júrsem de qayda,
Pana etip súyener tawım.
Shóllegende suwsız dalada,
Sıldırlaǵan móldir bulaǵım.

Tek ózińseń jaslıǵımdaǵı,
Shadlı kúlkim, shuǵlalı tańım.

Ómirim báhár tek sen arqalı,
Mehribanım, áy, anajanım!

*Gúlistan Pirnazarova*

1. Qosıqta ana qalay táriyiplengen?
2. Óz analarıńız haqqında aytıp beriń.
3. Qosıqtı yadlap alıń.

## Jıllar

*(qısqartılıp alındı)*

Oy juwırtıp tereńnen,
Qarap kórsek oylanıp,
Jıllar izli-izinen,
Kele berer aylanıp.

Jıynalısıp xalayıq,
Depti májilis qurayıq,
Aljaspaw ushın hár jıldıń,
Atın qoyıp alayıq.

Barlıq jıllar usımannan,
Dizilisip ótsin deydi.
Qálegen haywan maqluqlar,
Kelip bunda kútsin deydi.

Uzaqtan jıldı kim kórse,
Baxtı bálent boladı,

Qoyılıp atı sol jılǵa,
Jıl bası bolıp qaladı.

Kóre almaǵan uzaqtan,
Birinshiden qaladı,
Tiyisli hárkim orının,
Náwbet penen aladı.

Esitip bunı haywanlar,
Bir-birine qarasar,
Bolamız dep jıl bası,
Uzaqlarǵa qarasar.

Ayttı túye maqtanıp,
Jaqın keler alıslar.
Birinshi kóriwim anıq,
Barma maǵan jarısar.

Qarań meniń boyıma,
Jıl bası bolıw oyın ba?
Men turǵanda almasın,
Heshkim onı oyına.

Haywanlar edi barshılıq,
Kórsetpedi qarsılıq,
Qarsılasıp túyege,
Etpedi hesh tarshılıq.

Mine, sóytip turǵanda,
Kelip qaptı jıllar da,
Birinshi bolıp kim kórdi,
Sheshilmedi bul manda.

Názer salıp qaraldı,
Hámmeden bir-bir soraldı,
Eń birinshi jıldı kórgen,
Tıshqan bolıp sanaldı.

Haywanlar oǵan kúledi,
Isenimsiz túr beredi,
Boyı bolsa bir eli,
Tıshqan qalay kóredi.

Tıshqan ayttı durıs dedi,
Nege kerek urıs dedi,
Burın kórdim jıldı men,
Bılay boldı bul is dedi.

Túyeniń bardım qasına,
Órmeledim arqasına,
Meni túye sezgen de joq,
Minip aldım basına.

Alısqa jolǵa qaradım,
Kórip jıllardı sanadım,

Birinshi bop jıl kórip,
Orınlandı muradım.

Turdı tıshqan quwanıp,
Onıń sózi endi anıq,
Boldı tıshqan jıldıń bası,
Moyınlar hámme tán alıp.

Kópshiliktiń aldınan,
Dizilip jıllar júredi,
Basqaları keyninde,
Tıshqan baslap beredi.

Anıqlap mine qarańlar,
Tıshqannan soń sıyır bar,
Onnan keyin ótedi,
Jolbarıs penen qoyanlar.

Balıq, jılan áste jıljıp,
Keler shawıp jılqı kisnep,
Qoy mańırap, ushıp meshin,
Qoraz keler kerip tósin.
Iyt asıqpay keler esnep.

Názer salsań qanday qızıq,
Eserlengen peyli buzıq,
Eń izinde keler dońız,
Azıwı menen jer sızıp.

Bul on eki maqluq,
Úlgerdi jılǵa ilinip,
Kóp haywanlar bos qaldı,
Qurı shawıp búlinip.

Bolsa da sonday tulǵalı,
Miyneti kúydi bolmadı,
Sóz eter hámme túyeniń,
Jılǵa ilinbey qalǵanın.

*Saǵıydulla Abbazov*

1. Jıllarǵa qalay at qoyılǵan?
2. Tıshqan qalay jıl bası bolǵan?
3. Jıllardıń izbe-izligin bilip alıń.

## Ópepek



Ala-shubar ópepek,
Shaqırdı tań sáhárde,
Kelgen yańlı jetelep,
Qanatında báhárdi.

Qozǵaw salar dawısı,
Úlkenge de, balaǵa,
Mektepke ul-qız asıǵıp,
Diyxan shıǵar dalaǵa.

Kúndelikte jaynasın,
Degendey ol «4», «5» tek,
Atızda is qaynasın,
Diyxanǵa aytar: — ek, ek, ek!

Shaqıradı ópepek,
Shaqırǵanı jaǵımlı,
Gúllentiwshi sizler dep,
Erteńgi kún awıldı!

*Maqset Mátekov*

1. Ópepek qanday qus?
2. Taǵı qanday quslardıń atların bilesiz?
3. Qosıqtıń qálegen eki tobın yadlap alıń.

## Jumbaqlar

Tóbesinde kekili,
Alamıshlaw sekilli,
Qısta ketip báhárde,
Atın aytıp keledi.

Jumbaqtıń sheshimin ózlerińiz úyde tawıp keliń.

## Báhár

Báhár, báhár, jan báhár,
Miyman bolıp kelipseń,

Kóp raxmet, kók japıraq hám,
Gúller alıp kelipseń.

Báhár kelse quwanısıp,
Bizler kútip alamız,
Oqıwdan bos waqtımızda,
Suw boyına baramız.

Suw boyında gúller kúlip,
Qarlıǵashlar sayraydı,
Túrli qus hám gúbelekler,
Quwalasıp oynaydı.

Mektebimizge baratırıp,
Saz qosıqlar aytamız,
Sabaqtan soń jol boyınsha,
Gúller terip qaytamız.

Báhár, báhár sen kelgende,
Jer kiyiner jasıldan,
Biziń kewlimiz de bárha,
Sendey jaynap ashılǵan.

Báhár, seni biz súyemiz,
Jılda qalmay kele ber,
Kók japıraqlı gúllerińnen,
Bizge ákep bere ber.

*Ibrayım Yusupov*

?

1. Báhárge ne ushın raxmet aytamız?
2. Báhárde qanday ózgerisler boladı?
3. Sizler qaysı máwsimdi súyesiz?
4. «Jer kiyiner jasıldan» degen qatardıń mánisine itibar beriń.
5. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

## Analıq hújim

Bul tús gezi edi. Úyde túslik chaydı iship otır edik. Qápelimde daladan ulı-shuw, qum-quwıt baqırıstan tawıqlardıń dawısları esitildi. Bir-eki mákiyen qoqaqlawı menen qanatların tarsıldatıp qaǵıp, qara úydiń ústine ushıp shıqtı. Men heshkimniń dalaǵa shıǵıp xabar al degenin kútpey-aq úyden juwırıp shıqtım.

Ǵoq-qoqtı salıp tawıqlardıń hárqaysısı hár jerde baqırısıp tur, kewil bólerliktey heshnárseni kóre almadım. Tap usı waqıtta úydiń kún shıǵar tárepinde, diń aspanda julqılasıp júrgen eki qustı kórdim, juwırıp bılayıraq shıqtım hám olardıń dál astına bardım. Anıqlap qarasam biziń qara mákiyen aspanda jabayı Shay qus penen urısıp atır.

Házir bul maǵan qulaq penen esitip, kóz benen kórilmegendey bolıp tur. Janım tózbey arman-berman juwırıp aspanǵa qayta-qayta qaray beremen. Al, ol jerge túsiwdi oylamaydı, júdá alısta, kem-kemnen

aspanǵa kóterilip baratır. Júdá bolmaǵannan keyin úydegi adamlardı shaqırdım. Sonıń arasında meniń dawısımdı esitip, tek biziń úyden emes, al qońsılarımız da dalaǵa juwırıp shıqtı. Múmkin, olar bir nárse bolıp qaldı ma dep oylasa kerek... Hámmesiniń kózleri aspandaǵı Tawıq penen Shay qusta.

Olar julısıwı menen dál quyashtıń tusına keldi. Jerden qarap turǵan bizlerdiń kózlerimiz shaǵılısıp, betimizge qollarımızdı tutıp turmız.

Usı waqıtta aspannan párler jerge qaray áste pál-pállep túsip kiyatır edi. Sonıń arasında bolǵan joq, mıltıqtıń dawısı shıqtı. Atam juwırıp bardı da, ekinshi ret atayın dep atırǵan qońsımızdıń qolınan usladı.

— Axmaqpısań. Tawıqqa tiyip ketse ne qılasań? — dedi. Olar ekewi ejesip turǵanda tawıqtıń hújiminen qutılǵan Shay qus, bir qıyalap, alısqa qaray ushıp ketti. — Al, atatuǵın bolsań, endi at, — dedi. Mıltıqtıń dawısı ekinshi ret gúrp ete qaldı. Biyiklikke jańa kóterilgen Shay qustıń párleri shashırap, al ózi domalap-domalap barıp, bizlerden birneshe adım alısıraq jerge tors ete qaldı. Onnan alıslawǵa jańa ǵana sırǵıp túsken qara tawıq, Shay qustıń jerge túskenin kórip, onıń ústine dúrlep barıp qaldı.

— Kórdiń be, mına tawıqtıń ǵaybarlıǵın, —dedi birew. Ol, jáne sózin jalǵap. — Ómirimde birinshi ret tawıqtıń Shay qus penen urısqanın kórdim. Bul mákiyen teginlikte shójelerin Shay qusqa aldırmaydı.

— Analıq hújim! — dedi ekinshi bir adam.

— Durıs, bul analıq hújim. Perzentten ayırılıw kimge jaǵadı. Tınısh jayılıp júrgen jániwarlarǵa bul jawız wayran salmaqshı boldı. Biraq, qolınan kelmedi. Kimde-kim birewge búlik salaman dese, ózi búlginshilikke ushıraytuǵını belgili, — dedi atam salmaq penen.

Xalıq biykarǵa aytpaǵan ǵoy «Birewge gór qazba, óziń túserseń», — dep.

Qara tawıq qurqıldap shójelerin ertip baratır.

*Saparbay Sáliev*

1. Qara tawıq Shay qus penen qalay ayqastı?
2. Dushpannan qara tawıq qalay qutıldı?
3. Gúrrińdi oqıp mazmunın sóylep beriń.

## Nurgúl hám búlbúl

**Nurgúl:** — Kelip qondıń gúllerime,
Tanıs boldım túrlerińe,
Shiyrin lebiz únlerińe,
Qulaǵımdı saldım, búlbúl.

**Búlbúl:** — Kórip qaldım baǵlarıńdı,
Baǵlarda atqan tańlarıńdı,
Mawjıraǵan tallarıńdı,
Júregimnen súydim, Nurgúl.

**Nurgúl:** — Sen ne degen jaqsı qussań,
Sayranlay ber maǵan dossań,
Gúlden gúlge qonıp ushsań,
Húrmetleymen seni, búlbúl.

**Búlbúl:** — Men de ózińdey gúlge sırlas,
Gúlde sayraw bizge miyras,
Kókirek kerner shadlıq hawaz,
Quwanıshta júrmen, Nurgúl.

**Nurgúl:** — Miynet etip taptım kamal,
Kók japıraqlar tartar samal,
Sáhár sestiń kelse tal-tal,
Uyqımnan oyandım, búlbúl.

**Búlbúl:** — Sayraw ushın jalıqpayman,
Ushıp kókke sharıqlayman,
Gúl baǵındı qutlıqlayman,
Birge qosıq aytsań, Nurgúl.

**Nurgúl:** — Meyli saǵan hawaz qosıp,
Men de aytayın yoshıp-yoshıp,

Biraq, awlaq ketpe ushıp,
Átirapımda boldıń, búlbúl.

**Búlbúl:** — Alıslap ketpespen hesh waq,
Mákanıńa kewlim xosh waq,
Seniń menen jaynap-jasnap,
Júrmekshimen dostım, Nurgúl.

**Nurgúl:** — Meniń kewlim boldıń onda,
Nama sayra túrli jolǵa,
Mayday jaǵar sestiń janǵa,
Gezleseyik kúnde, búlbúl.

**Búlbúl:** — Kewlimseń sen janım, Nurgúl.

*Ubayxan Sadıqov*

Qosıqtı rollerge bólip oqıń. Nurgúl hám búlbúldiń maqsetlerin túsinip alıń.

# ÁSSALAM, NAWRÍZÍM — BÁHÁR ÁYYAMÍ!



## Ullı áyyam

Kel, Nawrızım, sağındım seni,
Qushağım keń óte ber tórlep,
Zor shadlıqqa bóledi meni,
Kókiregimdi quwanısh kernep.

Men uyqıdan oyandım erte,
Ullı áyyam, Nawrız aqshamı,
Xalqım menen qızıqtı birge,
Kóriw ushın qádem tasladım.

Kóshemizde seyil-tamasha,
Aytalmadım bárin atpa-at,
Payda boldı áne qarasań,
Adamlarda qayır-saqawat.

Mirátim bar miymanǵa keliń,
Usınaman Nawrızlıq góje,
Ishkiń keler, tatıp kór dámin,
Onı mayǵa pisirgen ájem.

Ullı bayram, keń dabıl qaǵıp,
Adımlay ber úlkemdi sharlap,
Kele beriń hár jılı taǵı,
Keleshegim turıptı jaynap.

*Xalmurat Saparov*

1. Xalqımız Nawrız bayramın qanday saltanat penen qarsı aladı?
2. Ózlerińiz Nawrız bayramına qalay qatnastıńız?
3. Nawrız ne ushın «Jıl bası» dep ataladı?
4. Qosıqtı oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## Nawrız xabarı

Keldi báhár áyyam,
Júzlerinde kúlki jaynar.

Kópten kútken Nawrız bayram,
Jaqsı niyet, arzıw oylar.

Naqıratı:

Qarlıǵash,
Qanatıńdı ash,
Álemdi sharıqla,
Kókke et párwaz,
Nawrızǵa xabarla,
Jańlatıp hawaz.

Tábiyat qulpırıp gúllep,
Zor miynet zawqı baslanar.
Qanday kúlimlep júzleri,
Ilham perisi yoshlanar.

Naqıratı:

Analar shalqısın birge,
Qaynatıp Nawrızlıq góje.
Sawap is dep súmelekti,
Inam eter keleshekke.

Naqıratı:

*Nurman Muwsaev*

Qosıqtı yadlap alıń.

## Súmelek

Nawrız áyyamı azanda,
Jaynap turdı dógerek,
Úlken qara qazanda,
Qaynap turdı súmelek.

Qızlar kiyip lipasın,
Háykel, monshaq tağınıp,
Jaltıratıp jağasın,
Jilwa taslar jaqınnan.

Jas jigitler jedelli,
Jawtańlap tur kózleri,
Bir iyinnen kóterdi,
Házil-dálkek sózlerdi.

Úlken shúlen qazanda,
Mıń qaynaydı súmelek,
Baslanıp tań azannan,
Nur jaynaydı súmelek.

Jıynalğan kóp alaman,
Súmelekten tatıstı,
Belli diyxan babalar,
Bir aylandı atızdı.

Jar salıp jer-jáhánge,
Jaynap turdı dógerek,
Úlken qara qazanda,
Qaynap turdı súmelek.

Nawrız áyyamı azanda,
Gúlge qondı gúbelek,
Báhár ata mákanda,
Boldı mollam-dógerek...

*Tolıbay Qabulov*

1. Súmelek qanday taǵam?
2. Súmelektiń qaynatılıwın óz kózińiz benen kórgensiz be? Aytıp beriń.
3. Súmelektiń neden tayarlanatuǵınlıǵın ata-anańızdan sorap bilip alıń.
4. Súmelektiń tariyxı haqqında muǵalliminizden sorap bilip alıń.
5. Qosıqtı túsinip oqıń.

## Qasharmannıń qızıǵı...

Bıyılǵı báhár paslınıń ándiyshesi hárqashanǵıdan da bálent boldı. Awılımızda Nawrız bayramı óziniń milliy boyawları menen ayrıqsha kózge tústi. Qaraqalpaq xalqınıń milliy oyınları bolǵan aydawlarǵa jiberilgen at shabısı, jorǵalar shabısı, ılaq oyını, palwanlar bellesiwi, qoshqar dúgistiriw, qoraz

urıstırıw, arqan tartısıw, baǵanaǵa órmelew, átkónshek ushıw, «qasharman top», «Shúllik» oyınları jıynalǵan tamashagóylerde umıtılmas tásir qaldırdı. Ásirese, sońǵı waqıtları pútkilley yadımızdan kóterilgen qasharman toptıń zawqı óz aldına boldı. Bunda awılma-awıl tárep bolıp jigitlerdiń arasındaǵı oyınnıń bul túrine súysinbegen adam bolmadı. Eń qızıǵı Nawrız bayramı tarqaǵannan keyin, «qasharman top» oyınınıń dawam etip qalǵanı boldı.

*Bazarbay Seytaev*

?

1. Nawrız bayramı qalay ótkerilgen?
2. Qasharmannan basqa qanday milliy oyınlarımızdı bilesiz?
3. Milliy oyınlardıń qaǵıydaları haqqında dene tárbiyası muǵalliminizden bilip alıń.

## 1-APREL — KÚLKI KÚNI

### Isbilermen

Aydostıń klasta otırıp birden ishi búrip qaldı. Ári-beri ıńırsıp edi, muǵallim oǵan dıqqat awdara qoymadı. Taxtaǵa jazılǵan uzın-shubay máseleni sheshiwdi dawam etti.

Aydos onnan sayın ıńırsındı.

— Muǵallim, Aydostıń ishi awırıp otır, — dedi qasında otırǵan dostı Batır túrgelip.

— Ya, solay ma? Jaqpas bir nárse jegenseń ǵo, — dedi de muǵallim jáne jazıwın dawam etti.

— Muǵallim, Aydos jılap atır.

Muǵallim pordı taxtaǵa qoyıp, Aydostıń qasına keldi.

— Bar, kitaplarıńdı jıyna da qayta ber, biraq barǵannan keyin dárriw vrach shaqırtıń, — dep Aydosqa ruqsat berdi.

— Muǵallim men úyine aparıp taslayın ba? — dedi Batır túrgelip. Bir ózi júre almaytuǵın shıǵar.

— Bárekella! Áne usınday bolıw kerek. Apara ǵoy.

Batırdıń úyi mektepke jaqın edi. Aydos ta papkasın Batırdıń úyine qoyıp, trikoların kiyip, ekewi bazarǵa qaray zıttı. Olar muǵallimdi «awırǵanına» isendire alǵanı ushın júdá más edi.

Bazarda ózleriniń kúndelikli qáltek arbasın skladtan aldı da, kimniń qapshıǵın, kimniń sumkasın kerek jerine jetkerip berip, shıtırlaǵan aqshalardı óz ara bólisip qaltalarına basıp júr.

— Keleshekte isbilermen bolamız-á, — dep qoydı Aydos Batırǵa maqtanıp.

— Awa dá!

— Háy, balalar, meniń mına eki sumkamdı mashinaǵa deyin aparıp beriń!

Jası ortaǵa barǵan kelinshek eki sumkanı ırsıldap ákelip balalardıń qasına qoydı.

— Jetkeremiz! Kóter Aydos birewin!

Olar eki awır sumkanı dizeleriniń ústine mingizip zorǵa arbaǵa qoydı.

Hayal balalardıń aldına túsip kiyatır. Bir waqıtları qızıl «Jiguli»diń qasına kelip toqtadı.

— Aǵası, bagajdı ashıp jiber, — dedi kelinshek kabinaǵa qarap.

Kabinadan bir kisi kerilińkirep barıp tústi. Azmaz kózi ilinip ketken qusaydı.

— Ha-aw?! — dedi ol birden Aydos penen Batırǵa qarap. — Sizler neǵıp júrsiz?

Ol baǵana bular ruqsat alıp ketken matemetika muǵallimi edi.

*Muratbay Nızanov*

1. Aydostıń nege mazası bolmadı?
2. Eki jora ne talap isledi?
3. «Isbilermenler»diń usı háreketi durıs pa?
4. Arańızda usınday balalar ushırasa ma?
5. Oqıp mazmunın aytıp beriń.

## Naqıl

Ótiriktiń ómiri qısqa.

## Qısqa gúrrińler

— Búgin men nağız Xojanasraddin boldım-aw.

— Ol qalay?

— Meni taxtağa shığardı. Úyge tapsırmanı aytıp atırman, aytıp atırman, ózimniń shamalawımsha beske ayttım dep tursam, muğallim otır, bahań «4» deydi. «Oynamayman siziń menen» dep jiberippen. Muğallim bolsa: «Oynasa-a, seniń menen oynağım kelip tur» — dep edi, klastağılar duw kúldi. Way uyaldım-aw, bárine mınaw sebepshi — dep úkesiniń basınan tákibay aldı.

— Nege basıma úydıń? Seniń menen oynamayman! — dedi úkesi awzın bultıytıp.

* * *

— Murat, sen úlkeygende kim bolasań?

— Atamday pensioner bolaman.

* * *

— Murat jolğa shığıp oynawshı bolma! Mashın basıp keter, — dep edi, ol:

— Haw! Mashınnıń kózi joq pa? — dep hayran qaldı.

*Raya Ernasheva*

## Kózáynek

Nurzada kósheden kózáynek tawıp aldı. Dárhal kózine kiyip, jan-jaqqa qaradı. Kóz aldı buldırap miyi aylanıp ketti.

— Qutlıayaq, kishko-kishko!

Sayada uyqılap atırǵan iyti juwırıp kelip Nurzadanıń qasına shońqayıp otırdı. Ol jaltırap turǵan kózáynekti iyiskep quyrıǵın bılǵańlattı.

Nurzada kózáynekti alıp, úydegi pıshıgına kiygizdi. Pıshıq kózin sál qısıńqırap qoydı da otıra berdi.

Nurzada onı alıp, tórdegi jatırǵan quwırshaǵına ildirdi. Ózi iytin izine ertip, kóshege juwırıp shıǵıp ketti. Qońsı kempir onı kórip:

— Qızım, jolda kózáynek kórmediń be?

— Kózáynekti men tawıp alıp, Natashaǵa berdim.

— Natashası kim, qaraǵım-aw.

— Biziń úydegi bópe!

*Jumaniyaz Óteniyazov*

# BAXTIMNIŃ QUYASHÍ — KONSTITUCIYAM!

## 9-aprel — Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası kúni

Konstituciya — bul qanday mámleket bolmasın, sol mámlekette jasawshı xalıqtıń arzıw-ármanların, erkin pikirlewin, adamgershilik sezimlerin sáwlelendiriwshi tiykarǵı hújjet.

Konstituciya xalıqtıń mápin, erkinligin, minnetlerin, sáwlelendiretuǵın hárbir puqaranıń huqıqın qorǵaytuǵın nızam bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstanda jasawshı barlıq adamlar usı Nızamǵa boysınıp jasawı tiyis. Bizler ǵárezsiz hám huqıqıy demokratiyalıq mámlekette jasaymız. Biziń aymaǵımızda jasawshı barlıq adamlar milletine, tiline qaramastan Nızam aldında teń. Olar bir Nızam boyınsha jasaydı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası 1993-jılı 9-aprelde qabıl etildi. Xalqımız bul kúndi hár jılı kóterińki ruwx, zor keypiyat penen belgileydi.

### Baxtımız nızamı

*(úzindi)*

Kókte quyash kúlgen eliń seniki,
Ekseń altın engen jeriń seniki,

Aspanıń, topıraǵıń, kóliń seniki,
Barsakelmes kibi uzaǵım meniń!

Aman boldı qos arıs, polat jollarım,
Sen barda arqam keń, uzın qollarım,
«Jipek jolı» boylap shıqsa kárwanım,
Jaqın bolar alıs bazarım meniń.

Elim Bayraǵıń bar bálentte tutqan,
Gerbiń, Gimniń bar pátiwa tapqan,
Bárshe tabısıńa quwan, yosh, maqtan,
Saw bolsın Tiykarǵı nızamım meniń!

*Jumaniyaz Óteniyazov*

1. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyası qashan qabıl etildi?
2. Qosıqta Watanımızdıń baylıqları qalay súwretlengen?
3. Qosıqtı túsinip oqıń.
4. Qaraqalpaqstannıń mámleketlik nıshanları haqqında aytıp beriń.

## Ǵárezsizlik ǵumshaları

Íqlas salıp óner bilgen,
Texnikanı júwenlegen,
Quyash bina etken jerden,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Kókireginde ótkir zeyin,
Miynet súygish, iske beyim.
Qádem atar, qalmas keyin,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Tınısh ómir, ashıq aspan,
Baxıt kúlip, nurın shashqan.
Erkin ósken áwel bastan,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

Ozıq oylı, kewli ilgir,
Iyelegen tereń pikir.
Keleshegi jarqırap tur,
Ǵárezsizlik ǵumshaları.

*Xalmurat Saparov*

1. Qosıqtı tásirli etip oqıń.
2. «Xalıq mápine úles qosar, Ǵárezsizlik ǵumshaları» degen qosıq qatarlarınıń mánisine túsinip alıń.

## ANA TÁBIYATTÍ QÁSTERLEYIK!

### Awıl baǵı



Bizde barlıq jaqsı nárse — balalarǵa. Mine, lagerge qádem qoyǵannan-aq keleshegimiz bolǵan balalarǵa jaqsı nárseniń inam etilgenin kórdik. Dem alıwshılardıń ata-analarınıń ǵamxorlıǵına kewli tolıp, hár kúni waqtı-xoshlıqta ótip atırǵanın kórip quwandıq.

Átirap miywege sırǵıǵan baǵ. Alma, almurt, júzim. Qoyıw sayalı nárwan terekler arasında balalar mákanı... Mine, usı payızlı jer — jaz boyı balalardıń erkine berilgen.

Awıl aralıq bul lagerdiń atı da sulıw — «Gúlbaǵ». Shınında gúller baǵı, miyweler baǵı.

Durıs dem alıwǵa kelgen hár bala muǵallimlerge:

— Bul baǵ qashan egilgen? — dep orınlı soraw beredi.

Nátiyjede, balalar bul kárádа dem alısın baǵ tariyxı menen tanısıwdan baslaydı...

... Keń gúzar boyındaǵı eńseli baǵqa alpısınshı jıllardan baslap negiz salındı. Jer tegislendi, súrildi.

Baǵshılıq boyınsha maman qánigelerdiń basshılıǵında miywe nálleri otırǵızıldı. Xalıq awzında «Órnek» awılınıń baǵı dep ataldı. Baǵ egiwge, uluwma bul átiraptı ırǵalǵan miywe baǵına aylandırıwǵa úlken de, kishi de óz úleslerin qostı. Qalalılar, oqıwshılar bul iygilikli iste jiger menen miynet isledi. Sońınan baǵdıń kólemi keńeydi. Burın paxta egilgen jerler de baǵ egiwge berildi. Búgingi kúnde «Órnek» baǵshılıq xojalıǵı qala xalqın miywe menen támiyinlep otır.

— Áne, balalar, búgin miywesin óz qolıńız benen úzip jep otırǵan baǵ usılayınsha payda boldı. Hadal miynet, jerge, miywege ıqlas, xalıqqa mol nesiybe boldı.

Mine, usı dáslepki tanısıwdan keyin-aq, kishkenelerde ata-analar miynetine súyispenshilik payda boldı. Miynet nátiyjesinen el baylıǵı dóreytuǵını hám xalıq baylıǵın únemlewdiń zárúrligi tuwralı oylanadı.

Kúnde stolda miywe turadı, onı balalardıń ózleri úzip ákeledi. Birinshiden, miynet islese, ekinshiden, olar miyweni zayalamawǵa úyrenedi.

*Ábdimurat Atajanov*

1. «Gúlbaǵ» degen sózdiń mánisi qanday?
2. Miywe baǵınıń qalay payda bolǵanlıǵın óz sózińiz benen aytıp beriń.

## Haywanlarǵa da ǵamxorlıq kerek

Mańıraǵan eshki dawısı tınıq hawada tal-tal esitiledi. Izeykeshtiń boyın jaǵalap kiyatırǵan Maqset dawıstıń qay tárepten shıǵıp atırǵanın anıqlamaqshı bolıp biraz qulaq túrip turdı. Samal ońnan esip tur. Maqset sol tárepke jaqınlay bergeni, eki ılaq izeykeshtiń jiyegine oynap shıqtı. Mańırap azǵana turdı da, jáne jıńǵıl túbine qaray shapqıladı. Ultanı uyma bolǵanlıqtan jıńǵıldıń tasasında bir eshki batpaqqa batqan eken. Maqset hesh oylanıp turmastan eshkini kóp hálekleniwshilik penen uymadan shıǵarıp, awılǵa qaray aydap jiberdi. Eki ılaq Maqsetke «Raxmet!» degendey qarap turdı da anasınıń átirapında shapqılasıp baratır.

Maqset sabaǵınan keshikken edi. Biraq, ol óz isine kewli tolıp, bul ushın qapalanbadı. Álbette, muǵallimi Tamara apaǵa bolǵan waqıyanı túsindirip aytsa urıspaydı. Aqırı, ózi aytqanınday adamǵa da, haywanǵa da tiyisli jerde ǵamxorlıq etiw kerek ǵoy!

*Altıngúl Óteniyazova*

1. Maqset qanday dawıstı esitti?
2. Oǵan neler jol kórsetti?
3. Ílaqlar Maqsetke óz minnetdarshılıqların qalay bildirdi?

4. Maqset sabaqtan ne ushın keshikti?
5. Hárbirińiz Maqsettey bola alasız ba?
6. «Muǵallimnen ne úyrendim?» degen temada sáwbetlesiń.

## Sarı tawıq
(gúrriń)

Men hár kúni keshte hám azanda úydegi tawıqlarǵa dán salaman. Bul jumıstı apam maǵan tapsırǵan. Kúndegi úyrengen ádetim boyınsha búgin keshte qırma tolı dándi alıp esik aldına shıqtım. Tóte-tóte! Tóte! — dep tawıqlardı shaqırdım. Esik aldında jayılıp júrgen tawıqlar dawısımdı esitiwden qasıma jorǵalap kele basladı. Alısıraqta qoranıń túbinde júrgenleri asıqqanınan qos qanatın kóterip ushıp kiyatır.

Men olarǵa dán shashtım. Tawıqlar úlesten qalatuǵınday dándi shaqqan-shaqqan terip jep atır. Qarap tursań júdá qızıq. Dán jewge qaraǵanda tawıqlar bir-birinen qalǵısı kelmeydi. Biraq, búgin olardıń arasında sarı tawıǵım kózge túspedi. Dawısımdı esitpegen shıǵar dep taǵı tótelep shaqırdım. Dánnen bos qalatuǵın boldı-aw! — dep tum-tusqa názer tasladım. Bári bir onnan derek bolmadı.

Men úyge kelip bul jaǵdaydı apama bayanladım. Sonda ol:

— Saǵal, iyt, qustan aman bolsa bir jerden shıǵar, balam, — dedi maǵan qarap. Erteńgi kúni de, sońǵı kúni de tawıqlarǵa dán salǵanımda sarı tawıq dánge kelmedi. Bul meni úlken táshiwishke saldı. Úydiń ishi bolsa: «Tawıq bir jırtqıshqa jem bolǵan shıǵar» — dedi. Bul sóz meniń janıma ayazday battı. Sonsha kúnnen beri baǵıp júrgen tawıǵımnıń joq bolǵanına ózim de qıynaldım. Izinde tawıqtıń joqlawın asırdıq.

Bizler awılda turamız. Esiktiń aldında sırtı saz ılaydan islenip, qorshalǵan diywal bar. Biyikligi adam boyınan joqarı. Bul — malxana. Onıń ishi bastırmalı shertek. Malxana esiginiń oń qaptalında páskelteklew kishkene bólme bar. Bólmeniń ishi xojalıqqa kerekli zatlarǵa toltırılǵan. Bólmeniń basında jazda orılıp bawlanǵan jońıshqa bedesi gúdilengen.

Aradan úsh háptedey waqıt ótkende sarı tawıqtıń sol bólmeniń tóbesine jıynalǵan bedelerdiń túbinde júrgenin kórdim. Qasında bir topar shójeleri bar. Onı kórip quwanǵanımnan: — Sarı tawıq tabıldı! Sarı tawıq tabıldı! — dep baqırdım. Apam da sırtqa shıqtı. Usı waqıtta sarı tawıq bedeniń qasında ǵurq, ǵurq! — dep ses shıǵarıp shójelerine pármana bolıp júr edi.

Shójelerdiń aqshıl, sarı, qızǵısh úpik párleri

kóktegi quyash nurların ózlerine tarttırıp alǵanday sezildi maǵan. Shójeler anasın aynalshıqlap júr. Bunı kórip men de, apam da quwanıshqa bólendik.

Tawıq bólme basınan shójeleri menen túskisi keledi. Biraq, bunıń usılın tappay tur.

Apam maǵan: — Sen sarı tawıqtıń máyegin pisirip jey bergennen soń, qızǵanıp bedeniń arasına tuwǵan. Sol orında ǵurq basqan. Minekey, waqtı bolıp shójelerin shıǵarǵan. Endi sen tam basına záńgi menen minip, tawıqtı shójeleri menen birge bede arasındaǵı uyasına ayda. Sol jerde olardı qamashalap jerge alıp túseyik. Jerden qolaylı orın tayarlayıq. Shójeler sol orında ónip-óssin, — dedi.

Apam aytqanınday sarı tawıq shójeleri menen aman-esen jerge túsirildi. Tawıq ta shóje shıǵarıp jaqtı dúnyada ónip-óskendi jaqsı kóredi eken-aw!

*Xalmurat Saparov*

1. Tawıqlardıń qaysısı dánge kelmedi?
2. Balanıń úy ishi qalay oyladı?
3. Sarı tawıq qansha waqıttan soń tabıldı?
4. Anası balaǵa ne dedi?
5. Sizlerdiń tawıqlarıńız bar ma?
6. Shóje shıǵartıw ushın ne islew kerekligin ata-analarıńızdan sorap bilip alıń.

## Birewge — birew dos

Bir kúni sońǵı tánepiste balalar Shadlıqtıń tımtusınan asılıp ishpege-jemege janın qoymadı.

— Qáne, sende porsıq bar deydi. Íras pa?

— Íras.

— Onda nege bizlerge kórsetpeyseń?

— Há-á, mektepke alıp keliw kerek. Hámme kórsin!

— Mektebimizde janlı múyesh joq ǵoy.

— Meyli, joq bolsa ne? Porsıqtı bir múyeshke qoysań, sol janlı múyesh boladı, — dedi bir bala.

Shadlıqtı qorshaǵan balalar duw kúlip jiberdi. Sonıń arasında qońıraw qaǵıldı. Hámme klasqa kirdi. Balalardıń bári kewilli. Biraq, Shadlıq basın tómen salıp, Borkanı oylap otır. Sebebi, onıń menen keshe ǵana futbol oynay baslaǵan edi. Al, búgin «onı mektepke alıp kel, hámme kórsin» — dep atır. Bezigip ketpespe eken? Ele ol tek ózime ǵana, biziń úyge úyrengen ǵoy. Basqalardı jatırqap, qarasın kórsetpey keter sirá!— dep Shadlıq túrli-túrli oydıń basına bardı. Sol zamatta muǵallim taxtaǵa «Dúz haywanları», — dep jazdı da, balalarǵa túsindire basladı. Súwretlerdi kórsetti. Azdan keyin:

— Qáne, Shadlıq, sen bizge dúz haywanlarınan biletuǵınıńdı aytıp ber, — dedi.

— Ol porsıqtı biledi, — dep ǵawırlastı balalar.

Shadlıq buǵan úndegen joq. Ornınan tikke túrgeldi de, ornına bir qaradı. Balalardıń bári soǵan tigilgen edi. Muǵallim olardıń kewillerin bóldi.

— Meyli, porsıqtı aytsın... Porsıq — degen júni jıltır, sep-semiz, ózi qara maqluq boladı. Sút emiziwshilerdiń toparına jatadı, solay ma Shadlıq?

— Solay ... — dep Shadlıqtıń kózi kúldi. Porsıq haqqındaǵı sóz onıń oyın álle qayaqlarǵa alıp ketti. Keshe Borkanıń toptıń izinen tompań-tompań juwırǵanı, onı uslap alıp, aldınǵı tapal ayaqları menen bawırına basıp turǵanı, sóytip ózine qaray domalatıp jibergeni esine tústi:

— Porsıq, bul — tamasha haywan. Ádebinde jasqanshaq boladı. Soń-soń adamǵa, úyge úyrenip balpańlap júredi. Erkeleydi. Sút te ishedi, qant ta jeydi. Jatatuǵın ini boladı. Men oǵan at qoyıp, ózim menen oynawǵa úyrettim... — dedi.

— Bir óziń oynaǵannan, joldaslarıń menen qosılıp oynaǵan qızıq boladı, — dedi muǵallim. Onıń ústine porsıq ta kópshilikke úyrenedi. Sonnan keyin ol heshkimdi jatırqamaydı, oynay beredi, hesh-

kimnen qorıqpaydı, batır boladı. Sen ele de solay et, Shadlıq. Aqırı, bizler bir-birewimizge dos hám joldaspız. Hátte, úyretseńler porsıq ta balalar menen dos bolıp ketedi.

— Boladı. Men onı ábden úyretip alayın. Onnan keyin hámmemiz qosılıp oynaymız.

— Túri qanday óziniń?! — dep jabırlastı balalar.

— Qap-qara boladı. Jıp-jıltır, júnleriniń ushları gúmistey jılt-jılt etip turadı. Boyı pás. Tumsıǵı súyir. Turpatı top-tompaq, semiz, kóp uyqılaydı. Qıshqırsa yamasa sıńsısa, dawısı uwday ap-ashshı! — dep súwretledi Shadlıq Borkanı. Ol bunnan keyin de porsıǵın maqtap ketti. Hámme onıń awzına qarap ańqayıp, siltidey tınıp qaldı. Al muǵallim bolsa, onıń gúrrińine qızıǵıp, geyde kúlip, dıqqat qoyıp tıńladı. Sol zamatta qońırawdıń dawısı jańǵırdı. Jım-jırt otırǵan balalar shuwlasıp, ǵawırlasıp, dálizge shıǵıp úylerine tarastı.

*Óserbay Xojaniyazov*

1. Balalar nege Shadlıqtı kóp sorawǵa tuttı?
2. Shadlıq porsıq haqqında nelerdi aytıp berdi?
3. Oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## ÓTMISHSIZ KELESHEK JOQ

### Qaraqalpaq haqqında sóz

Márt Tumaris — massagettiń,
«Qırq qız»ınıń urpaǵıman
Perzentimen pechenegtiń,
Shóldiń qaraqalpaǵıman.

Qara taban, qara puqara,
Babam ǵaybar kisi bolǵan,
Kewli aq, qalpaǵı qara,
Jaw menen kóp isi bolǵan.

Attan qulap atırǵanda,
Qan maydanda súyep onı,
«Bir wásiyat aytıp ket onda»,
Dep soraptı onnan ulı.

Wásiyat eken al sondaǵı,
Aytıp ketken urpaǵına,
«Tır jalańash qalsańdaǵı,
Bek bol, balam, qalpaǵıńa!».

Qaraqalpaqlar sonnan baslap,
Qalpaǵı menen tuwılıptı,
Kóp zamandı artqa taslap,
Qalpaq sheshpey juwırıptı.

Kóp zamannıń ándiyshesin,
Kórse de kózi aǵarmaǵan,
Joǵaltsa da kóp nársesin,
Qalpaǵı hesh joǵalmaǵan.

*Ibrayım Yusupov*

1. Qosıqta qaraqalpaqlar haqqında ne delingen?
2. Usı qosıqtı oqıp, sizde qanday sezim payda boldı?
3. Muǵallimnen massaget, Tumaris hám «Qırıq qız» haqqında sorap bilip alıń.
4. Qosıqtıń qálegen 3 tobın yadlap alıń.

## Ótmishtegi qara úyler

Qoralardıń ishine qatara qara úyler tigiledi. Qıs ayları awıl adamları usı qara úylerdiń ishinde ómir keshiredi. Qıstıń qattı ayazlı keshlerinde qara úydiń



ortasındaǵi oshaqqa ot jaǵıladı. Ayazda tońǵan balalar ottıń shoǵına ısınadı. Qattı ayaz kúnleri balalar kúni menen sol oshaqtıń dógereginde boladı. Tún bolǵanda, jatar waqta úy ishiniń hámmesi kórpege tıǵıladı. Adamnıń demi menen japqan kórpeniń ernegine qıraw qatadı. Jas balalardıń kiyimi tek ǵana bir kóylekten ibarat boladı. Tunde kórpede jatqanda kóyleklerin sheship jatadı. Azanda balalar jalańash etine suwıq kóylekti kiyiwge jerkenip, apasına:

— Apa, kóylegimdi jılıtıp ber, — dep dawıslaydı. Miyirman ana balasınıń kóylegin janıp turǵan ottıń jalınına tutıp jılıtıp, balasına kiygizedi. Bala kóylekti kiyip alıp eki ayaǵın eki jaqqa kerip otqa abınıp otıra qaladı. Balanıń anası azanǵı pisirgen sútiniń qaspaǵın qırıp sherek gúlsheniń betine jaǵıp qoyadı. Onı ornınan turǵan balasına beredi. Birazdan keyin sáskelik jarma pisedi. Balalar sáskelik jarmanı ishkennen keyin biraz jılıǵanday boladı.

Qoranıń aldına quyash tússe bolǵanı jalań ayaq balalar quyashlamaǵa shıǵıp oynaydı. Kún batqannan keyin hámme jáne úyge tıǵıladı. Ortada janǵan ottıń, asılǵan úlken qara qazannıń dógeregine jıynaladı.

Ata-babalarımızdıń quwanısh hám qayǵısına sherik bolǵan bul qara úyler házirgi dáwirde de óz qádirin joǵaltqan joq.

*Qallı Ayımbetov*

1. Ata-babalarımız qıs kúnleri qara úylerde qalay kún keshirgen?
2. Sol waqıttağı balalardan sizlerdiń qanday artıqmashlığıńız bar?
3. Qara úydi óz kózińiz benen kórdińiz be?
4. Táriyiplep beriń, yaki muğallimnen járdem sorań.
5. Klasıńız benen tigiwli turğan qara úydi tamashalawğa sayaxatqa barıń.

## Túrkstandı tıńlasam

Babam qonıs basqan jer,
Tariyx tolı dástan el,
Talay tolıp tasqan jer,
Shejireńdi tıńlasam.

Talay palwan ayqasqan,
Birin-biri shayqasqan,
Ne ótpegen bul bastan,
Ótkenińdi tıńlasam.

Jerińde kóp jazıq bar,
At aylanğan qazıq bar,
Ada bolmas azıq bar,
Betlerińdi tıńlasam.

Dúldúldeyin el atlap,
Talay-talay jer atlap,

Ushqandayman qanatlap,
Túrkstandı tıńlasam.

*Keńesbay Allambergenov*

1. Qosıqta ne haqqında sóz boladı?
2. Siz óz tuwılǵan jerińizdiń tariyxın qanshelli bilesiz?
3. «Túrkstan, dúldúl» sózleriniń mánisin muǵallimnen sorap, bilip alıń.
4. Qosıqtı tásirli etip oqıń.

# 9-MAY — ESKE TÚSIRIW HÁM QÁDIRLEW KÚNI




## 9-may

Qaplap kelgen qara bulttıń,
Jolın ashqan bayramımsań,
Qara jılan, qara qurttıń,
Qanın shashqan bayramımsań!

Jawdan qaytpas biziń bilek,
Biz jeńemiz degen tilek.

Orınlanǵan jeńis kúni,
Shadlanbasın nege júrek.

Bayramlayman búgin seni,
Óytkeni, sen jeńis kúni.
Endi aylanıp kelgeninshe,
Saǵınaman kúni-túni.

Dushpannıń tanabın qıydıń,
Shın júrekten seni súydim.
Ólgenimshe umıtpayman,
Qıyınlıqta kózge tiydiń.

Isi haqtıń jeńisi haq,
Biziń jumıs jeńis tappaq.
Oylan xalqım, górqaw aqmaq,
Jerde turıp ayǵa shappaq.

Xalqım súygen bayramımsań,
Jeńis kúni sayranımsań.
Tiygen jawǵa soqqı berip,
Shıǵarǵanday oyranın sen.

Sol kúni pitti ármanım,
Jawdı jeńip qaharmanım.
Xalqın qorǵap ǵamxor boldı,
Qaharmanlarım, mehribanım.

*Abbaz Dabılov*

1. 9-may — qanday kún?
2. Shayır bul kúndi qalay táriyipleydi?
3. Sizler bul kúndi qalay belgileysiz?
4. Qosıqtıń sońǵı úsh tobın yadlap alıń.

## Onday urıs bolmaǵay!

Men Ekinshi jer júzilik urısqa 1942-jılı Nókis qalalıq áskeriy komissariatı tárepinen shaqırıldım. Sol waqıtta 21 jasta edim. Belgili tayarlıqtan soń jawınger bolıp sawashqa qatnastım. Bul waqıtta dushpanlar Stalingrad qalasın basıp alıw ushın barlıq kúshin salıp atır eken.

Sawash júdá awır boldı. Eki jaqtan da qurbanlar boldı. Men dushpan oǵınan jaralanıp gospitalda emlendim.

Bunnan basqa da Polsha, Litva jerlerin basqınshılardan azat etiw ushın bolǵan sawashlarǵa qatnastım. 1945-jıldıń basında Varshava qalasınıń shıǵıs tárepinen Visla dáryasınan ótken jerde — qalıń toǵaylıqta qattı sawash baslandı. 17-yanvar kúni biziń kúshimizge dushpanlar tótepki bere almay, tiri qalǵanları keyin shegindi.

Dushpan aymaǵına kirip barǵanımızda olar ańsatlıq penen keyinge sheginbedi. Úlken soqqıǵa ushırap, kóplegen áskerlerinen, qural-jaraqlarınan ayırıldı. Bizden de shıǵınlar boldı.

Alǵa ilgerilep baratırǵan 1-rotadan 49 jawınger nabıt boldı. Rotanıń komandiri maǵan buyrıq berdi:

— Qasıńa bir áskerdi alıp, zámber menen nabıt bolǵan áskerlerdiń arasında jaralanǵan, tiri qalǵanlardı alıp qaytıń! — dedi.

Men iske kiristim. Qurban bolǵanlardı kózden ótkerip kiyatırsam, bir jawıngerdiń qıynalıp, ıńırsıp atırǵanın kórdim. Betine úńilsem burınnan tanıytuǵın qońıratlı qatardaǵı ásker Mátjan Jumaniyazov eken. Sóyley almaydı. Jarasın tańıp, zámberge jatqızıp qurban bolǵanlardıń arasınan alıp shıqtıq. At arbaǵa salıp, dala gospitalına jiberdik. Keyin bilsem, ol sol gospitalda qaytıs bolǵan eken.

Meniń ózim sawashta 3 ret jaradar bolıp, gospitalda emlenip, 1946-jılı Nókiske qaytıp keldim. Paraxat turmısqa aralastım.

Qımbatlı ul-qızlarım! Onday urıs endi qaytıp tákirarlanbaǵay! Aspanımız hámiyshe ashıq bolsın!

*Mırzabay Ótegenov*

1. Gúrrińde urıs qalay súwretlengen?
2. Gúrrińdi oqıǵanıńızda ózińizdi qalay sezdińiz?
3. Neler haqqında oyladıńız?
4. Urıs jılları menen házirgi dáwirdi salıstırıń.
5. «Biz — paraxatshılıq perzentlerimiz» degen temada gúrrińlesiw ótkeriń.

## Fronttan xat

Sálem sizge baxıtlı el,
Batır tuwǵan qaraqalpaq,
Perzentińmen — fronttaman,
Biz jeńemiz, isimiz haq!

Men frontqa barǵan kúni,
Qaq maydanda qızdı sawash,
Jıldırımday jalt-jult etip,
Oqtıń otı kúydirdi shash.

Belde qarıw, qolda qural,
Sizlersiz — bizge qorǵan,
Sizler ushın, baxıt ushın,
Men ırzaman bolsam qurban!

Jawdı jeksen etemiz biz,
Jasaysań sen Ana-Watan!
Maqsetlerge jetemiz biz,
Azat bolar pútkil jáhán!

*Jolmurza Aymurzaev —*
*Ekinshi jer júzilik urıs qatnasıwshısı*

## Naqıl

Jaqsı perzent — súyinish,
Jaman perzent — kúyinish,

Naqıldı yadlap alıń.

## Veteran

Meniń atam veteran,
Sózler aytar uzaqtan,
Qural alıp qolına,
Fashist penen urısqan.

Jetpistiń asqar tawında,
Quwnaq ele ol shaqqan,
Aytadı jas gezinen,
Miynet penen shınıqqan.

Kóp sózlerin esittim,
Etiksiz de suw keshken,
Dushpan menen alısıp,
Berlinge de ol jetken.

Geyde sózin atamnıń,
Doslarıma aytaman,
Birge ertip hárdayım,
Sóz tıńlatıp qaytaman.

*Genjebay Júginisov*

1. Qosıqta ne haqqında aytılǵan?
2. Veteran atalardan kimlerdi tanıysız?
3. Ata-analarıńızdan urıs haqqında sorap bilip alıń.
4. Qosıqtı yadlap alıń.

## «Álipbe»niń tuńǵısh avtorı

Seyfulǵabit Majitovtıń milleti tatar. Ákesi Majit bala-shaǵası menen 1880-jılı Qaraqalpaqstanǵa kóship keledi. Olar Tallıq dáryasınıń boyındaǵı Qúlen bolıs awılına jaylasadı.

Jas Seyfulǵabit sawatlı bolǵanı ushın Qúlen bolıstıń xatkeri boladı. Bul waqıtta ol ullı shayır Berdaq penen ushırasadı.

1920-jılı Xiywadaǵı muǵallimler tayarlaw kursında bilim aladı.

Ol 1925 — 26-jılları Tashkent qalasında bolıp, qaraqalpaq mekteplerine arnap sabaqlıqlar jazadı.

Seyfulǵabit qaraqalpaq xalqınıń tariyxında tuńǵısh ret qaraqalpaq tilinde «Álipbe» hám «Oqıw» kitapların jazdı. Bul sabaqlıqlar qaraqalpaq ul-qızlarınıń sawat ashıp, bilim alıwına imkaniyat jarattı.

Sonday-aq, sol dáwirdegi jası úlkenlerdiń sawat ashıwı ushın «Egedeler sawatı» atlı kitabın shıǵardı.

Demek, házirgi waqıttaǵı sizlerdiń qolıńızdaǵı sabaqlıqlarǵa Seyfulǵabit Majitov tiykar salǵan eken.

Súyikli «Álipbe»mizdiń tuńǵısh avtorı máńgi yadımızda saqlanadı.

*Qallı Ayımbetov*

Gúrrińdi oqıp, mazmunın aytıp beriń.

## Álipbe

«A» háripten úyretip,
Háriplerdi dizdirip,
Bilmegendi bildirip,
Úyretkenseń «Álipbe».




«Ata» degen bul sózdi,
«Ana» degen bir sózdi,
Sen bolmasań uǵa almas,
Úyretpeseń «Álipbe».

Seyfulǵabit atamnıń,
Miyneti sen dáslepki,
Onı húrmet etemiz,
Sen turǵanda «Álipbe»,

Jetpis jıldıń ishinde,
Tiykar boldıń bilimge.
Ul-qızlarıń ózińe,
Alǵıs aytar «Álipbe»,

Jetpis jasqa shıǵıpsań,
Jetkinshekler izińde,
Torqalı bul toyıńda,
Tórde otır «Álipbe»,
Toylayıq biz «Álipbe».

*Genjebay Júginisov*

1. «Álipbe»niń tuńǵısh avtorı kim?
2. Sizler «Álipbe»den nelerdi úyrendińiz?

3. «Oqıw kitabı»nan nelerdi úyrenip atırsız?
4. Tekstti oqıp, túsingenińizdi aytıp beriń.
5. Házirgi sabaqlıqlardıń avtorların bilip alıń.

## Estelik qasında

Estelik qasınan ótemen kúnde,
Qarayman jan-jaqqa, otırar ana,
Kózinde jas, áste qoyar gúldáste,
Sóylesip ol jawınger menen ǵaybana.

Estelik qasında lawlaydı jalın,
Hár kúni adamlar kelip kóredi,
Sebebi, ol Watan ushın jan bergen,
Máńgi tiri insanlardıń júregi.

Atalar erligin eslep máńgige,
Bas iyip ótemiz húrmetlep bunnan,
Tınıshlıqtı qorǵaymız jerdiń júzinde,
Jawıngerler ruwxın shad etip mudam.

*Sh. Atamuratova*

1. Estelik kimlerge ornatılǵan?
2. Sizler «Hásiretli ana» esteligine barıp kórdińiz be?
3. Qosıqtı túsinip oqıń hám mazmunın sóylep beriń.

## Paraxatshılıq jasasın!

Há, aqlıǵım, aqlıǵım,
Nege maǵan qaraysań,
Qarap turıp ózińshe,
Bir nárseni soraysań.

Mańlaydaǵı tırtıqqa,
Názerińdi salasań,
Aytayın balam, aytayın,
Bunı mennen sorasań.

Urıs salǵan jaranıń,
Izi shıǵar kóringen,
Sawashqa men qatnastım,
Alıs ketip elimnen.

Ayta bersem jan balam,
Dushpan menen ayqastım,
Basıp kirgen dushpanǵa,
Qarsı turıp oq attım.

Dushpannan kórgen azaptıń,
Bir belgisi usı ǵoy,
Dushpan oǵı tiygen jer,
Mańlayımnıń tusı ǵoy.

Ayta bersem jan balam,
Sawashtıń kóp azabı,

Júrek tórin qozǵap tur,
Qıyın bolıp sol jaǵı.

Kóz aldımnan ketpey tur,
Alıstı gezip oylarım,
Dushpan oǵına tap bolǵan,
Eske túsip doslarım.

«Urıs bolsa, turıs joq»,
Túr-túsime qarama,
Tańlanba balam, tańlanba,
Urıs salǵan jarama.

Paraxatshılıq jasasın,
Degen sózdi aytayıq,
Xalıqlar menen birlikte,
Doslıqta máńgi jasayıq!

*Qalıy Jumaniyazov —*
*Ekinshi jer júzilik urıs qatnasıwshısı*

1. Ata aqlıǵına nelerdi túsindirdi?
2. Ǵarrı kimlerdi kóz aldına keltirdi?
3. Qosıqtıń mazmunın túsinip oqıń.
4. Qosıqtıń úsh tobın yadlap alıń.

# SÚYEMIZ SULÍW JAZDÍ BIZ



## Jaz kelgende

Jaz kelgende jadırap,
Qulpı dóner átirap,
Jaz kórkine toymaymız,
Shınıǵamız, oynaymız.

Jaylawlarǵa baramız,
Onda shopan atamız,
Úyretedi ónerdi,
Buzaw, qozı baǵamız.

Bolamız dárya boyında,
Úlkeniń oy-qırında,
Bizdey bolıp shadlanıp,
Kimler júrgen burında?!

*K. Aymanov*

Qosıqtı tásirli oqıń.

## Jaz kewilli

Kúlip turǵan jadırap,
Kók lipas kiyip átirap,
Kózler, qızar toymas qarap,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

Suwlarǵa tolı salmalar,
Boyında júzim, almalar,
Úy aldında ǵul ırǵalar,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

Baslansa geybir egisler,
Pisip turar kóp jemisler,
Islegiń kelse kóp isler,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

Arttırsam dep ónimlerin,
Miynet etip tógip terin,

Kúter diyxan eginlerin,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

Malǵa tolı jaylaw bári,
Tikireyisip qulaqları,
Oynar qozı-ılaqları,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

Oqıwshılar dem alısta,
Sayaxatta bolar jolda,
Kim lagerde, kim awılda,
Júdá sulıw, jaz kewilli.

*Saǵıydulla Abbazov*

1. «Kók lipas kiyip átirap» degen qatardıń mánisin muǵallimnen sorap alıń.
2. Qanday gúllerdi bilesiz?
3. Jazda awılǵa barıp kórdińiz be?
4. Jazǵı dem alısta qayda barasız?
5. Jazǵı dem alısta ádebiy kitaplar oqıń.
6. Qosıqtı yadlap alıń.

## Quslar qaytıp keledi eken

Jazǵı demalıs kúnleri edi. Bir kúni Nurpolat ekewimiz tuńǵısh mártebe qarmaq salıwǵa kólge bardıq. Suwǵa qarmaǵımızdı taslaǵanımız sol, bir

waqıtları meniń qalqımnıń ushı qıymıldap, birden batıp-shúmip ketti. Qarmaqtı dárhal joqarı kóterdim.

— Yasha, belamur! — dep birden quwanıp qoya berdim.

— Nurpolat, há Nurpolat, mınaw nám-náhán eken!

— Tınısh! — dedi ol áste-aqırın alaqanı menen awzın basıp.

— Balıqlardı úrkitip jibereseń.

Aradan biraz waqıt ótti. Qarmaqqa bir de balıq qappay-aq qoydı...

— Seniń aytqanıń keldi, — dedim oǵan.

— Ne ushın?

— Balıqlardı úrkitip alǵan ekenbiz.

Sol kúni talabımız ońǵarılmay, qamıslıqtıń arası menen awılǵa qaytıp kiyatırǵanımızda kútpegende shúykildegen bir nárseniń sesti shıqtı.

— Palapan, — dedi Nurpolat, — tap ǵazdıń palapanınıń dawısına uqsaydı.

Sonıń arasınsha bolmay-aq jańaǵı dawıs tap qulaǵımızdıń túbinde esitilgendey boldı.

— Men uslayman, — dep Nurpolat onıń izine shuńqıyıp tústi. Palapan gá oyaqqa, gá buyaqqa júzip tuttırmay-aq qoydı. Zorǵa degende men onı birinshi bolıp tutıp aldım. Jolda kiyatırıp ǵazdıń palapanı ushın uyanı úyde soǵıwǵa kelistik. Úyge

kelgenimizde apam bizlerdiń uya soǵıp atırǵanımızdı kórip qoyıp, baqıra basladı.

— Jabayı ǵazdıń palapanı binay ómirinde qolǵa úyrenbeydi, — dedi ol.

— Apa, bizler onı sózsiz qolǵa úyretemiz, isene ber, — dep men shıdamsızlana basladım.

Aqırında apam bizlerge kelisim berdi.

...Kúnler izinen kúnler ótti. Palapan «temir qanat» bolıp, maǵan ábden úyrenip qaldı. Izimnen bir eli qalmay, balpańlap erip júretuǵın boldı.

Gúz máwsimi keldi. Qublaǵa qaray sap tartqan quslardıń dizbegi kún sayın kórinip turar edi. Bul waqıtları palapan úp-úlken bolıp ósip qalǵan edi. Geyde ol kókke tigilip erte azan menen «ǵańq-ǵańq» etip shaqıratuǵın ádetti shıǵardı.

Bir kúni mektepten qaytıp kiyatırǵanımızda bir topar kishkene balalar:

— Ǵazıń ushıp ketti! Ǵazıń ushıp ketti, — dep aldımnan juwırısıp shıqtı. Men úyge qaray quyınday ushıp kettim. Úyge kelsem temir tordıń esigi ashılıp qalıptı. Ishindegi ǵaz joq. Júregim suw ete qaldı. Biraq ta, bunı men apama aytıwǵa qorıqtım.

Erteńine mektepke barǵanımda múgallim or-nımnan turǵızıp:

— Sharapatov, nege mánisiń joq, awırıp otırǵanıń joq pa? — dep soradı.

Men juwap beriwdiń ornına kózime jas alıp, tómen qaradım. Usı waqıtları Nurpolat ózin irkip turalmay:

— Men aytayın muǵallim, — dep qolın kóterdi hám bolǵan waqıyalardıń barlıǵın aytıp berdi. Balalar bolsa, buǵan awızların ashıp, tań qalısıp qaldı.

— Dáwran, — dedi muǵallim bir waqıtları, — hesh qapa bolma. Quslar álbette óz mákanına qaytıp keledi.

Sońınan muǵallim bizlerge «Quslar — biziń dostımız» degen temada taza sabaqtı túsindirdi. Mine usınnan keyin meniń kewlimde isenim nıshanı payda boldı.

*Kewlimjay Pazılbekov*

1. Balalar kólden ne uslap aldı?
2. Balalar ǵazdı ózine qalay úyretti?
3. Oqıp, mazmunın sóylep beriń.

## Xosh bol, ana — mektebim!

Ustazımız harmasın,
Kewlińe shadlıq ornasın.
Bilimlerdiń arnası, —
Xosh bol, ana-mektebim!

Kepter sharlap aspanda,
Quwandırsın jas jandı,
Dem alısım baslandı,
Xosh bol, ana-mektebim!

Oqıp óstim denim saw,
Ármanlarım asqar taw,
Qaǵıldı sońǵı qońıraw
Xosh bol, ana-mektebim!

Sabaǵımnan alıqpan,
Kúnlerim joq jalıqqan,
Bawır basıp qalıppan,
Xosh bol ana-mektebim!

Baǵında quslar sayraydı,
Kógińde quyash jaynaydı,
Ketiwge kózim qıymaydı.
Xosh bol, ana-mektebim!

Shashıma bantik baylayman,
Gúldey bolıp jaynayman,
Quwanaman, oynayman,
Xosh bol, ana-mektebim!

Ilim sheksiz ne degen,
Oqısam barıp bilemen,

Sentyabrde kelemen,
Xosh bol ana-mektebim!

*Xalmurat Saparov*

1. Bıyılģı oqıw jılıńız qalay ótti?
2. Qanday bahalar menen juwmaqlap atırsız?
3. Kelesi oqıw jılına nelerdi rejelestirip atırsız?
4. Qosıqtı túsinip oqıń, mazmunın sóylep beriń.

## Úsh tapsırma

Jaz kelgende mekteplerde oqıw jılı juwmaqlandı. Oqıwshılar jazģı dem alısqa shģıwģa tayarlandı. Muģallim olarģa úsh tapsırma berdi.

— Gúzge shekem ata-analarıńızdan terek tigiwdi, jiplerdi trubaģa yaki aģashqa tez, muqıyatlap baylawdı, galstuk baylawdı úyrenip keliń. Jańa oqıw jılında jarıs ótkeremiz.

Mırzabek atasınan aq terek qálemshesin egiwdi úyrendi. Kempir apası jiplerdi qolına alıp:

— Sıyırdıń bas jibin qazıqqa «gúrmek shalıp» baylaysań, sonda sıyır oralmay, aynalıp turadı. Buzawdıń bas jibin kelte etip, «qazıq baw shalıp» baylaysań. Ol anasın emip qoymawı kerek. Al ayaģıńdaģı botinkańnıń bawın «Shalıp» baylaysań, uzın etip baylasań oralıp jıģılasań. - dep jip

baylawdıń úsh túrin qayta - qayta kórsetti. Aǵası Mırzabekke galstuk baylawdı kóp mashaqat penen úyretti. Gúzde mektepte jigirma túp aq terek nálin bir qarıqqa shanshıp tigiw, jip baylaw, galstuk baylaw boyınsha jarıs ótkerildi.

Jarıs júda qızıqlı boldı. Keńesbay aq terek qálemshesin jerge teris qaratıp tıǵıp shıqtı. Qayıp nállerdi júdá jiyi tikkenne soń, jartı jarıǵı bos qaldı. Marattıń baylaǵan jipleri sheshilip kete berdi. Izbasardıń jipleri shiyelenip, kelterip qaldı. Balalardıń bári de galstukti durıs baylap bilmeydi eken.

Mırzabek aq terek náliniń búrtigin joqarı qaratıp, bir adımnan tikti. Jiplerdi gúrmek shalıp, qazıq baw shalıp kórsetti. Sport krasovkasınıń bawın shalıp bayladı. Muǵallimniń galstugin jazdırıp, qaytadan sup - sulıw etip taǵıp berdi. Úsh tapsırmanı da durıs orınlaǵan Mırzabek jarısta jeńimpaz boldı.

Al, balalar sizler galstuk baylap, arqandı gúrmek shalıp bilesiz be?

*Jumaniyaz Óteniyazov*

1. Muǵalim jazǵı dem alısta nelerdi úyrenip keliwdi tapsırdı?
2. Balalar tapsırmanı umıtıp ketken be, yaki itibarsızlıq penen qaraǵan ba?
3. Sizler de ata-analarıńızdan usı ush tapsırmanıń orınlanıwın úyrenip alıń.

# MAZMUNÍ

Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik Gimni ......3
Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Mámleketlik Gimni .....4

## 1-SENTYABR — ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ ǴÁREZSIZLIK KÚNI

## ULLÍ HÁM MUQADDESSEŃ, ǴÁREZSIZ WATAN!

Watan táriypi. X.Dáwletnazarov ...........................6
Ózbekstan haqqında qosıq. T. Qabulov ................7
Mektebim meniń. Q. Jumaniyazov. .......................8

## JAYNA, JASNA — ÁZIZ WATANÍM

Qaraqalpaqtıń. T.Qabulov. ....................................9
Gúlistan elim. K. Elmuratov. ...........................10
Watanım, seni jırlayman. K.Raxmanov. ...............11
Watanım. X. Saparov.........................................12
Meniń xalqım. Ó.Sársenbaev. ............................13
Sen degende... I.Yusupov. ................................14
Nókisim. A.Seytjanov. .......................................15

## GÚZ KELSE TÁBIYAT ALTÍN NUR SHASHAR

Gúz. T.Seytjanov. ............................................17
Shaqmaqlanǵan ǵarbızlar. A.Ábdiev. ...................17
Paxta. Á.Shamuratov. .......................................24
Tuqımlar. U.Sadıqov. .......................................24
Nan — shiyrin, nan — mazalı. B.Qazaqbaev. .......25

## 1-OKTYABR — USTAZLAR KÚNI

Ustazıma. G. Pirnazarova. ....................................26
Bilimniń saǵa bulaǵı. X.Seytov. ........................27
Gúzdiń káramatı. ..............................................28
Meniń ákem diyxan edi. Q.Jumaniyazov..............31

## BALALÍǴÍM — PATSHALÍǴÍM

Baxıtlı balalıq. N.Muwsaev. ................................33
Namıs. Á.Xalmuratov. .........................................34
Qıńırlıq. K.Aymanov. ..........................................36
Qulp nege buzıldı. Ya.Ájimov. ............................37
Qus balası «Q». T.Mátmuratov. ...........................39
Hújdan. ...................................................................40
Ádepsiz bolǵım kelmeydi. X.Saparov. ..................42
Umıtshaq. A.Óteniyazova. ...................................43

## INSANIYLIQ PAZIYLETLER.

Atası menen aqlıǵı. A.Seytjanov. ........................46
Altın balıq. A. Abdiyev. ......................................47
Ómir gózzallıǵı. Á.Atajanov. ..............................50
Jumbaq qosıq. Á.Xalmuratov. ..............................52
Úmiydanıń tawıqları. Z.Ishmanova. ....................53
Suq qollı balalar. X.Saparov. ..............................55
Aǵalarım. G.Nurlepesova. ...................................57
Hadallıq. X.Saparov. ...........................................59

## XALÍQ AWÍZEKI DÓRETPELERI

Jaqsılıqqa jaqsılıq. (ertek). ...,,........................61
Hiyleker qoraz. (ertek). .....................................63
Maqtanshaq qasqır. (ertek). ................................65
Bódene hám túlki (ertek) ....................................67

Úsh tuwısqan. (ertek). ....................................71
Naqıl-maqallar.................................................74
Jumbaqlar.........................................................76
Jańıltpashlar.....................................................77
Ana tilim. Á.Xalmuratov. ....................................78

### ÁPSANALAR

Duz. ...............................................................78
Pıshıqlar ne sebep tamaq jep bolıp juwınadı? .....79

### KÚLDIRGI SÓZLER

Sınap kórmekshimen. ..........................................80
Ómirbek laqqınıń sózleri. ...................................81

### KONSTITUCIYAM — ALTİN NİZAMİM

Ózbekstan Konstituciyası kúnine. K.Raxmanov. .....82
Biz dáwirdiń urpaqları. M.Qarabaev. ..................83

### QÍS KÓRINISI

Gúz sońınan qıs keler. J.Izbasqanov. ..................85
Qar jawǵanda. Z.Ishmanova. ..............................86
Qızıl botinka. Z.Shúkirov. ..................................88
Jańa jıl yolkasında. B.Qaypnazarov. ...................91
Jańa jıl tilekleri. A.Seytjanov. .............................93
Jańa jıl. Z.Zamatdiynov. .....................................95
Sportshı. A. Xalmuratov. .....................................96
Shana. Á.Atajanov. .............................................97
Muzdaǵı oyın. Á.Xalmuratov. ...........................101

### 14-YANVAR — WATAN QORǴAWSHÍLARÍ KÚNI

Qorǵayman. Z.Zamatdiynov. ...............................107

Degeley. T.Tóremuratov. ....................................108
Hasla urıs bolmaydı. Á.Xalmuratov. ..................111

## ULLÍLARDAN ÚYRENEMIZ

Dosnazarov kelgende. Q.Ayımbetov. ......................112
Sizge tájim, Ana-jer! A.Oteniyazova. ..................114
Bul kim balalar? S.Ziyawov. ..............................115
Atadan tálim alamız. K.Sultanov. .......................117
Atamnıń aytqanları. B.Seytaev. ........................118

## JAMANNAN QASH, JAQSÍǴA JANTAS

Ádilbektiń ádeti. A.Seytekov. .............................119
Azıp qalǵan kúndeliktiń arızı. G.Pirnazarova.......120
Sawǵa. A.Aqnazarov ..........................................122
Ármanlarım. K.Aymanov. ....................................124
Gerbish. M.Nızamov ..........................................125
Partanı sızǵan bala. Z.Ishmanova. .....................127
Mektebim K.Seydanov ........................................128

## ARALÍMNAN AYÍRMA

Balam-ay. G.Nurlepesova. ...................................128
Aǵam aytqan áńgime. Q.Baetov. ........................130
Isenemen buǵan men! G.Pirnazarova....................131
Aralımnan ayırma. S.Ziyawov. .............................132
Qara qozı. J.Ábdreymov......................................134

## KÓKKE BÓLEP TÁBÍYATTÍ, BÁHÁR KELDI

Báhár keldi. S.Pirjanov. ...................................138
Uya sırı. Z.Ishmanova.........................................139
Báhár quyashında. S.Nurımbetov. .....................141

**BAYRAM MÚBÁREK, ÁZIZ ANALAR!**

Ana. I.Yusupov....................................................143
Apam jaqsı. S.Abbazov.........................................144
Shıńqobız. Ó. Sársenbaev..................................146
Ómirimniń gúliseń — ana. G.Pirnazarova. ........149
Jıllar. S.Abbazov. ..............................................150
Ópepek. M.Mátekov. .........................................154
Báhár. I.Yusupov. ..............................................155
Analıq hújim. S.Saliev. ....................................157
Nurgúl hám búlbúl. U.Sadıqov. .......................159

**ÁSSALAM NAWRÍZÍM — BÁHÁR ÁYYAMÍ!**

Ullı áyyam. X.Saparov.........................................162
Nawrız xabarı. N.Muwsaev....................................163
Súmelek. T.Qabulov..............................................165
Qasharmannıń qızıǵı.B.Seytaev. .........................166

**1-APREL — KÚLKI KÚNI**

Isbilermen. M.Nızanov. ......................................167
Qısqa gúrrińler R.Ernasheva...............................170
Kózáynek..................................................................171

**BAXTÍMNÍŃ QUYASHÍ — KONSTITUCIYAM**

9-aprel —Qaraqalpaqstan Respublikası
Konstituciyası kúni ........................................172
Baxtımız nızamı. J.Óteniyazov. .........................172
Ǵárezsizlik ǵumshaları. X.Saparov.......................173

**ANA TÁBIYATTÍ QÁSTERLEYIK!**

Awıl baǵı. Á.Atajanov. ..................................175
Haywanlarǵa da ǵamxorlıq kerek. A.Óteniyazova....177

Sarı tawıq. X.Saparov........................................178
Birewge-birew dos. Ó.Xojaniyazov. ....................181

## ÓTMISHSIZ KELESHEK JOQ

Qaraqalpaq haqqında sóz. I.Yusupov....................184
Ótmishtegi qara úyler. Q.Ayımbetov...................185
Túrkstandı tıńlasam. K.Allambergenov..................187

## 9-MAY — ESKE TÚSIRIW HÁM QÁDIRLEW KÚNI

9-may. A.Dabılov. ............................................189
Onday urıs bolmaǵay. M.Ótegenov. ..................191
Fronttan xat. J.Aymurzaev. ..............................193
Veteran. G.Júginisov. .......................................194
«Álipbe» nıń tuńǵısh avtorı. Q.Ayımbetov. ......195
Álipbe. G.Júginisov. .........................................196
Estelik qasında. Sh.Atamuratova. ........................197
Paraxatshılıq jasasın. Q.Jumaniyazov. ..............198

## SÚYEMIZ SULÍW JAZDÍ BIZ

Jaz kelgende. K.Aymanov. .................................200
Jaz kewilli. S.Abbazov........................................201
Quslar qaytıp keledi eken. K.Pazılbekov. ............202
Xosh bol, Ana — mektebim. X.Saparov. ............205
Úsh tapsırma J.Óteniyazov ............................207

**BAEKESH QÁLIMBETOV, JÍǴAGÚL USPANOVA,
XÚRLIXAN ABDIJABBAROVA**

# OQÍW KITABÍ

**3-klass ushın sabaqlıq**

*qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2016*

| | |
|---|---|
| Redaktorları | *G. Pirnazarova* |
| | *B. Zivarova* |
| Operator | *T. Qosnazarov* |
| Xudojnigi | *A. Jarimbetov* |

Original-maketten basıwǵa ruxsat yetildi 06.06.2016-j. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$. Ofset qaǵazı. Kegl 15. Tip «School» garniturası. Ofset usılında basıldı. Kólemi 13,5 baspa tabaq, 15,79 shártli baspa tabaq, 7,56 yesap baspa tabaq. Buyırtpa № Nusqası 12409 dana.
Original-maket «Qaraqalpaqstan» baspasında tayarlandı.
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen baspa xızmeti menen shuǵıllanıw ushın 2008-jıl 30-sentyabrde Al №114 **licenziyası** berilgen.
«Qaraqalpaqstan» baspası, 742000. Nókis qalası. Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Baspa sóz hám xabar agentliginiń «O'qituvchi» BPDÚ de basıldı.
Tashkent qalası, Yunusabad massivi, Yangishahar kóshesi, 1.

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| № | Oqıwshınıń ismi, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası | Sabaqlıqtıń qaytıp tapsırılǵan-daǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qol tańbası |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegishe bahalawǵa muwapıq toltırıladı.**

| | |
|---|---|
| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| Qanaatlanarlıq | Muqaba jazılǵan, bir qansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırmaydı | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsızlıq ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |